देशक गप गामक भाषा मे

समदिया मिथिला

समदिया मिथिला

देशक पहिल मैथिली दैनिक

रवि

01 नवंबर, 2026

पटना

कार्तिक, कृष्ण पक्ष, सप्तमी, संवत् : 2083

RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 17, अंक : 52 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com मूल्य : 4:00



एक नजरि

समस्तीपुर मे चारि लाख टाका लेल किसानक हत्या

समस्तीपुर : जिलाक भागीरथपुर गाम मे शनिदिन भोर एकटा किसानक चक्कू मारि हत्या कए देल गेल। मृतकक पहिचान जूट मिल गाढ़ा वार्ड-4 निवासी अजीत कुमार सहनी (48) रूपें भेल अछि। जमीन आ टाकाक विवाद मे हत्या कयल गेलाक आरोप अछि। मृतकक बेटा राहुलक कहब अछि जे चारि साल पहिने हुनकर पिता गामक झगरू सहनी कें दू कट्ठा जमीन लेल चारि लाख टाका देने छलाह। छह मास मे जमीन रजिस्ट्री करबाक समझौता भेल छल, मुदा आरोपित ने जमीन लिखलक आ ने टाका लौटेलक। शनिदिन टाका देबाक बहन्ने बजा हुनकर पिताक चक्कू सं हमला कए हत्या कए देलक। पुलिस मामिलाक जांच कए रहल अछि।

लिफ्ट देबाक बहन्ने छात्रा सं दुष्कर्म, बेहोशीक हालति मे सड़क कात छोड़ि आरोपित फरार

शेखपुरा : बिहारक शेखपुरा मे लिफ्ट देबाक बहन्ना बना एकटा नाबालिग छात्रा सं कार मे दुष्कर्म कयल गेल। बाद मे आरोपित छात्रा कें बेहोशीक हालत मे सड़क कात छोड़ि फरार भए गेल। घटना शुक्रदिन सांझक अछि। एसडीपीओ डॉ. राकेश कुमारक अनुसार, छात्रा आरडी कॉलेज मोड़ पर कोचिंग कए घर जेबाक लेल ठाढ़ छल। तखने जखराज स्थान निवासी अमृत कुमार उर्फ अमित कुमार स्कॉर्पियो सं पहुंचल आ घर छोड़बाक प्रस्ताव देलक। परिजन सं फोन पर बात करबाक शर्त रखलाक बादो छात्रा ओकर भरोसा कए गाड़ी पर बैसि गेली। आरोपित ओकरा सुनसान मदारी रोड लए जा दुष्कर्म कयलक आ पचना गामक लग छोड़ि देलक।

एमएलसी चुनाव मे हारिक बाद जदयू मे घमर्थन देवेशचंद्र ठाकुर कहलनि, एनडीए नेताक मोन साफ नहि

- बैद्यनाथ प्रसाद भीतरघातक आरोप कें कयलनि खारिज
- अभिषेक झा अपन तुलना महाभारतक अभिमन्यु सं कयलनि

सीतामढ़ी, समदिया

तिरहुत स्नातक एमएलसी चुनाव मे एनडीए प्रत्याशी अभिषेक झाक हारिक बाद गठबंधनक भीतरी राजनीति खुलि कए सामने आबय लागल अछि। चुनाव प्रचारक दौरान एकजुटताक संदेश देनिहार एनडीए नेता सभ आब हारिक कारण कें लए अलग-अलग दावा कए रहल छथि। एहि बीच जदयू सांसद देवेश चंद्र ठाकुरक बयान आ भाजपा विधायक बैद्यनाथ प्रसादक जवाब सं राजनीतिक विवाद तेज भए गेल अछि।



किछु लोकक मोन साफ नहि छल

जदयू सांसद देवेश चंद्र ठाकुर गठबंधनक किछु माननीय नेताक भूमिका पर सवाल उठबैत आरोप लगौलनि जे चुनावक दौरान किछु लोकक मोन साफ नहि छल। हुनकर कहब छलनि जे हुनकर व्यक्तिगत दुश्मनी अभिषेक झा सं नहि, बल्कि किछु आन लोक सं छल। मुदा जखन अभिषेक झा हुनका संग ठाढ़ देखेलथि, तं वएह नेता सभ अपन रोषक निशाना अभिषेक झा कें बना लेलनि। देवेश ठाकुरक बयानक राजनीतिक अर्थ ई लगाओल जा रहल अछि जे गठबंधनक किछु नेता सभ प्रत्याशीक पक्ष मे पूरा ईमानदारी सं काज नहि कयलनि। सांसद संकेत देलनि जे जीवन भरि हुनका लग सं मदति लेनिहार किछु लोक चुनावक समय विरोधी भूमिका निभौलनि। हुनकर कहब छलनि जे किछु लोक कें ई बातो खटकैत छल जे कमजोर समाज सं आबयबला व्यक्ति राजनीतिक रूप सं एतेक प्रभावशाली कोना भए रहल अछि। देवेश ठाकुर कहलनि जे हम कहियो गठबंधन विरोधी काज नहि कयलहुं। हम कहियो केकरो एक शब्दो नहि कहलहुं जे एहि प्रत्याशीक विरुद्ध वोट दी। ओना, ई सभ बात बिसरबाक नहि अछि।

बैद्यनाथ प्रसाद देलनि जवाब

देवेश ठाकुरक आरोप पर रीगा विधायक आ भाजपा नेता बैद्यनाथ प्रसाद तीव्र प्रतिक्रिया देलनि। ओ सांसदक बयान कें हुनकर राजनीतिक डेगक अनुरूप नहि बतबैत कहलनि जे एतेक वरिष्ठ नेताक लेल एहि तरहक टिप्पणी उचित नहि अछि। बैद्यनाथ प्रसाद एनडीए मे भीतरघातक आरोप कें खारिज कयलनि। हुनकर दावा छलनि जे स्नातक आ शिक्षक एमएलसी चुनाव मे गठबंधनक सभ घटक दलक नेता आ कार्यकर्ता एकजुट भए प्रत्याशीक जीत लेल काज कयलनि। पिछला एमएलसी चुनाव मे अभिषेक झा कें करीब 10 हजार वोट भेटल छलनि, जखन कि एहि बेर लगभग 20 हजार वोट प्राप्त भेलनि। वोटक संख्या मे वृद्धि एनडीए कार्यकर्ता सभक मेहनतक प्रमाण थिक। हारिक बाद भीतरघातक आरोप लगेनाइ उचित नहि अछि।

समयक संग सामने आओत सत्य : अभिषेक

एहि विवादक बीच एनडीए प्रत्याशी रहल अभिषेक झाक सोशल मीडिया पोस्ट सेहो चर्चाक विषय बनल अछि। ओ मतदाता, समर्थक आ कार्यकर्ता सभक प्रति आभार जतौलनि, मुदा हारिक पीड़ा व्यक्त करैत महाभारतक अभिमन्युक प्रसंग उठौलनि। अभिषेक झा सवाल कयलनि जे की अपनहि राजनीतिक परिवार एनडीए मे ओ अभिमन्युक जकां चक्रव्यूह मे एकसर पड़ि गेल छलाह? हुनकर एहि सवाल कें गठबंधनक भीतर अपेक्षित सहयोग नहि भेटबाक संकेत मानल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे हुनका केकरो प्रति कटुता वा द्वेष नहि अछि आ समयक संग सत्य सामने आयत। ओ चुनावक घटना आ परिस्थितिपर आत्ममंथन करबाक बात सेहो कहलनि।

4,700 मतपत्र अमान्य होयबाक दावा

अभिषेक झा चुनाव परिणाम पर सवाल उठबैत करीब 4,700 मतपत्र अमान्य कयल गेलाक दावा कयलनि। हुनकर कहब अछि जे एहि मतपत्र सभ पर हुनकर नामक आगू टिक लगाओल गेल छल, तैयो ओकरा अमान्य घोषित कए देल गेल। हुनकर अनुसार, जं एहि मतपत्र सभ कें अमान्य नहि कयल गेल रहैत, तं चुनाव परिणाम हुनका पक्ष मे सेहो जा सकैत छल।

दू निर्दलीय एमएलसी भाजपा मे शामिल, आठ सीट मे चारि पर भाजपा

- बंशीधर आ राहुल जदयू प्रत्याशी कें हरौने छलथि
- भाजपा सं बागी भए सारण शिक्षक सीट पर चुनाव लड़ल छलाह राहुल राज

पटना, समदिया

बिहार विधान परिषद चुनावक परिणामक बाद राज्यक राजनीति मे पैघ उलटफेर भेल अछि। तिरहुत स्नातक निर्वाचन क्षेत्र सं दू बेर निर्दलीय चुनाव जीतयबला बंशीधर ब्रजवासी आ सारण शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र सं निर्दलीय जीत हासिल करयबला राहुल राज शनिदिन भारतीय जनता पार्टी (भाजपा) मे शामिल भए गेलाह। दुनू नेता बिहार भाजपा प्रदेश प्रभारीक उपस्थिति मे पार्टीक सदस्यता ग्रहण कयलनि। चुनाव जीतलाक बादे दुनू नेता भाजपा मे शामिल होयबाक संकेत देने छलाह।

दुनू नेता जाहि निर्वाचन क्षेत्र सं जीतलाह, ओतय एनडीएक दिस सं जदयू प्रत्याशी चुनाव लड़ि रहल छलाह। राहुल राज जदयू प्रत्याशी आनंद पुष्कर कें पराजित कयलनि, जखन कि बंशीधर ब्रजवासी जदयू प्रत्याशी अभिषेक झा कें हरौलनि। दुनू नेता भाजपा मे शामिल भेलाक बाद आब आठ सीट मे चारि सीट भाजपा लग चलि गेल अछि, जखन कि जदयू मात्र एक सीट पर सिमटि गेल अछि।



शिक्षक आंदोलन सं बनल बंशीधरक पहिचान

बंशीधर ब्रजवासी शिक्षक सभक मांग आ अधिकार लेल कतेको आंदोलन मे सक्रिय भूमिका निभौलनि। ओ परिवर्तनकारी प्रारंभिक शिक्षक संघ, बिहारक प्रदेश अध्यक्ष रहल छथि। नियोजित शिक्षक सभ कें समान काजक बदला समान वेतन आ राज्यकर्मीक दर्जा देबाक मांग कें लए ओ लगातार आवाज उठबैत रहलाह। शिक्षक सभक बीच सक्रियताक कारण बिहारक शिक्षक संगठन सभ मे हुनकर मजबूत पहिचान बनल।

तिरहुत स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक चुनाव मे बंशीधर निर्दलीय प्रत्याशी बनि मैदान मे उतरला आ जदयू प्रत्याशी अभिषेक झा कें पराजित कए जीत हासिल कयलनि। आब भाजपा मे शामिल भेलाक बाद पार्टी मे हुनकर भूमिका आ जिम्मेदारी पर नजरि रहत।

पहिल बेर चुनाव लड़लाह आ जीतलाह राहुल राज

सारण शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र सं निर्दलीय प्रत्याशी डॉ. राहुल राज जदयू प्रत्याशी आनंद पुष्कर कें पराजित कयलनि। ओ पहिल बेर एमएलसी चुनाव लड़लाह आ जीत हासिल कयलनि। राहुल पीएचडी डिग्रीधारी छथि आ वीआइपी कॉलेज मे एसोसिएट प्रोफेसर छथि। ओ स्कूल-कॉलेज चलबैत छथि आ संगहि अन्य कारोबार सेहो देखैत छथि। हुनकर पिताक नाम विपिन सिंह अछि। ओ सारण जिलाक रिविलगंज प्रखंडक मुकरेड़ा गामक निवासी छथि। भाजपा प्रदेश कार्यसमिति सदस्य रहबाक संग ओ रिविलगंजक प्रखंड प्रमुख सेहो छथि। जीतलाक बाद राहुल राज सोशल मीडिया पर लिखने छलाह जे ई जीत समर्पित साथी, समर्थक आ मतदाता सभक विश्वासक परिणाम अछि। ओ सारण सं चंपारण धरि शिक्षक सभक स्नेह, विश्वास आ आशीर्वाद कें अपन सब सं पैघ ताकति बतौलनि। हुनकर कहब छलनि जे शिक्षकक सम्मान, अधिकार आ स्वाभिमानक रक्षा लेल हुनकर संघर्ष निरंतर जारी रहत। ई जीत मात्र हुनकर नहि, बल्कि हुनका समर्थन देनिहार सभ लोकनिक जीत अछि।

मुख्य चुनाव आयुक्त ज्ञानेश कुमारक विरुद्ध जन महाभियोग, मतदाता सूची मे गड़बड़ीक आरोप

इंडिया गठबंधन शनिदिन प्रतीकात्मक जन महाभियोग कार्यक्रम केलक

नई दिल्ली, एजेंसी

इंडिया गठबंधन शनिदिन, 31 अक्टूबर कें मुख्य चुनाव आयुक्त (सीईसी) ज्ञानेश कुमारक विरुद्ध प्रतीकात्मक जन महाभियोग कार्यक्रम आयोजित केलक। दिल्ली मे कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गेक आवास पर भेल एहि कार्यक्रमक आयोजन मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण (एसआइआर) मे कथित गड़बड़ी आ वोट चोरीक आरोपक बीच कयल गेल। कार्यक्रम मे कांग्रेस अध्यक्ष आ राज्यसभा मे विपक्ष के नेता मल्लिकार्जुन खड़गे मुख्य चुनाव आयुक्तक विरुद्ध प्रस्ताव रखलनि।



ओ आरोप लगौलनि जे ज्ञानेश कुमार प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आ गृह मंत्री अमित शाहक निर्देश पर निर्वाचन आयोग चला रहल छथि।

पूर्व लोकसभा अध्यक्ष आ कांग्रेस नेता मीरा कुमार कहलनि जे गठबंधन ज्ञानेश कुमार कें पद सं हटेबाक लेल महाभियोग प्रस्ताव अनबाक निर्णय कयने अछि। एहि लेल इंडिया गठबंधनक बैठक बजाओल जायत। प्रस्ताव राज्यसभा मे विपक्ष के नेता मल्लिकार्जुन खड़गे पेश करताह।



'अर्नब' सं खेत मे भरल पानि, एहि बेर 20 प्रतिशत कम भए सकैत अछि धानक उपजा

- प्रभावित किसान लोकनि सरकार सं केलनि क्षतिपूर्ति देबाक मांग

पटना, समदिया

चक्रवाती बीहाड़ि अर्नबक असरि मिथिला मे लगातार तेसरो दिन 31 अक्टूबरो कें देखल गेल। पछिला तीन दिनक बरखा आ तेज हवा सं खेत मे पकबाक अवस्था मे पहुंचल धानक फसिल कें भारी क्षति पहुंचबाक आशंका अछि। कतेको ठाम धानक ठाढ़ गाछ झुकि गेल अछि, खेत मे पानि जमा अछि आ धनकटनीक काज बाधित भेल अछि। मौसिमक मारि मात्र खरीफ फसिल धरि सीमित नहि अछि। खेत मे अत्यधिक नमी रहबाक कारण रबीक दलहन आ तेलहन फसिलक बोआइयो पिछड़बाक आशंका बढ़ि गेल अछि। मौसम विभागक चेतावनी बतबैत अछि जे 29 अक्टूबर सं बिहारक कतेको जिला मे बरखा, तेज हवा आ मेघगर्जनक असरि बनल रहल। 31 अक्टूबर कें अर्नबक प्रभाव धीरे-धीरे कमजोर पड़बाक सूचना अछि, मुदा उत्तर बिहारक 13 जिला मे बरखा, तेज हवा आ वज्रपातक चेतावनी जारी रहल। तेसर दिनक सरकारी बरखा आंकड़ा अनुसार मिथिलाक जिला सभ मे दरभंगा मे 28.77 मिलीमीटर, मधुबनी मे 34.18, सीतामढ़ी मे 30.85, सुपौल मे 27.71, सहरसा मे 19.04 आ समस्तीपुर मे 10.72 मिलीमीटर बरखा दर्ज कयल गेल। ई आंकड़ा 31 अक्टूबरक लेल उपलब्ध जिला-स्तरीय विवरण पर आधारित अछि।



धानक फसिल पर सब सं पैघ मारि

मधुबनीक कतेको स्थान पर क्षेत्र मे खेत मे पाकल धानक गाछ तेज हवा आ बरखाक कारण खसि पड़ल। कतेको खेत मे पानि जमा भेला सं कटनी कठिन भए गेल अछि। किसान सभ कें आशंका अछि जे भीजल धानक बालीक दाना खराब भए सकैत अछि अथवा खेतहि मे अंकुरित होयबाक स्थिति बनि सकैत अछि। किसान सभ फसल क्षतिक सर्वेक्षण करा उचित मुआवजा देबाक मांग कयलनि अछि।

बनास नदी मे डूबल छह बच्चा, दू लापता

भोजपुर : भोजपुरक गड़हनी थाना क्षेत्रक धमनियां शांतिनगरक लग शनिदिन बनास नदी मे नहाइत काल तेज धार मे छह बच्चा डूबय लगल। बच्चा सभक चीत्कार सुनि स्थानीय युवक गोलू नदी मे छलांग लगा चारि बच्चा– गोलू, प्रशांत, संतोषी कुमारी आ प्रिया कुमारी कें सुरक्षित बाहर निकाललनि। मुदा हिमांशु कुमार (7) आ मोनू कुमार (10) लापता भए गेल। एसडीआरएफ टीम करीब तीन घंटा देरी सं पहुंचल, जाहि सं आक्रोशित ग्रामीण आरा-सासाराम राजकीय पथ जाम कए देलनि। पुलिसक अनुसार, जेनरेटर सं रोशनीक व्यवस्था कए दुनू बच्चाक खोज जारी छल।

पटना मे बिजलीक बढ़ैत मांग सं निपटबाक तैयारी

15 नव पावर सब स्टेशन सं भेटत राहति

पटना, समदिया

बिहारक राजधानी पटना मे तेजी सं भए रहल शहरी विस्तार आ लगातार बढ़ैत आबादीक असर आब बिजलीक मांग पर सेहो स्पष्ट रूप सं देखाइ पड़य लागल अछि। पिछला 9 वर्ष मे राजधानीक अधिकतम बिजली मांग मे करीब 69 प्रतिशत वृद्धि दर्ज कयल गेल अछि। वर्ष 2017 मे जतय बिजलीक अधिकतम मांग 553 मेगावाट छल, ओतहि 2026 मे ई बढ़ि कए 933.6 मेगावाट धरि पहुंचि गेल अछि। जाहि गति सं बिजलीक खपत बढ़ि रहल अछि, ओकरा देखैत अगिला वर्ष राजधानी मे अधिकतम लोड 1,000 मेगावाट पार करबाक संभावना जताओल जा रहल अछि।

बढ़ैत मांगक बीच उपभोक्ता सभ कें निर्बाध आ नीक बिजली आपूर्ति उपलब्ध करयबाक लेल बिजली विभाग पैघ कदम उठौने अछि। पटना इलेक्ट्रिक सप्लाई यूनिट (पेसू) क्षेत्र मे 15 नव विद्युत उपकेंद्र अर्थात पावर सब स्टेशन (पीएसएस) बनाओल जा रहल अछि। प्रत्येक नव उपकेंद्रक क्षमता 20 एमवीए होयत। एहि उपकेंद्रसभक चालू भेला सं वर्तमान बिजली नेटवर्क पर लोडक दबाव कम होयत आ लो वोल्टेज तथा बेर-बेर बिजली ट्रिप होयबाक समस्या सं राहति भेटबाक उम्मीद अछि।



दानापुर, फुलवारी आ खगौल मे बनत पांच नव पावर सब स्टेशन

पटना के दानापुर, फुलवारी शरीफ आ खगौल इलाका मे तेजी सं भए रहल शहरीकरणक कारण बिजलीक खपत लगातार बढ़ि रहल अछि। एहि क्षेत्र सभ मे पैघ संख्या मे अपार्टमेंट, बहुमंजिला भवन आ नव आवासीय कॉलोनी विकसित भए रहल अछि। बढ़ैत विद्युत भार कें संभालबाक लेल एहि तीनू इलाका मे पांच नव पावर सब स्टेशन बनाओल जा रहल अछि। एहि मे दानापुर ब्लॉक ऑफिस, नोहसा, डीपीएस मोड़, उसरी आ भगवतीपुर विद्युत उपकेंद्र शामिल अछि। ई सभ चालू भेलापर आसपासक वर्तमान उपकेंद्र आ फीडर पर बिजलीक दबाव कम होयत। खास कए ओहि इलाकाक उपभोक्ता सभ कें राहति भेटत, जतय बेसी लोडक कारण लो वोल्टेज आ बेर-बेर बिजली गुल होयबाक शिकायत भेटैत अछि।

नवंबर मे चालू होयत सात नव विद्युत उपकेंद्र

निमार्णाधीन 15 विद्युत उपकेंद्र मे सं सात कें नवंबर 2026 मे चालू करबाक लक्ष्य राखल गेल अछि। एहि मे शामिल अछि दानापुर ब्लॉक ऑफिस विद्युत उपकेंद्र। एहि उपकेंद्रसभक चालू भेला सं आगामी जाड़क मौसिम मे बिजली आपूर्ति व्यवस्था नीक बनय मे मदति भेटत। वर्तमान मे पेसू क्षेत्र मे कुल 86 विद्युत उपकेंद्र संचालित अछि। एहि सभक कुल क्षमता 2,405 एमवीए अछि। पेसूक महाप्रबंधक दिलीप कुमार सिंहक अनुसार, विद्युत उपकेंद्र मे 33 केवी बिजली कें 11 केवी मे बदलल जाइत अछि। एकर बाद वितरण ट्रांसफार्मरक माध्यम सं उपभोक्ता सभ धरि बिजली पहुंचैत अछि।

ओ बतौलनि जे नव विद्युत उपकेंद्र शुरू भेला सं वर्तमान फीडर आ उपकेंद्र सभ पर अत्यधिक लोडक दबाव कम होयत। जाहि इलाका मे पहिने दूर स्थित उपकेंद्र सं बिजली पहुंचाओल जाइत छल, ओतय आब लगहि मे नव उपकेंद्र उपलब्ध रहत। एहि सं बिजलीक फीडर छोट होयत आ तकनीकी खराबी होयबाक आशंका घटत। जं कोनो कारण सं बिजली आपूर्ति बाधित होइत अछि, तं मरम्मत आ आपूर्ति बहाल करबा मे सेहो कम समय लागत। विभागीय जानकारीक अनुसार, एकटा विद्युत उपकेंद्रक निर्माण मे सामान्यतः करीब नौ महीना समय लगैत अछि। नव उपकेंद्रक निर्माण सं पटना के बिजली वितरण व्यवस्था कें आधुनिक आ मजबूत बनय मे मदति भेटत। कुल मिलाकए राजधानी मे बढ़ैत बिजलीक मांग कें देखैत 15 नव पावर सब स्टेशनक निर्माण महत्वपूर्ण कदम अछि। जं निर्धारित समय पर ई उपकेंद्र चालू भए जाइत अछि, तं पटना के लाखो बिजली उपभोक्ता कें नीक वोल्टेज, कम ट्रिपिंग आ बेसी स्थिर विद्युत आपूर्तिक लाभ भेटबाक उम्मीद अछि।

सरदार पटेल अखंड भारतक मजबूत नींव रखलनि : डॉ. प्रेम कुमार



पटना, समदिया

बिहार विधानसभा अध्यक्ष डॉ. प्रेम कुमार कहलनि जे लौह पुरुष सरदार वल्लभभाई पटेल स्वतंत्रताक बाद 565 सं बेसी देशी रियासतसभक एकीकरण कए अखंड भारतक मजबूत नींव रखलनि। हुनकर संपूर्ण जीवन राष्ट्रीय एकता, अखंडता आ राष्ट्रक प्रति समर्पणक प्रेरणा दैत अछि। हुनकर योगदान सदिखन देशवासीक लेल प्रेरणास्रोत बनल रहत।

डॉ. प्रेम कुमार शनि दिन पटना मे सरदार वल्लभभाई पटेलक जयंती आ राष्ट्रीय एकता दिवसक अवसर पर साझी विरासत अभियान दिस सं आयोजित कार्यक्रम मे शामिल भेलाह। एहि अवसर पर ओ ह्यसाझी विरासत, हमर राजनीति विषय पर आधारित आकर्षक झांकी कें हरियर झंडी देखा विदा कयलनि।

कार्यक्रम कें संबोधित करैत विधानसभा अध्यक्ष कहलनि जे भारतक असली पहचान विविधता मे एकता, सांस्कृतिक समृद्धि आ सामाजिक समरसता अछि। भगवान बुद्धक करुणा, भगवान श्रीरामक आदर्श, भगवान श्रीकृष्णक कर्मयोग आ भगवान महावीरक अहिंसाक संदेश हमर गौरवशाली सांस्कृतिक विरासतक आधार अछि। ओ कहलनि जे बाबा साहेब डॉ. भीमराव आंबेडकर, जननायक कपूर्री ठाकुर, शहीद जगदेव प्रसाद, शहीद रामफल मंडल, महात्मा ज्योतिबा फुले आ माता सावित्रीबाई फुले सहित कतेको महापुरुष सामाजिक न्याय, समानता आ राष्ट्र निर्माण मे महत्वपूर्ण योगदान देलनि। एहि महापुरुषसभक विचार आ आदर्श कें नव पीढ़ी धरि पहुंचेनाइ हम सभक दायित्व अछि।

डॉ. कुमार कहलनि जे बिहारक धरती भगवान बुद्धक ज्ञानभूमि बोधगया, भगवान महावीरक तपोभूमि, नालंदाक ज्ञान परंपरा आ वैशालीक प्राचीन लोकतांत्रिक विरासत सं समृद्ध अछि। हमरा सभ कें अपन एहि सांस्कृतिक आ ऐतिहासिक धरोहर कें संरक्षित रखैत सामाजिक सद्भाव आ आपसी भाईचारा मजबूत करबाक चाही।

ओ कहलनि जे ह्यसाझी विरासत अभियानह्न मात्र अतीत कें याद करबाक कार्यक्रम नहि, बल्कि सामाजिक एकता, संवैधानिक मूल्य आ विकसित भारतक निर्माणक संकल्प अछि। जाति, धर्म, भाषा आ क्षेत्रक भेदभाव सं ऊपर उठि समरस आ सशक्त राष्ट्रक निर्माण मे सभ कें योगदान देबाक चाही।

अंत मे ओ साझी विरासत अभियान, बिहारक सभ पदाधिकारी, कार्यकर्ता आ आयोजक कें एहि सराहनीय आयोजन लेल बधाइ आ शुभकामना देलनि।

चक्रवात अर्नबक बाद बेमारीक खतरा बढ़ल, पटना एम्स कयलक अलर्ट

बच्चा, गर्भवती महिला आ बुजुर्ग कें सावधानी बरतबाक सलाह

पटना, समदिया

बिहारक कतेको जिला मे चक्रवात अर्नबक बाद लगातार बरखा आ जलजमाव सं मौसमी आ जलजनित बेमारीक खतरा बढ़बाक आशंका अछि। पटना एम्सक जनरल मेडिसिन विभागाध्यक्ष डॉ. ज्योति प्रकाश लोक कें सतर्क रहबाक सलाह देने छथि। ओ खास कए बच्चा, गर्भवती महिला आ बुजुर्ग कें सावधानी बरतबाक अपील कयलनि।

डॉ. ज्योति प्रकाशक अनुसार, जलजमाव बला इलाका मे बहुत समय धरि पानिक संपर्क मे रहनिहार वा काज कएनिहार लोक कें संक्रमणक खतरा भए सकैत अछि। दूषित पानिक संपर्क मे अयला सं तेज बोखार आ अन्य स्वास्थ्य संबंधी समस्या भए सकैत अछि। एहन स्थिति मे लोक कें साफ-सफाइ, व्यक्तिगत स्वच्छता आ सुरक्षित पानिक उपयोग पर विशेष ध्यान देबाक चाही।



डॉक्टर बतौलनि जे मौसिम मे बदलावक दौरान छोट बच्चा कें निमोनिया सहित सांस संबंधी बेमारीक खतरा भए सकैत अछि। अभिभावक सभ कें बच्चाक स्वास्थ्य पर नजरि रखबाक चाही। लगातार खांसी, बोखार वा सांस लेबा मे परेशानी होय पर समय रहैत डॉक्टर सं सलाह लेबाक चाही। डॉ. ज्योति प्रकाश गर्भवती महिला आ बुजुर्ग कें खराब मौसिम मे विशेष सावधानी बरतबाक सलाह देलनि। ओ कहलनि जे प्राकृतिक आपदाक दौरान लापरवाही स्वास्थ्य संबंधी गंभीर परेशानीक कारण बनि सकैत अछि। एहि लेल सुरक्षित स्थान पर रहब, स्वच्छता बनौने रखब आ साफ पानिक उपयोग करब जरूरी अछि।

डॉ. ज्योति प्रकाशक अनुसार, खराब मौसिम आ जलजमाव के कारण पटना एम्सक ओपीडी मे रोगीसभक संख्या घटल अछि। बरखा के कारण लोक घर सं बाहर निकलय सं बचि रहल छथि, जखनकि कतेको रोगी कें अस्पताल पहुंचय मे सेहो परेशानी भए रहल अछि।

बिहार इंडस्ट्रीज एसोसिएशनक वार्षिक समारोह 5 नवंबर कें मुख्यमंत्री करताह उद्घाटन

पटना। बिहार इंडस्ट्रीज एसोसिएशन (बीआईए)क वार्षिक समारोह 5 नवंबर 2026 कें सांझ 5 बजे एसोसिएशन परिसर, पटना मे आयोजित होयत। एहि प्रतिष्ठित समारोहक विधिवत उद्घाटन मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी करताह। एसोसिएशनक अध्यक्ष रामलाल खेतान आधिकारिक प्रेस विज्ञप्ति जारी कए एहि आयोजनक विस्तृत जानकारी साझा कयलनि अछि। अध्यक्ष रामलाल खेतान बतौलनि जे ई वार्षिक समारोह पहिने 26 सितंबर कें निर्धारित छल, मुदा मुख्यमंत्रीक अपरिहार्य सरकारी व्यस्तताक कारण एकरा स्थगित करय पड़ल छल। राज्य भरिक उद्यमी आ उद्योगपतिसभक विशेष इच्छा छल जे ई महत्वपूर्ण वार्षिक सम्मेलन मुख्यमंत्रीक प्रत्यक्ष मौजूदगी मे आयोजित हो, जाहि सं राज्यक उद्योग जगत सं जुड़ल चुनौती, अपेक्षा आ विकासोन्मुख सुझाव सीधे सरकारक शीर्ष नेतृत्वक समक्ष राखल जा सकय। औद्योगिक विकास आ निवेशक माहौल कें गति देबाक उद्देश्य सं आयोजित एहि कार्यक्रम मे उद्योग मंत्री श्रेयसी सिंह कें मुख्य अतिथिक रूप मे आमंत्रित कयल गेल अछि। समारोह मे राज्य भरिक प्रमुख उद्यमी, नीतिनिमार्ता आ व्यापारिक प्रतिनिधि शामिल भए बिहार मे औद्योगिक प्रगति आ भविष्यक प्राथमिकता सभ पर विचार-विमर्श करताह।

गंडकक कात बनत 73 किमी लंबा नारायणी पथ छपरा सं गोपालगंज धरि यात्रा होयत आसान

एयरपोर्ट सं सेहो जुड़त सड़क, सोनपुर सं डुमरिया घाट धरि बनत फोरलेन डोर

पटना, समदिया

बिहार मे सड़क संपर्क व्यवस्था कें नीक बनयबाक लेल गंडक नदीक कात एकटा नव फोरलेन कॉरिडोर बनेबाक योजना तैयार कयल गेल अछि। करीब 73.51 किलोमीटर लंबा एहि ग्रीनफील्ड सड़क कें नारायणी पथ कहल जाएत। एकर निर्माण भेला सं छपरा आ गोपालगंजक बीच आवागमन आसान होयबाक संगहि पर्यटन आ स्थानीय कारोबार कें सेहो बढ़ावा भेटबाक उम्मीद अछि।

प्रस्तावित नारायणी पथक निर्माण छपरा के दरिहारा सं गोपालगंजक डुमरिया घाट धरि कयल जाएत। गंडक नदीक कात बनय बला ई फोरलेन कॉरिडोर दुनू जिलाक बीच एकटा नव सड़क मार्ग उपलब्ध कराओत। एहि सं यात्रि सभ कें आवागमन लेल एकटा अतिरिक्त विकल्प भेटत आ आसपासक इलाकाक सड़क संपर्क व्यवस्था सेहो नीक होयत। एहि परियोजनाक निर्माण बिहार स्टेट रोड डेवलपमेंट कॉरपोरेशन लिमिटेड दिस सं कराओल जाएत। एकरा लेल पब्लिक-प्राइवेट पार्टनरशिप अर्थात पीपीपी मॉडल अपनयबाक योजना अछि।



मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक अध्यक्षता मे भेल कैबिनेट बैठक मे एहि परियोजना कें मंजूरी देल गेल अछि। शुरूआती प्रक्रिया लेल करीब 2.10 करोड़ रुपैया स्वीकृत कयल गेल अछि।

स्वीकृत राशि सं सड़कक विस्तृत परियोजना रिपोर्ट (डीपीआर) तैयार करबाक, माटिक गुणवत्ता जांचबाक आ सड़कक एलाइनमेंट तय करबाक काज कयल जाएत। एकर संगहि जमीन अधिग्रहण सं जुड़ल प्रक्रिया सेहो आगू बढ़ाओल जाएत।

पर्यावरणीय मंजूरी आ जरूरी अनापत्ति प्रमाणपत्र (एनओसी) भेटलाक बाद निर्माणक दिशा मे अगिला कदम उठाओल जाएत।

नारायणी पथ बनला सं धार्मिक आ हवाई पर्यटन कें बढ़ावा भेटबाक संभावना अछि। प्रस्तावित योजना के अंतर्गत सड़क कें सोनपुरक हरिहरनाथ मंदिर कॉरिडोर आ नव सोनपुर एयरपोर्ट सं जोड़बाक बात कहल गेल अछि। एहि सं पर्यटक आ यात्रि सभ कें आवागमन मे सुविधा भेटि सकैत अछि।

एहि सड़क परियोजनाक लाभ मात्र यात्रि सभ तक सीमित नहि रहत। नीक सड़क संपर्क भेला सं किसान सभ कें अपन उपज बाजार धरि पहुंचय मे आसानी होयत। ओतहि, निर्माण आ एहि सं जुड़ल गतिविधि सभ के कारण रोजगारक अवसर सेहो पैदा होयबाक उम्मीद अछि। आसपासक क्षेत्र मे व्यापारिक गतिविधि कें सेहो गति भेटि सकैत अछि।

पाटलिपुत्र स्पोर्ट्स कॉप्लेक्सक एथलेटिक्स ट्रैक होयत आधुनिक, 400 मीटरक 8 लेन बला सिंथेटिक ट्रैक बनत

नेचुरल ग्रास ग्राउंड मे लागत बरमूडा घास

पटना, समदिया

पाटलिपुत्र स्पोर्ट्स कॉप्लेक्स मे एथलेटिक्स ट्रैक आ नेचुरल ग्रास ग्राउंडक जीर्णोद्धार कयल जाएत। बिहार सरकारक खेल विभाग आ बिहार राज्य खेल प्राधिकरण दिस सं परिसरक खेल बुनियादी ढांचा कें अंतरराष्ट्रीय मानकक अनुरूप विकसित करबाक योजना अछि। एहि योजना के अंतर्गत एथलेटिक्स ट्रैकक पुनर्निर्माण आ प्राकृतिक घास बला मैदानक आधुनिकीकरण कयल जाएत।

परियोजना के अंतर्गत 400 मीटर लंबा आठ लेन बला सिंथेटिक एथलेटिक्स ट्रैक तैयार कयल जाएत। एकरा लेल वर्तमान सिंथेटिक सतह कें हटा पुरान एस्फाल्ट परतक मिलिंग कयल जाएत आ नव एस्फाल्ट परत बिछाओल जाएत। एकर ऊपर फुल-पीयूआर आ फुल-ईपीडीएम तकनीक पर आधारित नव सिंथेटिक ट्रैक लगाओल जाएत।



वर्ल्ड एथलेटिक्सक मानकक अनुरूप बनत ट्रैक

ट्रैकक निर्माण वर्ल्ड एथलेटिक्सक तकनीकी मानकक अनुरूप कयल जाएत। एहि लेल वर्ल्ड एथलेटिक्स क्लास-1 प्रमाणन हासिल करबाक लक्ष्य राखल गेल अछि। एना भेलापर ई बिहारक पहिल सिंथेटिक एथलेटिक्स ट्रैक होयत, जकरा ई प्रमाणन भेटत। एकर अतिरिक्त, जल निकासी लेल नव ड्रेनेज लाइन आ कलेक्शन चैंबर बनाओल जाएत। खेलाड़ी सभ लेल वर्ल्ड एथलेटिक्सक मानकक अनुरूप नव खेल उपकरण सेहो लगाओल जाएत।

खेल परिसरक नेचुरल ग्रास ग्राउंड कें सेहो नव रूप देल जाएत। एहि लेल ग्रेवल ड्रेनेज लेयरक ऊपर उचित ढलान बला बालू आधारित रूटजोन तैयार कयल जाएत। एकर ऊपर बरमूडा घास लगाओल जाएत। मैदान मे भूमिगत ड्रेनेज पाइप बिछाओल जाएत, जाहि सं बरखा वा सिंचाइक पानि तेजी सं बाहर निकलि सकय आ मैदान मे जलजमावक समस्या नहि हो।

सिंचाइ लेल आधुनिक पॉप-अप स्प्रिंकलर सिस्टम लगाओल जाएत। एहि व्यवस्था सं मैदानक सभ हिस्सा मे पानिक समान वितरण सुनिश्चित होयत। नव व्यवस्था सं घासक जड़ि के नीक विकास होयत आ मैदानक सतह एकसमान आ गुणवत्तापूर्ण बनल रहत। एहि परियोजनाक पूरा भेलाक बाद खेलाड़ी सभ कें नीक प्रशिक्षण सुविधा आ उच्च गुणवत्ता बला खेल सतह उपलब्ध होयत। एहि सं बिहारक एथलीट सभ कें राष्ट्रीय आ अंतरराष्ट्रीय स्तरक प्रतियोगिताक तैयारी करबा मे मदति भेटत।

पटना मे 10 लाखक 70 कार्टन अवैध पटाखा जब्त

खाजेकलांक टेढ़ी घाट मे छापेमारी, एक व्यक्ति हिरासत मे

पटना, समदिया

दीपावली सं पहिने अवैध पटाखाक भंडारण आ बिक्रीक विरुद्ध पटना पुलिस कारबाइ तेज कए देने अछि। खाजेकलां थाना क्षेत्रक टेढ़ी घाट मे शुक्रदिन देर रात छापेमारी कए करीब 70 कार्टन पटाखा जब्त कयल गेल। पुलिसक अनुसार, जब्त पटाखाक अनुमानित कीमत 8 सं 10 लाख रुपैया अछि। घटनास्थल सं एक व्यक्ति कें हिरासत मे लए पूछताछ कयल जा रहल अछि।

पुलिस गुप्त सूचना के आधार पर टेढ़ी घाट स्थित एकटा दोकान-मकान मे तलाशी लेलक। ई कारबाइ राजस्व पदाधिकारी दिस सं नियुक्त मजिस्ट्रेटक मौजूदगी मे कयल गेल। खाजेकलां थानाध्यक्षक अनुसार, दोकान-मकान सज्जन कुमारक अछि। तलाशी के दौरान ओतय अलग-अलग कंपनीक करीब 70 कार्टन पटाखा भेटल, जे पुलिस जब्त कए लेलक।



पटना सिटीक पुलिस अनुमंडल पदाधिकारी-दो शिव शंकर कुमार कहलनि जे पुलिस कें अवैध पटाखाक भंडारणक सूचना भेटल छल। सूचनाक पुष्टि भेलाक बाद छापेमारी कयल गेल। घटनास्थल सं एक व्यक्ति कें हिरासत मे लए पूछताछ कयल जा रहल अछि।

ट्रकक ठोकर सं घायल दोकानदारक मृत्यु

छोट-छोट बच्चासभक भरण-पोषणक चिंता मे परिवार बेहाल

रोसड़ा, समदिया



रोसड़ा थाना क्षेत्रक पैघ दुर्गास्थानक लग शुक्रदिन राति ट्रकक ठोकर सं गंभीर रूप सं घायल नाश्ता दोकानदारक समस्तीपुर लए जेबाक क्रम मे मृत्यु भए गेलनि। मृतकक पहचान नायक टोल निवासी 42 वर्षीय श्रवण कुमारक रूप मे भेल अछि। हुनकर मृत्यु सं परिवार पर दुखक पहाड़ टूटि पड़ल अछि। पांच बच्चासभक माथा सं पिताक छाया उठि गेलनि। परिजनक अनुसार, श्रवण कुमार पैघ दुर्गास्थानक लग नाश्ताक दोकान चलाकऽ परिवारक भरण-पोषण करैत छलाह। शुक्रदिन राति ओ दोकानक लग सड़क किनारे ठाढ़ भए मोबाइल पर बात कए रहल छलाह। एही दौरान समस्तीपुर दिस जा रहल एकटा तेज रफ्तार ट्रक हुनका जोरदार ठोकर मारि देलक। दुर्घटना मे ओ गंभीर रूप सं घायल भए गेलाह। स्थानीय लोकक सहयोग सं हुनका रोसड़ा अनुमंडलीय अस्पताल पहुंचाओल गेल, जतय प्राथमिक उपचारक बाद अगिला दिन आबय लेल कहल गेल। घर लौटबाक क्रम मे हुनकर हालत बिगड़य लागल। एकर बाद परिजन हुनका शहरक एकटा निजी अस्पताल लए गेलाह। ओतय चिकित्सक हुनकर गंभीर स्थिति देखैत समस्तीपुर रेफर कए देलनि। मुदा समस्तीपुर लए जेबाक क्रम मे रास्ते मे हुनकर मृत्यु भए गेलनि। श्रवण कुमारक मृत्यु के बाद परिजनक रो-रो कए बुरा हाल अछि। ओ दोकानक कमाइ सं पूरा परिवारक खर्च चलबैत छलाह। हुनकर दू पुत्रीक विवाह भए चुकल अछि, जखन कि एकटा बेटा आ अन्य बेटी सभ एखनो छोट छथि। परिवारक कमाउ सदस्यक मृत्यु भेला सं आब छोट-छोट बच्चासभक भरण-पोषणक चिंता परिजन कें सता रहल अछि। आसपासक लोक सेहो परिवारक भविष्य कें लए चिंतित छथि। घटनाक सूचना रोसड़ा पुलिस आ स्थानीय जनप्रतिनिधि सभ कें देल गेल अछि। परिजन पुलिस सं मामिला मे कारबाइ करबाक संग मृतकक आश्रित परिवार कें सरकारी सहायता राशि उपलब्ध करयबाक मांग कयलनि। ओम्हर, पूर्व मुख्य पार्षद सह वार्ड पार्षद श्याम बाबू सिंह पीड़ित परिवार सं भेंट कए सांत्वना देलनि आ हरसंभव सहयोगक भरोस देलनि।

जलवायु परिवर्तनक चुनौतीक समाधान ताकथि भूगोलवेत्ता तखने साकार होयत विकसित भारतक सपना : कुलपति

27म वार्षिक सम्मेलन आ राष्ट्रीय संगोष्ठी शुरू



दरभंगा, समदिया

ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालयक स्नातकोत्तर भूगोल विभागक स्थापना वर्षक स्वर्ण जयंती पर बिहार-झारखंड भूगोलवेत्ता संघक 27म वार्षिक सम्मेलन आ राष्ट्रीय संगोष्ठीक शुरूआत बृहस्पति कें जुबिली हॉल मे भेल। कुलपति प्रो. संजय कुमार चौधरीक अध्यक्षता मे आयोजित दू दिवसीय सम्मेलनक विषय कृषि-जलवायु परिवर्तनशीलता आ सतत विकास : विकसित भारत @ 2047क दिशा मे राखल गेल अछि। आइसीएसएसआर, नई दिल्लीक सहयोग सं आयोजित एहि सम्मेलन मे विभिन्न राज्यक 500 सं बेसी प्रतिभागी हाइब्रिड मोड मे भाग लैत छथि। अध्यक्षीय संबोधन मे कुलपति कहलनि जे भारतक आत्मा गांव मे बसैत अछि। जलवायु परिवर्तनक कृषि पर पड़यवला प्रभाव आ ओकर समाधानक जानकारी भूगोलवेत्ता समाज तक पहुंचाबथि। राष्ट्रीय शिक्षा नीति-2020क प्रभावी क्रियान्वयन सं विकसित भारत-2047क लक्ष्य प्राप्त करबा मे सहायता भेटत। सम्मेलनक निष्कर्ष मात्र पुस्तक तक सीमित नहि रहय, बल्कि ओकर प्रभाव जमीनी स्तर पर सेहो देखबाक चाही। मुख्य अतिथि प्रो. राम शंकर कुरील कृषि उत्पादन मे भारतक उल्लेखनीय प्रगतिक चर्चा केलनि। मुख्य वक्ता प्रो. जीएस चौहान जलवायु परिवर्तन, कृषि संकट आ किसानसभक समस्या कें पैघ चुनौती बतौलनि। कीनोट वक्ता प्रो. साहब फजल सतत आ सामूहिक विकास कें समृद्धिक आधार बतौलनि। एहि अवसर पर स्मारिका, जर्नल आ शोध पत्रिका जियोविजनक तीन संस्करण सहित कतेको पुस्तकक विमोचन कयल गेल। सम्मेलन मे 35 समानांतर तकनीकी सत्र आयोजित होयत। कार्यक्रमक संचालन डॉ. रश्मि शिखा आ डॉ. रानी सिंह केलनि।

उदयपुर गाम मे करीब 27 लाखक चोरी

विवाहक खुशी सं पहिने परिवार कें पैघ झटका

रोसड़ा,समस्तीपुर, समदिया



रोसड़ा प्रखंडक चकथात पूरब पंचायत अंतर्गत उदयपुर गामक वार्ड संख्या 16 मे चोर एकटा घर कें निशाना बनबैत करीब 27 लाख टकाक संपत्ति चोरा लेलक। चोर घर सं 7 लाख टका नकद आ करीब 20 लाख टका मूल्यक सोना-चानीक गहना लए फरार भए गेल। घटना के बाद परिवार मे अफरा-तफरी मचि गेल। घर मे किछुए दिन बाद विवाह होयबाक छल। दू दिन पहिने फलदान सेहो भेल छल। एहन समय मे चोरीक घटना सं परिवारक खुशियां पर पानि फिरि गेल। जानकारीक अनुसार, गाम निवासी राजाराम महतो शुक्रदिन राति करीब 11 बजे परिवारक सदस्य सभक संग भोजन कय सुतय गेल छलाह। एही दौरान चोर घरक पाछू दिस सं आंगन मे प्रवेश कयलक। तकर बाद पूजाघरक ताला तोड़ि ओतय राखल गोदरेज खोलि लेलक। ओहि मे राखल 7 लाख टका नकद आ करीब 15 भरी सोना-चानीक गहना चोरा लेलक। परिजनक कहब अछि जे नकदी जमीन कीनबाक लेल राखल गेल छल। चोरीक दौरान घरक कोनो सदस्य कें भनक नहि लागल। किछु देर बाद घरक बेटी कें अनजान व्यक्ति घर मे रहबाक संदेह भेल। ओकर हल्ला करिते परिवारक लोक जागल, मुदा ताबत चोर फरार भए चुकल छल। सूचना पर रोसड़ा पुलिस पहुंचि जांच शुरू कयलक। नगर इंस्पेक्टर सह थानाध्यक्ष आशुतोष कुमार कहलनि जे चोरी भेल अछि, मुदा पीड़ित पक्ष एखन धरि आवेदन नहि देने अछि। पुलिस सभ बिंदु पर जांच कय रहल अछि। ग्रामीण सभ रातिक गश्ती बढ़ेबाक आ चोरक गिरफ्तारीक मांग कयलनि अछि।

सरदार पटेल जयंती पर राष्ट्रीय एकता आ अखंडताक शपथ

दरभंगा, समदिया

कामेश्वर सिंह दरभंगा संस्कृत विश्वविद्यालयक राष्ट्रीय सेवा योजना (एनएसएस) इकाई आ स्नातकोत्तर इकाईक संयुक्त तत्वावधान मे लौहपुरुष सरदार वल्लभभाई पटेलक जयंती पर राष्ट्रीय एकता दिवस मनाओल गेल। एहि अवसर पर उपस्थित पदाधिकारी, शिक्षक, कर्मचारी आ छात्र-छात्रा सभ राष्ट्रक एकता, अखंडता आ सुरक्षा कें बनौने रखबाक सामूहिक शपथ लेलनि। शपथक दौरान सभ गोटे राष्ट्रक एकता, अखंडता आ सुरक्षाक लेल स्वयं कें समर्पित रखबाक आ देशवासीक बीच राष्ट्रीय एकताक भावना प्रसारित करबाक संकल्प लेलनि। संगहि सरदार पटेलक दूरदर्शिता आ काज सं स्थापित राष्ट्रीय एकताक भावना कें आत्मसात करैत देशक आंतरिक सुरक्षा सुनिश्चित करबा मे योगदान देबाक प्रतिबद्धता जतौलनि। कार्यक्रमक अध्यक्षता व्याकरण विभागाध्यक्ष डॉ. सीताचरण झा केलनि। ओ कहलनि जे देश कें एक सूत्र मे बान्हय आ राष्ट्र कें सशक्त बनाबय मे सरदार पटेलक भूमिका अत्यंत महत्त्वपूर्ण रहल अछि। हुनकर व्यक्तित्व आ कृतित्व राष्ट्र निर्माणक लेल सदिखन प्रेरणास्रोत बनल रहत। मुख्य वक्ता ज्योतिष विभागाध्यक्ष डॉ. रामनिहोरा राय कहलनि जे भारतक स्वतंत्रताक लेल कतेको महापुरुष अपन योगदान आ बलिदान देलनि, जाहि मे सरदार पटेलक नाम विशेष रूप सं उल्लेखनीय अछि। देशक एकता आ अखंडता कें मजबूत करबा मे हुनकर ऐतिहासिक भूमिका रहल। डॉ. अवधेश श्रोत्रिय सरदार पटेलक जीवन कें राष्ट्रक प्रति समर्पण, साहस आ कर्तव्यनिष्ठाक प्रेरणास्रोत बतौलनि। डॉ. निशा राष्ट्रीय एकता बनौने रखबा मे युवासभक महत्त्वपूर्ण भूमिकाक चर्चा केलनि। डॉ. देवहूति कहलनि जे भारतक विविध भाषा, संस्कृति आ परंपरा कमजोरी नहि, बल्कि शक्ति अछि। डॉ. श्यामसुंदर पाठक सरदार पटेलक आदर्श अपनाकऽ सशक्त आ एकजुट राष्ट्र बनेबाक आह्वान कयलनि। कार्यक्रमक संचालन करैत डॉ. साधना शर्मा कहलनि जे सरदार पटेल देशी रियासत सभ कें एक सूत्र मे बान्हि भारतक एकीकरणक मार्ग प्रशस्त कयलनि। हुनका प्रति सच्ची श्रद्धांजलि तखने होयत, जखन हम हुनकर विचार कें अपन जीवन मे उतारब आ धर्म, जाति, अमीरी-गरीबी, लिंग आ क्षेत्रक आधार पर भेदभाव नहि करब। छात्र रोहित, मुदित कुमार मिश्र, अमरकांत झा आ रंजना कुमारी राष्ट्रीय एकता आ सरदार पटेलक योगदान पर अपन विचार रखलनि। कार्यक्रम समन्वयक डॉ. सुधीर कुमार धन्यवाद ज्ञापन करैत सरदार पटेल कें लोकतांत्रिक मूल्य आ राष्ट्रीय एकताक प्रतीक बतौलनि। अजय आ सुलेखा कार्यक्रम मे सहयोग केलनि। समापन राष्ट्रक एकता, अखंडता आ सामाजिक सद्भाव बनौने रखबाक नारासभक संग भेल।



राष्ट्रीय एकता दिवस पर समारोहक सीधा प्रसारणक संग मनाओल गेल सरदार पटेल जयंती



मनीगाछी। सरदार वल्लभभाई पटेलक जयंती पर शनिदिन बिहार पुलिस राष्ट्रीय एकता दिवस मनौलक। एहि अवसर पर मनीगाछी, नेहरा आ बाजितपुर थाना परिसर मे पैघ स्क्रीन लगा गुजरात मे आयोजित जयंती समारोहक सीधा प्रसारण आम लोक सभ कें देखाओल गेल। कार्यक्रमक आयोजन संबंधित थानाध्यक्ष रंजीत कुमार सिंह, मोती कुमार आ मुकेश कुमारक नेतृत्व मे कयल गेल। एहि अवसर पर नेहरा थानाध्यक्ष मोती कुमार कहलनि जे सरदार वल्लभभाई पटेल राष्ट्रीय एकता आ अखंडताक प्रतीक छलाह। हुनकर जीवन देश कें एकजुट रखबाक प्रेरणा दैत अछि।

1549 करोड़क लागत सं बनत दरभंगा एम्स, निर्माण कार्य मे आएत तेजी : डॉ. गोपाल जी ठाकुर

दरभंगा, समदिया



दरभंगा एम्स प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक ड्रीम प्रोजेक्ट अछि। एकर निर्माण कें लए विपक्ष द्वारा फैलाओल जा रहल भ्रम आ नकारात्मक प्रचार सफल नहि होयत। ई बात स्थानीय सांसद सह लोकसभा मे भाजपाक सचेतक डॉ. गोपाल जी ठाकुर कहलनि।

ओ बतौलनि जे 187 एकड़ जमीन पर 1549.25 करोड़ टाकाक लागत सं अस्पताल, अकादमिक आ आवासीय भवनक निर्माण लेल निविदा जारी कय देल गेल अछि। ओतहि 37 करोड़ टाकाक लागत सं एम्स परिसरक चहारदीवारी आ मुख्य द्वार बनाओल जा रहल अछि। करीब 110 एकड़ क्षेत्र मे 180 करोड़ टाकाक लागत सं माटि भराइक काज सेहो जारी अछि। सांसद कहलनि जे एम्स परिसर धरि फोरलेन सड़क, 20 एमबी बिजली कनेक्शन आ प्रतिदिन 15 लाख लीटर जलापूर्तिक व्यवस्था सहित अन्य आधारभूत सुविधा उपलब्ध कराओल जा रहल अछि। तकनीकी कारण आ स्थल परिवर्तनक चलते डिजाइन, इंजीनियरिंग आ डीपीआर मे बदलाव करय पड़ल, जाहि कारण निर्माण कार्य मे विलंब भेल। ओ कहलनि जे बरख 2020 मे 1264 करोड़ टाकाक लागत सं 750 बेडवला एम्सक स्वीकृति देल गेल छल।

गारि-गलौज आ माइरपीटक आरोप मे 18 नामजद सहित 5 अज्ञात पर प्राथमिकी दर्ज

बेनीपट्टी, समदिया

स्थानीय थाना क्षेत्रक नगर पंचायतक वार्ड संख्या 3, जगत निवासी जितेंद्र कुमार यादव 18 नामजद आ 5 अज्ञात व्यक्ति पर गाली-गलौज आ मारपीट करबाक आरोप लगबैत थाना मे प्राथमिकी दर्ज करौने छथि। एहि संबंध मे कांड संख्या 487/26 दर्ज कयल गेल अछि। प्राथमिकी मे वादी उल्लेख कयने छथि जे 21 अक्टूबरक राति करीब 9 बजे ओ उच्चैठ आरती देखबाक लेल गेल छलाह। एहि दौरान हुनकर भेंट जगत निवासी अजित यादव सं भेल। अजित हुनका मछली गेट लग रुकबाक लेल कहलनि। वादी गेट लग रुकल छलाह। एही बीच अजित यादव अपन दोस्त बेहटा निवासी ललन कुमार साह, समदा निवासी मनीष कुमार साह, साहरघाट थाना क्षेत्रक बोकहा निवासी शिवम कुमार साह आ किछु अन्य अज्ञात लोकक संग ओतय पहुंचल आ वादी कें घेरि गाली-गलौज करय लागल। वादी कोनो तरहें ओतय सं निकलि अपन घर पहुंचलाह आ पूरा घटनाक जानकारी माता-पिता कें देलनि। प्राथमिकी मे ईहो कहल गेल अछि जे ओहि राति करीब 12 बजे बटोही यादवक संग सरोज यादव, मनोज यादव, राज कुमार यादव, अजित कुमार यादव, सुजीत कुमार यादव, अरुण यादव, प्रदीप यादव, ललन कुमार साह, मनीष कुमार साह, शिवम कुमार साह, बेहटा निवासी अखिलेश कुमार पंडित, सूरज पंडित, एराजी जगत निवासी रवि पंडित आ 5 अज्ञात व्यक्ति रॉड आ धारदार हथियार लए वादीक घर पहुंचल आ ललकारय लागल। वादी जखन बाहर अयलाह तखन अजित यादव हुनका पर हमला कयलक।

अलीनगर मे देसी शराबक मिनी फैक्ट्रीक भंडाफोड़, 102 लीटर शराब संग दू गिरफ्तार

अलीनगर, समदिया



अलीनगर थाना क्षेत्रक अलीनगर पासीखाना मे पुलिस अवैध देसी शराब निर्माणक ठिकानाक भंडाफोड़ करैत 102 लीटर देसी चुलाई शराब संग दू सहोदर भाइ कें गिरफ्तार कयने अछि। छापेमारीक दौरान शराब बनेबाक काज मे उपयोग होमयवला उपकरण सेहो बरामद कयल गेल। पुलिसक एहि कारबाइ सं अवैध शराब कारोबार मे संलग्न लोक सभ मे हड़कंप मचि गेल अछि।

प्राप्त जानकारीक अनुसार, अलीनगर थाना पुलिस कें गुप्त सूचना भेटल छल जे अलीनगर पासीखाना मे अवैध रूप सं देसी चुलाई शराब बनाओल जा रहल अछि। एहि सूचनाक आधार पर थानाध्यक्ष रंजीत कुमार शर्माक नेतृत्व मे पुलिस अवर निरीक्षक ओम प्रकाश, चंदेश्वर यादव, महिला सिपाही आ अन्य पुलिसकर्मीक संयुक्त टीम छापेमारी केलक। पुलिस टीम बैजू महतो आ मनटून महतो, दुनू पिता जीवछ महतोक घर मे विधिवत तलाशी लेलक। एहि दौरान घर सं 102 लीटर देसी चुलाई शराबक संग शराब बनेबाक काज मे उपयोग होमयवला विभिन्न उपकरण बरामद कयल गेल। पुलिस घटनास्थले सं दुनू सहोदर भाइ कें गिरफ्तार कय लेलक। बिहार मे पूर्ण शराबबंदी लागू रहितो घर मे अवैध रूप सं शराब निर्माणक मामिला सामने अयबाक बाद कईटा सवाल उठि रहल अछि। एतेक बेसी मात्रा मे शराब आ निर्माण उपकरणक बरामदगी सं इलाका मे अवैध शराब निर्माणक ठिकाना संचालित होयबाक खुलासा भेल अछि। एहि संबंध मे अलीनगर थानाध्यक्ष रंजीत कुमार शर्मा कहलनि जे गुप्त सूचना भेटलाक बाद पुलिस टीम गठित कए छापेमारी कयल गेल। एहि दौरान 102 लीटर देसी चुलाई शराब आ शराब बनेबाक उपकरण बरामद भेल। घटनास्थले सं दू आरोपित कें गिरफ्तार कयल गेल अछि। थानाध्यक्ष बतौलनि जे एहि मामिला मे अलीनगर थाना कांड संख्या 165/26 दर्ज कय दुनू गिरफ्तार आरोपितक विरुद्ध आगू कानूनी कारबाइ कयल जा रहल अछि।

5 नवंबर कें दरभंगा मे भाजपाक लोकतंत्र बचाउ, अराजकता हटाउ अभियान

दरभंगा, समदिया



आगामी 5 नवंबर कें दरभंगा मे आयोजित होमयवला भाजपाक लोकतंत्र बचाउ, अराजकता हटाउ कार्यक्रमक तैयारी कें लए दरभंगा परिसदन मे प्रदेश अध्यक्ष सह नगर विधायक संजय सरावगीक अध्यक्षता मे जिला कोर कमिटीक बैसार भेल। एहि दौरान कार्यक्रम कें सफल बनेबाक लेल पदाधिकारी आ कार्यकर्ता सभ कें अलग-अलग जिम्मेदारी सौंपल गेल। प्रदेश अध्यक्ष जानकारी देलनि जे पोलो मैदान मे आयोजित कार्यक्रम मे भारत सरकारक पर्यावरण, वन आ जलवायु परिवर्तन मंत्री भूपेंद्र यादव मुख्य अतिथिक रूप मे शामिल होयताह। कार्यक्रमक बाद हजारो कार्यकर्ताक विशाल पदयात्रा निकालल जाएत। ई पदयात्रा पोलो मैदान सं शुरू भए लोहिया चौक, नाका नंबर 6 आ कपूरी चौक होइत लहेरियासराय टावर धरि पहुंचत। संजय सरावगी कहलनि जे ई अभियान लोकतांत्रिक मूल्यक रक्षा आ जनजागरणक माध्यम अछि। ओ कार्यकर्ता सभ सं पूरा ताकति सं तैयारी मे जुटबाक अपील कयलनि। प्रदेश उपाध्यक्ष पवन जायसवाल बूथ स्तर धरि जनसंपर्क पर जोर देलनि। सांसद डॉ. गोपाल जी ठाकुर एहि कार्यक्रम कें जिला मे नव ऊर्जा संचार करयवला बतौलनि। ओतहि मंत्री रामचंद्र प्रसाद संगठनक एकजुटता कें कार्यक्रमक सफलताक आधार बतौलनि। बैसार मे पूर्व मंत्री हरी सहनी, विधायक डॉ. मुरारी मोहन झा, पूर्व विधायक अमरनाथ गामी सहित दुनू जिला अध्यक्ष आ कोर कमिटीक सदस्य उपस्थित छलाह।

बायोमीट्रिक हाजिरी आ ई-ऑफिस सं बदलि रहल सरकारी कार्यालयक कार्यशैली

मधुबनी, समदिया

जवाबदेही, पारदर्शिता आ समयबद्धता सुनिश्चित करबाक लेल डीएम आनंद शर्माक प्रभावी पहल



सरकारी कार्यालयक कार्यसंस्कृति कें जवाबदेह, पारदर्शी आ अनुशासित बनेबाक संग आम जनता कें समयपर सरकारी सेवाक लाभ उपलब्ध करयबाक लेल जिलाधिकारी आनंद शर्मा महत्वपूर्ण पहल कयलनिअछि। एहि अंतर्गत जिला सं लए कय प्रखंड आ पंचायत स्तर धरि अधिकारी आ कर्मीक उपस्थितिबायोमीट्रिक प्रणाली सं सुनिश्चित कयल जा रहल अछि। संगहि सरकारी संचिकाक निष्पादन मे तेजी आ पारदर्शिता लेल ई-ऑफिस प्रणाली पर सेहो जोर देल गेल अछि। डीएम निर्देश देलनि अछि जे प्रखंड आ पंचायत स्तर पर कार्यरत संबंधित अधिकारी आ कर्मी प्रतिदिन पूर्वाह्न 10 बजे सं 10:10 बजे धरि बायोमीट्रिक मशीन पर अपन हाजिरी बनौताह। एकर फोटोग्राफ आ प्रतिवेदन निर्धारित व्हाट्सएप समूह मे साझा करब अनिवार्य कयल गेल अछि। एहि व्यवस्था मे पंचायत कार्यपालक सहायक, पंचायत सचिव,राजस्व कर्मचारी, रोजगार सेवक, आवास सहायक, मनरेगा कर्मी, किसान सलाहकार, विकास मित्र सहितअन्य कर्मी शामिल छथि।सभ प्रखंड विकास पदाधिकारी कें 10:10 बजे सं 10:20 बजे धरि प्रखंडवार उपस्थिति प्रतिवेदन प्राप्त कएनिर्धारित समूह मे साझा करबाक निर्देश देल गेल अछि। प्रखंड स्तर पर निगरानीक जिम्मेदारी बीडीओआ जिला स्तर पर अपर समाहर्ता तथा स्थापना उपसमाहर्ता कें देल गेल अछि। लगातार तीन कार्यदिवसधरि उपस्थिति साझा नहि करयवला कर्मी पर बिहार सरकारी सेवक आचरण नियमावली, 1976 के अंतर्गतकारबाइ होयत। जिला मॉनिटरिंग शाखाक अक्टूबर मासक समीक्षा मे पंचायती राज विभागक 11 कर्मी पूर्वाह्न 10:30 बजे धरि अनुपस्थित पाओल गेलाह। एहि सभ सं स्पष्टीकरण मांगल गेल अछि। ओम्हर, ई-ऑफिस प्रणाली सं सरकारी संचिका आ पत्रक डिजिटल संचालन, ऑनलाइन अग्रसारण समयबद्ध समीक्षा संभव भेल अछि। आब कोनो संचिका कोन अधिकारीक स्तर पर लंबित अछि, एकरजानकारी सहजता सं भेटि सकैत अछि। प्रशासनक एहि पहल सं आम लोक कें आवेदन, शिकायत, प्रमाणपत्र आ राजस्व संबंधी कार्य मे अनावश्यकदेरी तथा कार्यालयक बेर-बेर चक्कर लगयबाक समस्या सं राहति भेटबाक अपेक्षा अछि। धरिनीकआधारित निगरानी आ डिजिटल कार्यप्रणाली सं जिला प्रशासन जवाबदेह, पारदर्शी आ जनहितकारीव्यवस्था बनेबाक दिशा मे आगू बढ़ि रहल अछि।

ग्रामीण सड़कक गुणवत्ता पर एसडीएम सख्त प्रखंडस्तरीय जांच दल करत स्थल निरीक्षण

» झंझारपुर अनुमंडल कार्यालय मे समीक्षा बैसार, आरडब्ल्यूडी अभियंता सभ कें जांचक निर्देश

झंझारपुर, समदिया



झंझारपुर अनुमंडल क्षेत्रक ग्रामीण सड़क सभक स्थिति आ गुणवत्ता जांच कें लए एसडीएम टोनी कुमारी सख्त रुख अपनौलनि अछि। शनिदिन ओ अपन कार्यालय प्रकोष्ठ मे समीक्षा बैसार कय संबंधितअधिकारी सभ कें आवश्यक निर्देश देलनि। जिलाधिकारी, मधुबनीक निर्देश पर ग्रामीण कार्य विभाग(आरडब्ल्यूडी) द्वारा अनुरक्षण कयल जा रहल सड़क सभक प्रखंडस्तरीय जांच दल सं स्थल निरीक्षण करा ओल जायत।एहि संबंध मे आयोजित बैसार मे ग्रामीण कार्य विभागक सहायक अभियंता आ कनीय अभियंता उपस्थितछलाह। एसडीएम स्पष्ट निर्देश देलनि जे आरडब्ल्यूडीक जिम् मे जे सड़क निर्माण आ अनुरक्षणक कार्य अछि, ओकर वास्तविक स्थिति प्रखंडस्तर पर गठित जांच दल द्वारा देखल जायत। जांचक दौरान सड़कक मोटाइ, मजबूती आ निर्माण मे उपयोग कयल गेल सामग्रीक गुणवत्ता कें बारीकी सं परखल जायत। जांचदल विस्तृत प्रतिवेदन तैयार कए अनुमंडल कार्यालय कें सौंपत। एहि पहल सं ग्रामीण सड़क निर्माण आअनुरक्षणक कार्य मे गुणवत्ता सुनिश्चित करबाक संग अनियमितताक स्थिति सेहो स्पष्ट होयत।उल्लेखनीय अछि जे एक दिन पहिने थाना चौक सं सुखेत धरि 1.76 करोड़ टाकाक लागत सं बनलसड़कक गुणवत्ता जांच लेल क्वालिटी कंट्रोल टीम खुदाइ कए नमूना लेने छल। एहि जांच मे निर्माण कार्यमे गड़बड़ीक आशंका जताओल गेल छल। आब अनुमंडल प्रशासन द्वारा व्यापक जांचक निर्देश देल गेल अछि।

सत्यनिष्ठा सं समृद्धिक संदेश लए सड़क पर उतरल बैंककर्मी, केलक 20 यूनिट रक्तदान

झंझारपुर, समदिया



बिहार ग्रामीण बैंकक क्षेत्रीय कार्यालय, झंझारपुरक तत्वावधान मे शनिदिन सतर्कता जागरूकता सप्ताहक अवसर पर जागरूकता रैली आ रक्तदान शिविरक आयोजन कयल गेल। 26 अक्टूबर सं 1 नवंबर धरिचलि रहल एहि विशेष सप्ताहक थीम सत्यनिष्ठा सं समृद्धि राखल गेल अछि। एहि क्रम मे शनिदिनक्षेत्रीय कार्यालय लंगड़ा चौक सं पैदल जागरूकता रैली निकालल गेल। बैंककर्मी हाथ मे जागरूकता संबंधीतख्ती लेने लोक सभ कें ईमानदारी, पारदर्शिता आ भ्रष्टाचारमुक्त कार्यसंस्कृतिक संदेश देलनि। रैली शहरक विभिन्न मार्ग होइत अनुमंडलीय अस्पताल पहुंचल, जतय ई रक्तदान शिविर मे परिणत भए गेल। शिविरक आयोजन अनुमंडलीय अस्पताल आ सदर अस्पतालक संयुक्त तत्वावधान मे कयल गेल। एकर संचालन सदर अस्पतालक चिकित्सक डॉ. विजय कुमार आ अनुमंडलीय अस्पतालक प्रबंधक गिरीश कुमारझाक देखरेख मे भेल।एहि दौरान महिला आ पुरुष अधिकारी सहित 20 सं बेसी बैंककर्मी स्वेच्छा सं रक्तदान कयलनि। क्षेत्रीयप्रबंधक प्रशांत गौतम कहलनि जे एहि कार्यक्रमक मुख्य उद्देश्य बैंककर्मी सभक बीच ईमानदारी,पारदर्शिता आ जवाबदेहीक भावना विकसित करब अछि। बैंकिंग सेवा मे सत्यनिष्ठा समृद्धिक आधारअछि। रक्तदान जेहन सामाजिक कार्य सं कर्मी सभ मे सेवाभाव सेहो विकसित होइत अछि। मौका परवरीय प्रबंधक सुमन कुमार झा, अमन भंडारी, मार्केटिंग ऑफिसर कुमार सौरभ, प्रबंधक कल्याणी झा, अनुपम झा, अविनाश झा, राहुल कुमार झा, पूजा कुमारी, आंचल कुमारी, आशीष कुमार, शैलेंद्र कुमार, मुकेश भारती, दुर्गेश पाराशर, ब्रह्मानंद कुमार, देवेश कुमार झा, कुमार लव, दीपक कुमार सहित बड़ संख्या मे अधिकारी आ कर्मचारी उपस्थित छलाह।

अनिल झाक जीत लोकतांत्रिक संघर्ष आ सामाजिक न्यायक जीत : सांसद डॉ. फैयाज अहमद

मधुबनी, समदिया



दरभंगा स्नातक सीट पर तीन दिन धरि चलल मतगणना आ परिणामक घोषणाक बाद नवनिर्वाचित एमएलसी अनिल झा कें राज्यसभा सांसद प्रतिनिधि सह राजद बुद्धिजीवी प्रकोष्ठक जिलाध्यक्ष विष्णुदेवसिंह यादव हर्षपूर्वक बधाई देलनि। ओ एहि जीत कें सामाजिक न्याय, लोकतांत्रिक संघर्ष आ युवा,बेरोजगार तथा शिक्षक सभक जीत बतौलनि। सांसद प्रतिनिधि विष्णुदेव सिंह यादव कहलनि जे 50 घंटा सं बेसी समय धरि चलल मतगणनाक दौरान भाजपा फर्जीवाड़ा कए अपन जीत माहौल बनेबाक प्रयास कए रहल छल। मुदा राजद नेता आ कार्यकर्ताक जत्था जखन मतगणना स्थल पर जुटय लागल, तखन परिस्थिति बदलय लागल। एहि कारणे पिछला तीन दिन सं जारी मतगणना पर नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी यादव आ हुनकर वरिष्ठ सलाहकार सह सांसद संजय यादव लगातार पैघ नजरि रखने छलाह। भाजपाक प्रशासनिक तंत्रक विरुद्ध तेजस्वी यादव द्वारा ट्वीट कयलाक तुरत बाद प्रशासनिक महकमासक्रिय भए गेल आ किछुए घंटाक बाद राजदक जीत औपचारिक घोषणा कयल गेल। सांसद प्रतिनिधिकहलनि जे मिथिलांचलक धरती पर अनिल झाक जीत एहि बात कें सुनिश्चित कए देलक जे सामाजिकन्याय केर धारा कोनो जाति अथवा धर्म धरि सीमित नहि रहत। शिक्षा, स्वास्थ्य आ रोजगारक लेलआवाज बुलंद करैत रहबाक आवश्यकता अछि। जीत बाद राजद सांसद डॉ. फैयाज अहमद, विधायक आसिफ अहमद, युवा राजदक निवर्तमान जिलाध्यक्ष रविरंजन उर्फ राजा यादव, डॉ. विजय चंद्र घोष, अमरेंद्रचौरसिया, मो. गालिब, डॉ. नोमान, राजेश मिश्रा, प्रकाश झा आ मुन्ना यादव सेहो नवनिर्वाचित एमएलसी अनिल झा कें बधाई आ शुभकामना देलनि।

वॉटसन मध्य विद्यालय मे स्वच्छता आ पर्यावरण संरक्षण पर प्रश्नोत्तरी प्रतियोगिता

मधुबनी, समदिया

डीपीओ आनंद अंकित कहलनि जे स्वच्छता मात्र अभियान नहि, ई हम सभक सामूहिक जिम्मेदारी



जिला गंगा समिति नमामि गंगे, मधुबनीक तत्वावधान मे विशेष अभियान 6.0क अंतर्गत वॉटसन मध्यविद्यालय, मधुबनी मे छात्र-छात्रा सभक बीच स्वच्छता आ पर्यावरण संरक्षण विषय पर संगोष्ठी सह प्रश्नोत्तरी प्रतियोगिताक आयोजन कयल गेल। कार्यक्रम मे विद्यार्थी सभ उत्साहपूर्वक भाग लेलनि आस्वच्छता, पर्यावरण संरक्षण तथा जलस्रोधरि महत्त्व सं जुड़ल प्रश्नक माध्यम सं अपन जानकारी आप्रतिभाक परिचय देलनि।प्रतियोगिता मे आयुष पहिल, प्रेम कुमार दोसर आ विकास कुमार यादव तेसर स्थान प्राप्त कयलनि।सफल प्रतिभागी सभ कें पदक आ प्रमाणपत्र द सम्मानित कयल गेल। एहि अवसर पर डीपीओ नमामि गंगे आनंद अंकित कहलनि जे स्वच्छता आ पर्यावरण संरक्षण कें जनआंदोलनक रूप देबय मे विद्यार्थी सभक भूमिका अत्यंत महत्त्वपूर्ण अछि। बच्चा सभ मे छोटहि अवस्था सं स्वच्छता, जल संरक्षण आ पर्यावरणक प्रति जिम्मेदारीक भावना विकसित करब आवश्यक अछि। विद्यार्थी स्वयं स्वच्छता अपना कए अपनपरिवार आ समाज कें सेहो एहि लेल प्रेरित कए सकैत छथि। ओ कहलनि जे स्वच्छ नदी, स्वच्छ जलस्रोतआ स्वच्छ पर्यावरण स्वस्थ आ सुरक्षित भविष्यक आधारशिला अछि। एहि क्रम मे ओ जानकारी देलनि जेकाल्हि +2 वॉटसन उच्च विद्यालय, मधुबनी मे स्थानीय विद्यालयक छात्र-छात्रा सभक बीच भाषणप्रतियोगिता सह सांस्कृतिक कार्यक्रम आयोजित कयल जायत। कार्यक्रमक अध्यक्षता विद्यालयक प्रभारीप्रधानाध्यापिका भारती कुमारी कयलनि। संचालन विद्यालयक विशिष्ट शिक्षक सह गंगा मित्र मनीष कर्णकयलनि। प्रतियोगिताक निर्णायकक भूमिका सरस्वती विद्या निकेतन (+2 मनमोहन उच्च विद्यालय),रामपट्टीक नवाचारी शिक्षक सह गंगा मित्र पवन कुमार निभौलनि। कार्यक्रमक माध्यम सं विद्यार्थी सभकें स्वच्छता प्रति सजग रहबाक, पर्यावरण संरक्षण मे सक्रिय भागीदारी निभेबाक आ एहि संदेश कें जन- जन धरि पहुंचेबाक लेल प्रेरित कयल गेल। कार्यक्रम कें सफल बनाबय मे विद्यालयक शिक्षिका मनीषा रानी, शबाना प्रवीण आ नस्र कौशर सहित अन्य शिक्षिका सभ महत्त्वपूर्ण भूमिका निभौलनि।

उत्तराखंडक किसान झंझारपुर सं सीखताह मखानक वैज्ञानिक खेतीक गुण

ऑनलाइन प्रशिक्षण मे 80 किसान लेलनि भाग

झंझारपुर, समदिया



डॉ. राजेंद्र प्रसाद केंद्रीय कृषि विश्वविद्यालय, पूसा के क्षेत्रीय अनुसंधान केंद्र, झंझारपुर अपन कृषि धरिनीकक प्रसार बिहार सं बाहर धरि कय रहल अछि। केंद्रक वरिष्ठ धरिनीकी सहायक आशीष रायउत्तराखंडक किसान सभ कें मखानाक वैज्ञानिक खेतीक तरीका सिखौलनि। शनिदिन उत्तराखंडक ऊधम सिंह नगर जिला मे ऑनलाइन प्रशिक्षणक आयोजन कयल गेल। एकर आयोजन राजकीय सामुदायिक फलसंरक्षण एवं प्रशिक्षण केंद्र, काशीपुर द्वारा कयल गेल छल। एहि प्रशिक्षण मे मुख्य उद्यान पदाधिकारीसहित करीब 70-80 किसान भाग लेलनि। कार्यक्रम मे आशीष राय कें विषय विशेषज्ञक रूप मे आमंत्रितकयल गेल छल। प्रशिक्षणक दौरान आशीष राय किसान सभ कें मखानाक खेती आ कारोबार सं जुड़ल चारि प्रमुख मंत्र बतौलनि। पहिल मंत्र वैज्ञानिक खेती छल, जाहि मे जल प्रबंधन, गुणवत्तापूर्ण बीज, रोपाइक सही विधि आ फसल प्रबंधनक जानकारी देलनि। दोसर मंत्र प्रसंस्करण छल, जाहि मे मखानाक दानाकगुणवत्ता बढ़ेबाक आ ओकरा तैयार करबाक तरीका बुझौलनि। तेसर मंत्र मूल्य संवर्धन छल, जाहि मे पैकेजिंग आ ब्रांडिंगक माध्यम सं मखानाक कीमत बढ़ेबाक जानकारी देलनि। चारिम मंत्र विपणन छल,जाहि मे बाजार मे मखान बेचि बेसी लाभ कमेबाक तरीका बतौलनि। ओ कहलनि जे वैज्ञानिक धरिनीकअपना कय किसान उत्पादन आ गुणवत्ता दुनू मे सुधार कए सकैत छथि। एहि सं किसानक आमदनी बढ़बाक संग गांवहि मे रोजगार आ उद्यमिताक नव अवसर सेहो पैदा होयत। संपूर्ण प्रशिक्षण कार्यक्रम क्षेत्रीय अनुसंधान केंद्र, झंझारपुरक प्रभारी डॉ. संजय कुमारक मार्गदर्शन मे संचालित कयल जा रहल अछि।

डीपीआरसी मधुबनी मे बाल आ महिला हितैषी पंचायत विषय प्रशिक्षण आयोजित

मधुबनी, समदिया



जिला पंचायत संसाधन केंद्र (डीपीआरसी), मधुबनी द्वारा सतत विकास लक्ष्यक स्थानीयकरण (एलएसडीजी) अंतर्गत थीम-3 : बाल हितैषी पंचायत आ थीम-9 : महिला हितैषी पंचायत विषय पर दूदिवसीय प्रशिक्षण कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। प्रशिक्षण मे मधुबनी जिलाक सभ बाल विकासपरियोजना पदाधिकारी (सीडीपीओ), महिला पर्यवेक्षिका (एलएस), जिला कार्यक्रम प्रबंधक (डीपीएम- डब्ल्यूसीडीसी) आ जिला मिशन समन्वयक (डीएमसी-डब्ल्यूसीडीएस) भाग लेलनि। कार्यक्रम मे सहायक जिला पंचायत राज पदाधिकारी आलोक कुमार श्रीवास्तव, डीपीआरसीक नोडल पदाधिकारी विकास मिश्रा आ आरटीपीएसक नोडल पदाधिकारी रजनीश कुमार प्रशिक्षककक रूप मे उपस्थित छलाह। प्रशिक्षक सभदुनू विषयक विभिन्न पक्ष, उद्देश्य आ पंचायत स्तर पर प्रभावी क्रियान्वयनक संबंध मे विस्तारपूर्वक जानकारी देलनि।प्रशिक्षणक मुख्य उद्देश्य बाल अधिकारक सुरक्षा, बच्चा सभक सर्वांगीण विकास, पोषण, स्वास्थ्य आ शिक्षाक बढ़ावा देबाक संग महिलाक सुरक्षा, सम्मान, समानता, अधिकार आ सामाजिक-आर्थिकसशक्तीकरण सुनिश्चित करबाक लेल विभागीय समन्वय आ क्षमता संवर्धन करब छल। थीम-3 अर्थातबाल हितैषी पंचायत अंतर्गत बच्चा सभक लेल सुरक्षित आ अनुकूल वातावरण बनेबाक, बाल विवाह, बाल श्रम, बाल तस्करी आ बाल शोषण रोकबाक, विद्यालय सं बाहर रहि गेल बच्चा सभक पहचान करबाक तथा बाल सभा आ बालिका सभाक माध्यम सं बच्चा सभक सहभागिता सुनिश्चित करबाक विषय पर चर्चा भेल। ओतहि थीम-9 अर्थात महिला हितैषी पंचायत अंतर्गत महिलाक अधिकार, स्वास्थ्य, पोषण, शिक्षा, सुरक्षा, लैंगिक समानता, महिला सहभागिता आ आजीविका संवर्धन पर विशेष जोर देल गेल। प्रशिक्षणक दौरान कहल गेल जे बाल आ महिला हितैषी पंचायधरि निर्माण लेल पंचायती राज संस्था सभ आ संबंधित विभागक बीच नीक समन्वय आवश्यक अछि। संगहि पंचायत स्तर पर संचालित योजनाकप्रभावी क्रियान्वयन आ सतत विकास लक्ष्यक प्राप्ति लेल स्थानीय जनप्रतिनिधि तथा विभागीय पदाधिकारी सभक सक्रिय सहभागिता जरूरी अछि। ई प्रशिक्षण कार्यक्रम पंचायत सभ कें समावेशी, सुरक्षित, संवेदनशील आ विकासोन्मुख बनेबाक दिशा मे क्षमता संवर्धनक महत्वपूर्ण प्रयास रहल।

स्टूडेंट क्रेडिट कार्ड ऋण स्वीकृति मे देरी सं छात्र परेशान

मधुबनी, समदिया

उच्च शिक्षा ग्रहण करबाक लेल सरकार द्वारा स्टूडेंट क्रेडिट कार्ड योजनाक माध्यम सं देल जायवला ऋणक स्वीकृति मे देरी होयबाक कारणे छात्र सभ परेशानी झेलि रहल छथि। एहि योजनाक अंतर्गत जिलानिबंधन सह परामर्श केंद्र (डीआरसीसी) के माध्यम सं छात्र सभ कें चारि लाख टाका धरि ऋण उपलब्धकराओल जाइत अछि। एहि योजनाक लाभ उठा कय एखन धरि लाखो छात्र अपन भविष्य संवारि चुकलछथि। मुदा, हालक दिन मे डीआरसीसी द्वारा ऋण स्वीकृत करय मे बहुत देरी कयल जा रहल अछि। एकर परिणाम ई भए रहल अछि जे कतेको छात्र समय पर अपन शिक्षण संस्थान मे शुल्क जमा नहि कय पाबि रहल छथि आ पढ़ाइ बीचहि मे छोड़ि वापस आबय लेल विवश छथि। जानकारी अनुसार, जुलाई 2026 मे ऋण लेल आवेदन देनिहार छात्र सभक ऋण एखन धरि स्वीकृत नहि भेल अछि। जं नवंबर धरि ऋण स्वीकृत भए शिक्षण संस्थान कें पहिल किस्त नहि पहुंचत, तं छात्र सभ दिसंबर मे होमयवला प्रथमसेमेस्टरक परीक्षा मे शामिल होयबा सं वंचित भए सकैत छथि। छात्र सभक आरोप अछि जे डीआरसीसीद्वारा ऋण स्वीकृति मे पक्षपातपूर्ण रवैया अपनाओल जाइत अछि। एहि कारण गरीब आ कमजोर वर्गकछात्र सभक अभिभावक कें डीआरसीसी कार्यालयक बेर-बेर चक्कर लगाबय पड़ैत अछि आ कतेको कठिनाइयक सामना करय पड़ैत अछि। एहि संबंध मे राजद नेता हनुमान प्रसाद राउत जिलाधिकारी,मधुबनी कें आवेदन दैत छात्र सभक एहि समस्याक शीघ्र समाधान करबाक मांग कयलनि अछि। ओ मांगकयलनि जे छात्र सभक ऋण समय पर स्वीकृत कय शिक्षण संस्थान कें पहिल किस्त पठाओल जाय, जाहि सं छात्र सभ दिसंबर मे होमयवला परीक्षा मे शामिल होयबा सं वंचित नहि रहथि।

महाकवि विद्यापतिक गीत पर चारि दिवसीय कार्यशालाक होयत आयोजन

मधुबनी, समदिया

बिहार सरकारक कला एवं संस्कृति विभाग द्वारा संचालित आम्रपाली कला प्रशिक्षण केंद्र, मधुबनी मेमिथिलाक महाकवि विद्यापति द्वारा रचित गीत पर आधारित चारि दिवसीय विशेष कार्यशालाकआयोजन कयल जा रहल अछि। ई कार्यशाला 4 नवंबर सं 7 नवंबर 2026 धरि चलत। कार्यशालाकसंचालन सुप्रसिद्ध संगीतज्ञ पंडित राधा मोहन मिश्रा करताह। एहि कार्यशालाक माध्यम सं प्रतिभागी सभकें महाकवि विद्यापतिक अमूल्य गीत, हुनकर गायन शैली, संगीत परंपरा आ सांस्कृतिक महत्ता सं परिचित कराओल जायत। संगहि, प्रतिभागी सभ कें एहि गीधरि गायन आ प्रस्तुतीकरणक व्यावहारिक प्रशिक्षणसेहो देल जायत। कार्यशाला मे कुल 50 प्रतिभागीक चयन कयल जायत। चयन पहिने आउ, पहिने पाउ आधार पर होयत। इच्छुक बच्चा आ विद्यार्थी निर्धारित सीट उपलब्ध रहबाक आधार पर एहि कार्यशाला मे भाग लय सकैत छथि। आवेदन प्राप्त करबाक आ जमा करबाक लेल प्रतिभागी कार्यालय अवधि मे आम्रपाली प्रशिक्षण केंद्र, भूतल, जिला परिषद कार्यालय मे संपर्क कय सकैत छथि। एहि संबंध मे विशेष जानकारी लेल कार्यालयक संपर्क नंबर 9931747796 पर संपर्क कयल जा सकैत अछि। कार्यशालाक दौरानप्रतिदिन दू गोट प्रशिक्षण सत्र आयोजित होयत। पहिल सत्र अपराह्न 3 बजे सं 4 बजे धरि आ दोसर सत्रअपराह्न 4:30 बजे सं सांझ 6:30 बजे धरि चलत। एहि आयोजनक उद्देश्य महाकवि विद्यापतिक समृद्धसंगीत आ सांस्कृतिक विरासत कें नव पीढ़ी धरि पहुंचेनाइ तथा युवा सभ मे मैथिली गीत-संगीधरि प्रतिरुचि आ अभिरुचि विकसित करब अछि।

डीआइजी केलनि यातायात थानाक निरीक्षण, लंबित मामिलाक शीघ्र निष्पादन पर जोर

सहरसा, समदिया

सड़क सुरक्षा, जाम नियंत्रण आ पर्व-त्योहार मे विशेष यातायात व्यवस्था सुनिश्चित करबाक निर्देश



कोशी क्षेत्रक पुलिस उपमहानिरीक्षक डॉ. कुमार आशीष जिलाक यातायात थानाक निरीक्षण केलनि। एहि दौरान पुलिस अधीक्षक विक्रम सिहाग आ पुलिस उपाधीक्षक, यातायात ओम प्रकाश उपस्थित छलाह। निरीक्षणक क्रम मे डीआइजी थाना मे संधारित पंजी आ संचिकाक समीक्षा कयलनि। ओ सभ अभिलेख कें व्यवस्थित आ अद्यतन रखबाक निर्देश देलनि। डीआइजी लंबित कांडक समीक्षा कय ओकर निष्पादन लेल अगिला महिनाक लक्ष्य निर्धारित केलनि। थानाध्यक्ष कें लंबित मामिला आ मुआवजा प्रस्तावक शीघ्र निष्पादन सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। एहि दौरान पुलिस भवनक स्थिति सेहो देखलनि आ थाना परिसर कें साफ-सुथरा रखबाक लेल कहलनि। सड़क सुरक्षाक संबंध मे प्रतिदिन चालान अभियान चलयबाक आ व्यापक जागरूकता कार्यक्रम आयोजित करबाक निर्देश देलनि। सड़क आ मार्ग पर अनावश्यक कब्जा कय जामक स्थिति उत्पन्न करयवला लोक सभ कें चिह्नित कय कारबाइ करबाक लेलकहलनि। आगामी पर्व-त्योहार कें देखैत विशेष यातायात व्यवस्था सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। डीआइजी ट्रैफिक ट्रॉली, बैटन, जैकेट आ बॉडी वार्न कैमरा सहित आधुनिक उपकरणक प्रभावी उपयोगकरबाक संगहि वन-वे मार्गक पहचान कय सुचारु यातायात परिचालन पर जोर देलनि। ओ नीक काजकरयवला यातायात पुलिसकर्मी कें पुरस्कृत करबाक आ काज मे लापरवाही बरतयवला कर्मीसभक विरुद्ध उचित कारबाइ करबाक निर्देश देलनि। संगहि आम लोकक समस्या सुनि ओकर त्वरित समाधान करबाक आ यातायात सं जुड़ल सभ पोर्टल कें नियमित रूप सं अद्यतन रखबाक आवश्यकता पर बल देलनि।

इंदिरा गांधी आ सरदार पटेल कें कांग्रेसजन देलनि श्रद्धांजलि



सीतामढ़ी, समदिया

देशक पहिल महिला प्रधानमंत्री आयरन लेडी इंदिरा गांधीक शहादत दिवस आ देशक पहिल गृहमंत्री लौहपुरुष सरदार वल्लभभाई पटेलक जयंती पर जिला कांग्रेस कार्यालय ललित आश्रम, गांधी मैदान मे श्रद्धांजलि सभा सह विचार गोष्ठीक आयोजन कयल गेल। सर्वप्रथम कांग्रेसजन दुनू नेता सभक तैलचित्र पर पुष्पांजलि अर्पित कभावभीनी श्रद्धांजलि देलनि। कार्यक्रम कें संबोधित करैत पूर्व जिला उपाध्यक्ष सीताराम झा, प्रदेश कांग्रेस प्रतिनिधि डॉ. राजीव कुमार काजू, मो. शम्स शाहनवाज, ताराकांत झा, आलोक सिंह राठौर, घनश्याम मिश्र आ प्रो. राजकुमार गुप्ता कहलनि जे 31 अक्टूबर भारतीय इतिहासक दूमहत्वपूर्ण राजनीतिक विरासत कें स्मरण करबाक दिन अछि। वक्ता सभ कहलनि जे सरदार वल्लभभाई पटेल बिखरल रियासत सभ कें एकजुट क भारतक एकता कें मजबूत आधार देलनि, तं पूर्व प्रधानमंत्री इंदिरा गांधी अपन निर्णय सभक माध्यम सं देशक सामरिक शक्ति आ राजनीतिक दिशा पर गहींर छाप छोड़लनि। दुनू नेता दृढ़ इच्छाशक्ति आ निर्णायक नेतृत्वक प्रतीक छलाह। राष्ट्र निर्माण मे हुनकर अमूल्य योगदान कें सदिखन स्मरण कयल जायत। कार्यक्रम मे धीरज कुमार सिंह, संजय कुमार शर्मा, सोहन प्रसाद, ऋतु ठाकुर, उमेश सिंह, वीरेंद्र कुशवाहा, नंदन कुमार, वेदांशु सिंह आ रिपु कुमार सहित अन्य कांग्रेसजन सेहो देशक दुनू महान नेता कें आदरपूर्वक श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि।

मैथिलीक युवा कवि सभ लेल शब्दांकुर 2027 प्रतियोगिताक आयोजन

दरभंगा, समदिया

हमर माटि, हमर पहिचान सहित पांच विषय पर होयत युवा मैथिली कविता प्रतियोगिता

मैथिली भाषा, साहित्य आ सांस्कृतिक विरासत कें बढ़ावा देबाक उद्देश्य सं अष्टदल संस्था दिस सं शब्दांकुर 2027युवा मैथिली कविता प्रतियोगिताक आयोजन कयल जा रहल अछि। एहि पहलक माध्यम सं युवा सभ कें अपनमातृभाषा मैथिली मे मौलिक कविता लिखबाक आ अपन रचनात्मक प्रतिभा देखेबाक अवसर भेटतनि। प्रतियोगिताक लेल पांच विषय निर्धारित कयल गेल अछि। हमर माटि, हमर पहिचान, अपन माटि, गाम, जड़ि आ सांस्कृतिक पहिचान सं जुड़ाव। हमर भाषा, हमर स्वर, मैथिली भाषा, अभिव्यक्ति आ भाषायी अस्मिता, प्रकृति आ जीवनक राग, प्रकृति, पर्यावरण आ जीवनक विविध रंग, स्मृति, संबंध आ अपनापन - जीवनक स्मृति, पारिवारिक संबंध आ आत्मीयता। नव सपना, नव समाज - युवासभक सपना, नव संभावना आ नीक समाजक परिकल्पना।एहि विषय सभक माध्यम सं युवा रचनाकार अपन भाषा, संस्कृति, प्रकृति, संबंध आ भविष्यक प्रति अपन विचारकविता रूपें प्रस्तुत कए सकताह। प्रतियोगिता मे वएह रचनाकार सभ भाग लए सकैत छथि, जिनकर आयु 31दिसंबर 2026 तक 35 वर्ष सं बेसी नहि हो। कविता मैथिली भाषा मे मौलिक आ अप्रकाशित हेबाक चाही तथा ओहि मे कम-सं-कम 30 शब्द रहबाक चाही।प्रतियोगिताक पहिल पुरस्कार 11,000, दोसर पुरस्कार 5,000 आ तेसर पुरस्कार 2,500 निर्धारित कयल गेल अछि। प्रविष्टि जमा करबाक अंतिम तिथि 31 दिसंबर 2026 अछि।

» युवा सभ कें अपन भाषा आ संस्कृति सं जुड़बाक भेटत अवसर

पुलिस सभा मे एसपी देलनि कर्मीक समस्या शीघ्र दूर करबाक निर्देश

सहरसा, समदिया



पुलिस अधीक्षक विक्रम सिहागक अध्यक्षता मे शनिदिन पुलिस केंद्र मे पुलिस सभाक आयोजन कयल गेल। एहि दौरान जिलाक विभिन्न पुलिस पदाधिकारी आ पुलिसकर्मीसब सं सीधा संवाद कय हुनकरव्यक्तिगत आ विभागीय समस्या गंभीरतापूर्वक सुनलनि। पुलिस अधीक्षक कर्मी सभ द्वारा राखल गेल समस्या आ सुझावक जानकारी लैत ओकर समाधान लेल सकारात्मक आ संवेदनशील दृष्टिकोण अपनयबाक जरूरत पर जोर देलनि। सभाक दौरान प्राप्त समस्याक निष्पादन लेल संबंधित पदाधिकारी आ शाखा प्रभारी सभ कें आवश्यक दिशा-निर्देश देल गेल। एसपी स्पष्ट रूप सं कहलनि जे पुलिसकर्मीसभकउचित आ जायज समस्याक शीघ्र निष्पादन सुनिश्चित कयल जाय, जाहि सं हुनका अनावश्यक परेशानीनहि हो आ ओ नीक ढंग सं अपन कर्तव्यक निर्वहन कय सकथि। ओ अधिकारी सभ कें निर्देश देलनि जे कर्मीसभक व्यक्तिगत आ विभागीय समस्याप्रति संवेदनशील रहैत प्रत्येक मामिला मे आवश्यक कारबाइ कय समयबद्ध समाधान सुनिश्चित करथि। पुलिस अधीक्षक कहलनि जे कर्मीसभक समस्या दूर करब आ हुनकर कल्याण कें प्राथमिकता देब विभागीय कार्यकुशलता आ नीक पुलिसिंग लेल आवश्यक अछि। पुलिससभाक माध्यम सं कर्मी सभ कें अपन बात सीधे पुलिस अधीक्षकक समक्ष रखबाक अवसर भेटल। एहि पहल सं पुलिसकर्मी सभ मे सकारात्मक संदेश गेल आ विभागीय समस्याक समाधानक उम्मीद मजबूतभेल।

राष्ट्रीय एकता दिवस पर वीमेंस कॉलेज मे सरदार पटेलक स्मरण

मधेपुरा, समदिया



कौशल्या ग्राम स्थित वीमेंस कॉलेज, मधेपुरा मे शुक्रदिन राष्ट्रीय सेवा योजना (एनएसएस) इकाइकतत्वावधान मे लौह पुरुष सरदार वल्लभभाई पटेलक जयंती राष्ट्रीय एकता दिवसक रूप मे मनाओल गेल।समारोहक उद्घाटन कॉलेजक संस्थापक सह श्रीकृष्ण विश्वविद्यालय, उदाकिशुनगंजक कुलपति डॉ. अशोककुमार दीप प्रज्वलित कय कयलनि। मुख्य अतिथि डॉ. अशोक कुमार कहलनि जे सरदार पटेलक जीवनराष्ट्रसेवा, दृढ़ इच्छाशक्ति आ अटूट संकल्पक अनुपम उदाहरण अछि। स्वतंत्रताक बाद सैकड़ो रियासत कें भारत मे विलय कराकय अखंड राष्ट्रक निर्माण मे हुनकर ऐतिहासिक योगदान सदिखन स्मरणीय रहत। ओ छात्रा सभ सं राष्ट्रक एकता आ अखंडता बनौने रखबाक लेल सक्रिय भूमिका निभेबाक आह्वानकयलनि। कहलनि जे शिक्षण संस्थानक जिम्मेदारी किताबी ज्ञान देबय तक सीमित नहि, बल्किविद्यार्थीसब मे अनुशासन, भाईचारा आ सामाजिक समरसताक भावना विकसित करब सेहो अछि। डॉ.भगवान मिश्रा सरदार पटेल कें भारतक अखंडता, साहस आ दृढ़ निश्चयक प्रतीक बतौलनि। सिंडिकेटसदस्य डॉ. गौतम कुमार कहलनि जे 562 सं बेसी रियासतसभक एकीकरण हुनकर कूटनीति आ नेतृत्वक्षमताक परिणाम छल। बारडोली सत्याग्रह मे किसानक अधिकार लेल संघर्षक बाद हुनका 'सरदार' उपाधि भेटल छल। एहि अवसर पर छात्रा, शिक्षक आ कर्मचारी सभ राष्ट्रक एकता, अखंडता आ सुरक्षाक रक्षाकरबाक सामूहिक शपथ लेलनि। छात्रा सभ देशभक्ति गीत प्रस्तुत कयलनि। कार्यक्रम मे परीक्षा नियंत्रकप्रो. माधव कुमार, प्रो. अंकिता कुमारी, प्रो. नीलू कुमारी, ज्योतिषाचार्य तरुण झा, प्रो. प्रभात रंजन सहितअन्य शिक्षक आ छात्रा उपस्थित छलीह। सभ गोटे सरदार पटेलक चित्र पर पुष्पांजलि अर्पित कयलनि।

सरदार पटेलक जयंती पर आयोजित भेल कार्यक्रम

सोनबरसा, समदिया

शिक्षा आ सामाजिक समरसता पर भेल चर्चा



सरदार वल्लभभाई पटेलक 151म जयंतीक अवसर पर शिक्षक संघ भवन, पटेलनगर मे अखिल भारतीय कुर्मी क्षत्रिय महासभाक युवा प्रदेश अध्यक्ष प्रो. अजय कुमार पटेलक नेतृत्व मे कार्यक्रम आयोजित कयलगेल। कार्यक्रमक शुभारंभ राष्ट्रपति पुरस्कार सं सम्मानित शिक्षक हरिनारायण पटेल दीप प्रज्वलित कय केलनि। कार्यक्रमक अध्यक्षता देवधारी पटेल आ संचालन किशोरी बैठा केलनि। एहि अवसर पर प्रो. अजय पटेल कहलनि जे आइ देश सरदार पटेलक 'एक भारत, श्रेष्ठ भारत' संकल्प कें साकार कय रहल अछि। लौह पुरुष सरदार पटेल देश कें एकताक सूत्र मे बान्हबाक जे ऐतिहासिक काज केलनि, से सभक लेल निरंतर प्रेरणाक स्रोत अछि। कार्यक्रम मे समाज मे शिक्षा, सहकारिता, युवा सशक्तीकरण, नारी शक्ति आ सामाजिक समरसता कें बढ़ावा देबाक संबंध मे विचार-विमर्श कयल गेल। मौका पर पैक्स अध्यक्ष विरंजनसिंह, पूर्व जिला परिषद सदस्य विजय कुमार, पूर्व मुखिया संजय कुमार, सरपंच हरिश्चंद्र पटेल, पूर्व शाखाप्रबंधक नंदलाल बैठा, विशंभर पटेल, रामचंद्र महतो, विनोद कुमार, भाजपा नेता सुरेश पटेल, बैजू पटेल सहितआन लोक उपस्थित छलाह।

दरभंगा स्नातक क्षेत्र सं अनिल झा जीक ऐतिहासिक जीत पर किसान नेता पंकज झा देलनि बधाइ



मधुबनी, समदिया

दरभंगा स्नातक निर्वाचन क्षेत्र सं लोकप्रिय प्रत्याशी अनिल झा जीक शानदार जीत पर पूरा मिथिला मे हर्षक माहौल अछि। एहि ऐतिहासिक जीत पर बिहार प्रदेश किसान नेता आ ग्राम पंचायत कोइलख, सरपंच पंकज झा हार्दिक बधाइ आ शुभकामना देलनि अछि। सरपंच पंकज झा कहलनि जे अनिल झा जीक ई जीत, शिक्षा, संघर्ष आ स्नातकसमुदायक विश्वासक जीत थिक। ई जीत बता रहल अछि जे जनता सच्चा, ईमानदार आ शिक्षित नेतृत्व कें चुनलक अछि। दरभंगा स्नातक क्षेत्रक मतदाता ई साबित कए देलनि जे मिथिला धरती हमेशा योग्य व्यक्तिक साथ दैत अछि।ओ आगू कहलनि जे अनिल झा जीक नेतृत्व मे स्नातक क्षेत्रक युवा, शिक्षक आ किसानक आवाज विधान परिषद मे आर मजबूती सं गूंजत। पंकज झा जी दरभंगा स्नातक

बाल सुरक्षा संकल्प अभियानक भेल शुभारंभ

सीतामढ़ी, समदिया

बाल विवाह आ मानव तस्करी रोकबाक लेल चलत विशेष पखवाड़ा



बाल दिवसक अवसर पर पुलिस अधीक्षक अमित रंजनक निर्देशन आ वरीय पुलिस उपाधीक्षक (मुख्यालय)मो. नजीब अनवरक मार्गदर्शन मे सीतामढ़ी पुलिसक मानव तस्करी निरोध इकाई आ अदिथी कवचपरियोजनाक संयुक्त तत्वावधान मे विशेष पखवाड़ा 'बाल सुरक्षा संकल्प अभियान'क शुभारंभ पुलिस केंद्र स्थित आनंद भवन मे कयल गेल। अभियानक शुभारंभ मानव तस्करी निरोध इकाइक पुलिस निरीक्षक-सह-प्रभारी सुशील कुमार सिंह उपस्थित पुलिसकर्मी आ परियोजना प्रतिनिधि सभ कें मानव तस्करी आबाल विवाह रोकबाक तथा बच्चासभक अधिकार आ सुरक्षाक संरक्षण लेल सामूहिक शपथ दियाबैतकेलनि। ई विशेष अभियान 14 नवंबर 2026 धरि चलत। अभियानक अंतर्गत जिलाक चयनित पंचायत सभ मे पंचायत स्तरीय हितधारक लेल प्रशिक्षण कार्यशाला आयोजित कयल जाएत। एहि कार्यशाला सभ मे बाल विवाह निषेध, बाल संरक्षण आ बाल तस्करी रोकथाम सं जुड़ल प्रमुख कानून आ कानूनीप्रावधानक जानकारी देल जाएत। एकर उद्देश्य पंचायत प्रतिनिधि, संबंधित विभाग आ स्थानीयहितधारकसभक बीच नीक समन्वय स्थापित कय सामूहिक प्रयास सं बाल तस्करी आ बाल विवाह मुक्तपंचायतक निर्माण करब अछि। एहि अभियानक अंतर्गत किशोरी संवाद, बाल सुरक्षा संवाद, बाल मजदूरी आबाल तस्करी विरुद्ध जागरूकता कार्यक्रम, चित्रकला आ निबंध प्रतियोगिता सहित विभिन्न गतिविधिआयोजित कयल जाएत। एहि माध्यम सं बच्चा आ किशोरी सभ कें अपन अधिकार, सुरक्षा, कानूनीसहायता आ शोषणक विरुद्ध आवाज उठेबाक लेल जागरूक कयल जाएत। एहि अवसर पर अदिथी कवचपरियोजनाक कन्वर्जेंस विशेषज्ञ मुकुंद कुमार चौधरी कहलनि जे बाल सुरक्षाक जिम्मेदारी मात्र पुलिस वा कोनो एक विभागक नहि, बल्कि समाजक प्रत्येक व्यक्तिक सामूहिक जवाबदेही अछि। पंचायत स्तर परसभ हितधारकक समन्वित प्रयास, सामुदायिक जागरूकता आ कानूनक प्रभावी क्रियान्वयन सं बाल तस्करीआ बाल विवाह पर रोक लगाओल जा सकैत अछि। परियोजनाक कन्वर्जेंस विशेषज्ञ मनीष कुमार कहलनिजे अभियानक उद्देश्य मात्र जागरूकता कार्यक्रम आयोजित करब नहि, बल्कि पंचायत आ समुदाय स्तरपर बाल सुरक्षाक प्रति जिम्मेदारी आ जवाबदेहीक भावना विकसित करब अछि।

समाज संगठित रहत तखने सभ क्षेत्र मे आगू बढ़ब : अनिता साह

जनकपुरधाम, समदिया



समाज मे एकता रहत तखने हम सभ राजनीतिक आ शैक्षणिक क्षेत्र मे आगू बढ़ि सकैत छी। एहि लेल समाजक संगठित होयब आवश्यक अछि। उक्त बात पूर्व केंद्रीय मंत्री अनिता साह तेली कल्याण समाजनेपाल, धनुषाक दिस सं दशहरा, दीपावली आ छठ पर्वक अवसर पर आयोजित शुभकामना आदान-प्रदानकार्यक्रम मे मुख्य अतिथिक रूप मे संबोधित करैत कहलनि। ओ कहलनि जे मधेश मे यादवक बाद तेली समाजक जनसंख्या सर्वाधिक अछि, मुदा राजनीतिक क्षेत्र मे हम सभ बहुत पाछू छी। एकर मुख्य कारण समाजक असंगठित रहब अछि। हम सभ एक-दोसरक टांग खींचबाक काज करैत छी। समाज मे शिक्षाकविकास तं भेल अछि, मुदा जनसंख्याक अनुपात मे साक्षरताक दर एखनो कम अछि। महिला शिक्षाकविकास लेल बेटीक पढ़ेनाइ आवश्यक अछि। अनिता साह कहलनि जे समाज मे दहेज प्रथा आ अंधविश्वास सन कुरीति एखनो कायम अछि। एहि सभ कुरीतिक उन्मूलन करबाक जरूरत अछि।ललित साहक अध्यक्षता मे आयोजित एहि कार्यक्रम मे संविधान सभा सदस्य आ पूर्व संघीय राज्यमंत्रीअरविंद साह, नेकपा माओवादीक संसदीय दलक नेता तथा मधेश प्रदेशक पूर्व गृह, कानून आ सञ्चार मंत्रीभरत साह, धनुषा जिला विकास समितिक पूर्व सभापति राम चरित्र साह, राजर्षि जनक विश्वविद्यालयकपूर्व रजिस्ट्रार प्रो. सत्य नारायण साह, पूर्व मेयर बजरंग प्रसाद साह, तेली कल्याण समाज नेपालकमहासचिव सत्य नारायण साह, जनकपुरधाम स्थित शहीद गंगालाल श्रेष्ठ हृदय रोग संस्थानक अध्यक्ष डॉ.राजेश कुमार साह आ राष्ट्रीय स्वतंत्र पार्टीक वरिष्ठ नेता अंबू प्रसाद साह सहित समाजक कतेको गणमान्य व्यक्ति अपन विचार रखलनि।

एआइ युग मे साइबर सुरक्षा बनल पैघ चुनौती

दिनेश सी शर्मा

कृत्रिम बुद्धिमत्ता (एआइ) केर बढ़ैत उपयोगक संग साइबर सुरक्षा आब दुनियां भरि मे पैघ चुनौती बनि गेल अछि। हालक दिन मे साइबर हमलाक घटना मे अप्रत्याशित वृद्धि भेल अछि, जाहि सं कतेको देशक ऑनलाइन सेवा ठप पड़ि गेल। बैंक, बीमा कंपनी, सरकारी सेवा, शिक्षा आ जनोपयोगी सेवा सभ एहि हमला सं प्रभावित भेल अछि। जापानक एकटा ऑनलाइन वित्तीय सेवा कंपनी अपन विदेशी मुद्रा कारोबार मंच पर भेल साइबर हमलाक कारण ग्राहक सभ कें भेल क्षतिक भरपाई करबाक निर्णय लेने अछि। अमेरिका मे कतेको सरकारी आ निजी वेबसाइट सभ कें अपन प्रणालीक सुरक्षा मजबूत करबाक लेल किछु समय धरि बंद राखय पड़ल। टेक्सासक एकटा जनोपयोगी सेवा कंपनी आंकड़ा चोरी होयबाक सूचना देलक, जाहि सं दस लाख सं बेसी लोक प्रभावित भेलाह आ हुनकर निजी जानकारी सार्वजनिक भए' गेल। भारतीय स्टेट बैंकक करीब 4,000 ग्राहकक आंकड़ा लीक भए' गेल, जखन कि तेलंगाना सरकारक औद्योगिक स्वीकृति सं जुड़ल वेबसाइट सेहो हैक कए लेल गेल। साइबर हमलाक व्यापकता देखैत सुरक्षा विशेषज्ञ सभ एहि स्थिति कें ब्लैक अक्टूबर कहने छथि। किछु विशेषज्ञ एकरा वल्नपोकैलिप्स अर्थात सुरक्षा खामीक प्रलय सेहो कहि रहल छथि। साइबर हमला सामान्यतः तखन होइत अछि, जखन वेबसाइट अथवा डिजिटल प्रणाली चलाबयवला सॉफ्टवेयर मे कोनो सुरक्षा खामी रहि जाइत अछि। साइबर सुरक्षा विशेषज्ञ सभक काज एहि खामी सभक पता लगायब आ ओकरा दूर करब होइत अछि। मुदा ई काज सुनय मे जतबा सहज लगैत अछि, वास्तविकता मे ओतबे कठिन अछि।




कोनो डिजिटल व्यवस्था कतेको तरहक सॉफ्टवेयर पर निर्भर करैत अछि। एहि मे ऑपरेटिंग सिस्टम, एप्लिकेशन, फर्मवेयर, क्लाउड सेवा, डेटाबेस प्रबंधन, नेटवर्किंग, उद्यम प्रबंधन आ आपूर्ति श्रृंखला संबंधी सॉफ्टवेयर शामिल अछि। ई सभ अलग-अलग आपूर्तिकर्ता अथवा विक्रेता लग सं लेल जाइत अछि। एहि कारण सुरक्षा खामीक पहिचान आ ओकरा दूर करब कठिन भए जाइत अछि। सॉफ्टवेयर मे मेमोरी सुरक्षा संबंधी गड़बड़ी, आंकड़ा प्रवेश प्रक्रिया मे खामी, उपयोगकर्ताक पहिचान सत्यापन मे त्रुटि, कूटलेखन प्रणालीक विफलता आ सॉफ्टवेयर निर्भरता संबंधी भ्रम जेकां कतेको कमजोरी रहि सकैत अछि। हैकर सभ एहि मे सं कोनो एकटा खामीक लाभ उठा क' पूरा प्रणाली मे सेंध लगा सकैत अछि। एआइ इंजन आ आधुनिक उपकरण सभक आगमन सं साइबर हमला आ सुरक्षा खामीक ई पूरा व्यवस्था बदलि गेल अछि। पहिने कोनो सॉफ्टवेयरक कमजोरी ताकब कठिन, समयसाध्य आ मेहनति भरल काज छल। एहि लेल उच्चस्तरीय तकनीकी जानकारी आ विशेषज्ञता जरूरी छल। मुदा आब जेनरेटिव एआइ उपकरणक सहायता सं एहन खामी सभक पता लगायब बहुत आसान भए गेल अछि। एआइ आब एहि काज कें स्वचालित बना देने अछि। एहि कारण हालक दिन मे साइबर हमलाक घटना मे तेजी आयल अछि। एआइ उपकरण लोकप्रिय सॉफ्टवेयर सभक एहन कमजोरी सेहो ताकि सकैत अछि, जाहि पर पहिने विशेषज्ञ सभक नजरि नहि पड़ल छल। मानल जा रहल अछि जे वर्तमान हमलाक एकटा पैघ हिस्सा पीएचपी आधारित वेबसाइट सभक सुरक्षा खामी सं जुड़ल अछि। पीएचपी एकटा मुक्त स्रोत स्क्रिप्टिंग भाषा अछि, जाहि प्रयोग सं गतिशील वेबपेज बनाओल जाइत अछि। दुनियां भरिक लाखो वेबसाइट एहि तकनीक पर आधारित अछि। हैकर सभ एआइ उपकरणक सहायता सं पीएचपी आधारित महत्वपूर्ण वेबसाइट सभक कमजोरी खोजि ओकरा निशाना बना रहल छथि। एक दिस हैकर सभ सुरक्षा गड़बड़ी तकबाक आ नव प्रकारक हानिकारक सॉफ्टवेयर बनेबाक लेल एआइ इंजन आ एलएलएम (लार्ज लैंग्वेज मॉडल)क उपयोग कए रहल छथि, तं दोसर दिस एआइ कंपनी सभ एहन गड़बड़ीक पहिचान करबाक लेल सुरक्षा उपकरण विकसित कए रहल अछि, जाहि सं हमला होयबाक पहिनहि ओकरा रोकल जा सकय। ओपनएआइ आ एंथ्रोपिक जेकां कंपनी साइबर सुरक्षा परीक्षण लेल उन्नत जेनरेटिव एआइ एजेंट विकसित कयने अछि। मुदा एआइ एकटा दोधारी तलवार साबित भए रहल अछि। जे एआइ एजेंट सुरक्षा गड़बड़ी पता लगा सकैत अछि, ओहि गड़बड़ीक उपयोग कए प्रणाली मे सेंध सेहो लगा सकैत अछि। दुनू कंपनीक प्रयोगात्मक एजेंट सभ एहन काज कयने अछि। ओ वास्तविक दुनियां मे बाहरी डिजिटल प्रणाली पर हमला कयलक। एहि वर्षक शुरूआत मे एंथ्रोपिक खुलासा कयने छल जे ओकर एकटा एआइ एजेंट संवेदनशील जानकारी आ कंपनीक गोपनीय आंकड़ा चोरा लेने छल। एतबे नहि, ओकरा ई जानकारी रहितो जे ओ कोनो प्रयोगशाला मे नहि, बल्कि वास्तविक इंटरनेट पर काज क' रहल अछि, ओ अपन हमला जारी रखलक। ओपनएआइक एकटा एजेंट तं जर्मनीक एकटा वेबसाइट हैक कए ओकरा एआइ एजेंट सभक निजी संदेश मंच मे बदलि देलक। विशाल डिजिटल व्यवस्था आ ऑनलाइन सार्वजनिक सेवा सभक कारण भारत लेल ई घटना सभ विशेष रूप सं चिंताजनक अछि। भारत कें एहि खतरा सभ कें गंभीरता सं लैत आवश्यक सुरक्षा उपाय करबाक चाही। साइबर सुरक्षा पर नजरि रखयबाली सरकारी संस्था इंडियन कंप्यूटर इमरजेंसी रिस्पॉन्स टीम (सीईआरटी-इन) हालक घटनासभ, विशेष कए पीएचपी सॉफ्टवेयरक कमजोरी कें लए कए कतेको चेतावनी जारी कयने अछि। एहू सं बेसी चिंताजनक बात ई अछि जे सीईआरटी-इन भारतीय डिजिटल व्यवस्था पर एआइ एजेंट सभक हमला होयबाक पुष्टि कयने अछि। एजेंसीक अनुसार, ई एजेंट अपन काजक योजना बनेबाक, निर्देश देबाक, उपकरण तैनात करबाक आ इंटरनेट पर लगातार सक्रिय रहबाक क्षमता रखैत अछि। जे एआइ एजेंट अनुसंधान आ मूल्यांकनक चरण मे छल, से गलती सं सार्वजनिक भए गेल आ अनधिकृत रूप सं भारतीय डिजिटल व्यवस्था धरि पहुंचि गेल। भारतीय संगठन सभक वास्तविक वेबसाइट पर भेल एहि हमला मे व्यावसायिक अभिलेख, व्यक्तिगत आंकड़ा आ गोपनीय जानकारी लीक भए गेल। सबसं चिंताजनक बात ई रहल जे प्रभावित संगठन सभ कें अपन आंकड़ा लीक होयबाक जानकारी तक नहि छल। एहि घटनाक खुलासा तखन भेल, जखन एआइ मॉडल विकसित करयवला कंपनी सभ स्वयं सीईआरटी-इन कें एहि संबंध मे सूचना देलक। एजेंसी ईहो पता लगौने अछि जे हैकर सभ मुक्त स्रोत एजेंटिक टूल्सक उपयोग कए भारतीय वेबसाइट सभ मे आर्थिक लाभक उद्देश्य सं सेंध लगा रहल छथि। भारत मे हालक साइबर हमला ई संकेत दैत अछि जे एआइ उपकरण भविष्य मे साइबर हमलाक स्वरूप आ विस्तार दुनू बदलि देत। आब कोनो डिजिटल प्रणाली मे सेंध लगयबाक आ ओकर गंभीर परिणाम सामने अबय मे लगयवला समय किछु दिन सं घटि क' मात्र किछु घंटा रहि गेल अछि। हमलावर सभ एक संग कतेको एआइ एजेंटक उपयोग कयलनि, जे घंटों सं लए' क' कतेको दिन धरि सक्रिय रहल। एहि घटना सं स्पष्ट अछि जे एआइ आधारित हमला मे एक संग कतेको एजेंट लगाओल जा सकैत अछि। जिनका वेबसाइट सभ पर हमला भेल, ओहि संगठन सभ सुरक्षा लेल जे उपाय कयलक, से पर्याप्त नहि छल। फलस्वरूप, किछुए दिनक भीतर हुनका सभ पर पहिने सं बेसी तीव्रता सं फेर हमला भेल। एहि सभ घटना मे एआइ एजेंट पुरान अथवा बंद भए' चुकल एपीआइ जेकां पारंपरिक सुरक्षा कमजोरी कें निशाना बनौलक। भारतीय डिजिटल व्यवस्था पर भेल ई हमला अत्यंत गंभीर अछि। मुदा सीईआरटी-इन ओहि संगठन अथवा वेबसाइट सभक नाम सार्वजनिक नहि कयने अछि, जिनका पर हमला भेल। ओहि एआइ कंपनी सभक नाम सेहो नहि बताओल गेल अछि, जिनकर एजेंट नियंत्रण सं बाहर भए भारतीय संगठन सभक महत्वपूर्ण आंकड़ा धरि पहुंचि गेल छल। एजेंसी एआइ मॉडल विकसित करयवला कंपनी, अनुसंधान प्रयोगशाला आ एआइ एजेंटक परीक्षण करयबला संस्था सभक लेल सामान्य दिशा-निर्देश जारी कयने अछि। एहि मे कहल गेल अछि जे जं कोनो एआइ एजेंट वास्तविक डिजिटल प्रणाली धरि पहुंचि जाइत अछि, तं प्रभावित संगठन कें तत्काल सूचना देल जाय। सरकार कें जेनरेटिव एआइ मॉडल विकसित करय आ ओकर परीक्षण करयबला कंपनी सभक लेल सुरक्षा संबंधी स्पष्ट रूपरेखा तैयार करबाक आवश्यकता अछि। एही तरहक व्यवस्था ओहि संगठन सभक लेल सेहो जरूरी अछि, जे अपन दैनिक काजक संचालन मे एआइ एजेंटक उपयोग करैत अछि। विशेष रूप सं बैंकिंग आ वित्तीय क्षेत्रक कंपनी सभ लेल एहन सुरक्षा प्रावधान अनिवार्य होयबाक चाही। एआइक उपयोग सं सुविधा आ विकासक नव बाट खुलल अछि, मुदा बिना मजबूत साइबर सुरक्षा व्यवस्था ई तकनीक गंभीर संकट सेहो उत्पन्न कए सकैत अछि।

अपराधी लेल कानूनक भय किएक नहि?

सौरभ वार्ष्णेय

डिजिटल तकनीक जतय जीवन कें सहज बनौने अछि, ओतहि साइबर अपराधी सभ कें ठगीक नव-नव बाट सेहो खोलि देने अछि। कहियो बैंक अधिकारी बनि लोकक जमा पूंजी लूटल जाइत अछि, तं कहियो पुलिस, सीबीआइ, प्रवर्तन निदेशालय वा अन्य जांच एजेंसीक अधिकारी बनि लोक कें डराओल जाइत अछि। वीडियो कॉल पर नकली वर्दी आ सरकारी कार्यालय जेकां पृष्ठभूमि देखा कय लोक कें गिरफ्तारीक भय देखायब आ धन हस्तांतरित करायब एहि नव अपराधक खतरनाक रूप अछि। आम बोलचाल मे एकरा डिजिटल गिरफ्तारी कहल जाइत अछि। वास्तव मे ई कोनो वैधानिक गिरफ्तारी नहि, बल्कि भय आ तकनीकक दुरुपयोग कय कयल जाएबला संगठित ठगी अछि। सुप्रीम कोर्ट एहि तरहक साइबर ठगी कें डिजिटल डकैती कहि अपराधक गंभीरता स्पष्ट कयने अछि। मुख्य न्यायाधीश सूर्यकांतक अध्यक्षताबला पीठक सख्त रुख बतबैत अछि जे आब एहि समस्या कें सामान्य ऑनलाइन धोखाधड़ी मानि अनदेखी नहि कयल जा सकैत अछि। ई नागरिकक आर्थिक सुरक्षा, मानसिक शांति आ कानून-व्यवस्था पर विश्वास सं जुड़ल गंभीर विषय अछि। डिजिटल गिरफ्तारी मे अपराधी पीड़ितक कानूनक प्रति सम्मान आ सामाजिक प्रतिष्ठाक लाभ उठबैत अछि। फोन वा वीडियो कॉल पर कहल जाइत अछि जे हुनकर नाम पर अवैध पार्सल पठाओल गेल अछि, बैंक खाताक उपयोग मनी लॉन्ड्रिंग मे भेल अछि अथवा ओ कोनो आपराधिक मामिला मे संदिग्ध छथि। तकर बाद नकली पुलिस अधिकारी गिरफ्तारी आ जेलक भय देखबैत अछि। पीड़ित कें ककरो सं बात नहि करबाक आ लगातार वीडियो कॉल पर बनल रहबाक निर्देश देल जाइत अछि। अंततः जांच वा जमानतक नाम पर लाखो रुपैया वसूल कय लेल जाइत अछि। ई अपराध मात्र धनक लूट नहि, बल्कि मानसिक प्रताड़नाक सेहो मामिला अछि। अपराधी पीड़ित कें एतेक भयभीत कय दैत अछि जे ओ जीवन



भरिक कमाइ आ परिवारक आर्थिक सुरक्षा तक दांव पर लगा दैत छथि। बुजुर्ग सभ विशेष रूप सं एहि ठगीक शिकार बनैत छथि। सरकारी संस्था आ कानून पर हुनकर विश्वासक लाभ उठा कय अपराधी हुनका निशाना बनबैत अछि। समाज मे ई जागरूकता बढ़ेबाक जरूरत अछि जे कोनो वास्तविक जांच एजेंसी वीडियो कॉल पर गिरफ्तारीक नाटक कय नागरिक सं निजी खाता मे धन जमा करबाक मांग नहि करैत अछि। कोनो अधिकारी ऑनलाइन हिरासत मे राखि ककरो धन हस्तांतरित करबाक लेल बाध्य नहि कय सकैत अछि। सरकारी संस्थाक नाम पर भय पैदा करब हुनकर प्रतिष्ठा पर सेहो आघात अछि। सुप्रीम कोर्टक समक्ष गौरव कुमार साहा आ निधि भंडारीक याचिका मे 12 राज्य मे दर्ज 35 साइबर अपराधक मामिला कें एक ठाम अनबाक मांग कयल गेल छल। आरोप अछि जे हुनकर कंपनीक बैंक खाताक उपयोग ठगीक राशि जमा करबाक आ आगू पठेबाक लेल कयल गेल। याचिकाकर्ताक दावा अछि जे ओ स्वयं ठगीक शिकार छथि आ हुनकर जानकारीक बिना खाताक उपयोग भेल। ई मामिला एकटा महत्वपूर्ण कानूनी प्रश्न सेहो उठबैत अछि। साइबर ठगीक राशि प्रायः कतेको बैंक खाता सं होइत आगू बढ़ैत अछि। अपराधी दोसरक खाता आ फर्जी पहचानक उपयोग करैत अछि। एहन स्थिति मे कोनो खाता मे संदिग्ध धन आबि जेबाक आधार पर ओकर संचालक कें स्वतः दोषी मानब उचित नहि। जांच एजेंसी कें खाताक वास्तविक उपयोगकर्ता, धनक स्रोत आ डिजिटल साक्ष्यक निष्पक्ष पड़ताल करबाक चाही। संगहि, मात्र अनभिज्ञताक दावा कय देला सं कियो स्वतः निर्दोष साबित नहि भए' सकैत अछि। सुप्रीम कोर्टक ई टिप्पणी जे आरोपीक सुविधाक लेल पीड़ित कें दिल्ली नहि बजाओल जा सकैत अछि आ अलग-अलग राज्यक जांच कें प्रभावित नहि कयल जा सकैत अछि, न्याय व्यवस्थाक महत्वपूर्ण सिद्धांत दिस संकेत करैत अछि। जांचक प्राथमिकता पीड़ितक हित आ निष्पक्षता हेबाक चाही। हालांकि, कठोर कारबाइक अर्थ आरोपी कें अपन पक्ष रखबाक अवसर सं वंचित करब नहि अछि। निष्पक्ष सुनवाइ आ कठोर कारबाइ दुनू न्याय व्यवस्थाक जरूरी आधार अछि। डिजिटल ठगीक मामिला मे समय सभ सं महत्वपूर्ण होइत अछि। ठगीक राशि एक खाता सं दोसर खाता मे पहुंचैत कतेको स्तर पर हस्तांतरित भए जाइत अछि। समय रहैत संदिग्ध खाताक राशि पर रोक नहि लगाओल गेल तं पीड़ित लेल अपन धन वापस पायब कठिन भए जाइत अछि।

राष्ट्रीय सुरक्षा सं कोनो समझौता संभव नहि

ऋषभ मिश्रा

डिजिटल युग मे इंटरनेट आब मात्र मनोरंजन अथवा सूचना प्राप्त करबाक साधन नहि रहि गेल अछि, बल्कि राष्ट्रीय सुरक्षा, अर्थव्यवस्था आ आपातकालीन सेवा सभक लेल सेहो एकटा प्रमुख आधार बनि गेल अछि। एलन मस्कक कंपनी स्टारलिंक उपग्रहक माध्यम सं इंटरनेट सेवा उपलब्ध करा कए डिजिटल क्रांति कें एकटा नव ऊंचाई देलक अछि। आब एहि कंपनीक नजरि भारत पर अछि। मुदा भारत मे सेवा शुरू करबाक लेल एकरा नियामकीय स्वीकृति, सुरक्षा संबंधी शर्त आ स्पेक्ट्रम आवंटन प्रक्रिया सं गुजरय पड़त। हालांकि, एकर प्रवेश सं पहिनहि व्यावसायिक प्रतिस्पर्धा आ राष्ट्रीय सुरक्षा सं जुड़ल प्रश्न चर्चा मे आबि गेल अछि। स्पेसएक्सक उपग्रह आधारित इंटरनेट सेवा स्टारलिंकक प्रायोगिक शुरूआत 2020 मे भेल छल। एकर खास विशेषता ई अछि जे ई दूर-दराजक इलाका मे सेहो ब्रॉडबैंड इंटरनेट पहुंचा सकैत अछि, जतय फाइबर केबल बिछेनाइ अथवा मोबाइल टावर लगेनाइ कठिन अछि। ई पृथ्वीक निचला कक्षा (एलइओ) मे परिक्रमा करयबला उपग्रह सभक जाल पर आधारित अछि। एकर 11 हजार सं बेसी उपग्रह अछि, जाहि मे अधिकांश पृथ्वी सं करीब 550 किलोमीटर ऊंचाई पर परिक्रमा करैत अछि। एकर विपरीत परंपरागत भू-स्थिर संचार उपग्रह पृथ्वी सं करीब 35,786 किलोमीटर ऊंचाई पर रहैत अछि। स्टारलिंकक उपग्रह पृथ्वीक अपेक्षाकृत समीप रहैत अछि, जाहि कारण आंकड़ा पठायब आ प्राप्त करय मे कम समय लगैत अछि। एहि कारण वीडियो कॉल आ दोसर ऑनलाइन सेवा सभक उपयोग मे नीक अनुभव भेटैत अछि। वास्तव मे उपग्रह आधारित इंटरनेट व्यवस्था मे उपग्रह, जमीन पर बनल गेटवे आ उपयोगकर्ताक टर्मिनलक सहायता सं इंटरनेट कनेक्शन उपलब्ध कराओल जाइत अछि। उपग्रह रेडियो संकेतक माध्यम सं उपयोगकर्ता टर्मिनल सं संपर्क स्थापित करैत अछि। स्टारलिंकक ग्राउंड स्टेशन अथवा गेटवे जमीन पर स्थित ओ सुविधा



अछि, जे उपग्रह नेटवर्क कें इंटरनेटक दोसर नेटवर्क सं जोड़ैत अछि। एहि ठाम सं आंकड़ा फाइबर केबल जेकां स्थलीय नेटवर्कक माध्यम सं आगू पठाओल जाइत अछि। उपयोगकर्ताक स्थान पर स्टारलिंक टर्मिनल लगाओल जाइत अछि, जाहि मे उपग्रह एंटीना आ वाइ-फाइ राउटर रहैत अछि। एंटीना रेडियो संकेतक माध्यम सं उपग्रह सं संपर्क बनौने रखैत अछि आ इलेक्ट्रॉनिक तकनीकक सहायता सं इंटरनेट कनेक्शन कायम रखैत अछि। स्टारलिंकक आगमन सं वर्तमान दूरसंचार कंपनी सभक लेल एकटा नव प्रतिस्पर्धा पैदा होयत। दोसर दिस, दूर-दराजक इलाका मे इंटरनेट पहुंचेबाक दृष्टि सं एकरा पैघ अवसर मानल जा रहल अछि। मुदा मूल प्रश्न ई अछि जे स्टारलिंकक आगमन सं भारत कें की लाभ होयत आ विदेशी कंपनीक संचालन नियंत्रण तथा आंकड़ा सुरक्षा सं जुड़ल चुनौती सभ सं कोना निपटल जायत। जमीन आधारित इंटरनेट व्यवस्था स्थानीय आधारभूत संरचना पर निर्भर करैत अछि। मोबाइल टावर आ फाइबर नेटवर्क एकटा पैघ आबादी कें सेवा दए सकैत अछि, मुदा नव इलाका मे सेवा शुरू करबाक लेल ओतय आधारभूत संरचना विकसित करय पड़ैत अछि। आपदा अथवा युद्धक स्थिति मे जं ई संरचना नष्ट भए जाइत अछि तं संचार व्यवस्था सेहो ठप पड़ि जाइत अछि। स्टारलिंक उपग्रह आधारित तकनीक पर निर्भर अछि। एहि कारण आपदाग्रस्त क्षेत्र, युद्ध प्रभावित इलाका आ दुर्गम पहाड़ी क्षेत्र मे ई विशेष उपयोगी साबित भए सकैत अछि। ओना, भारत मे उपग्रह आधारित इंटरनेट सेवा देनिहार कंपनी सभक लेल कड़ा नियम लागू अछि। भारतीय उपयोगकर्ता सभक आंकड़ा देश मे स्थित ग्राउंड गेटवे होइत गुजरब अनिवार्य अछि। स्टारलिंक एहि शर्त सभक पालन करबाक इच्छा जता चुकल अछि। तैयो एकर संचालन मे तीनटा पैघ चुनौती सामने आबि सकैत अछि। पहिल चुनौती सरकारी आदेशक पालन सुनिश्चित करबाक अछि। पारंपरिक संचार व्यवस्था मे सरकार आवश्यकता पड़ला पर सेवा बंद करबाक आदेश दए सकैत अछि। मुदा स्टारलिंक जेकां उपग्रह आधारित इंटरनेट सेवा मे ई प्रक्रिया ओतेक सरल नहि अछि। दोसर चुनौती कनेक्टिविटी पर नियंत्रण रखबाक अछि। स्टारलिंक तकनीकी रूप सं दूर बैसल अपन टर्मिनल कें निष्क्रिय कए सकैत अछि अथवा कोनो खास क्षेत्र मे सेवा सीमित कए सकैत अछि। एहन स्थिति मे आपातकालक दौरान जं सरकार अथवा आम नागरिक कें इंटरनेट सेवाक आवश्यकता हो आ कंपनी सेवा बहाल करय लेल तैयार नहि हो, तं अधिकारी सभ ओकरा फेर चालू करबाक लेल कोन उपाय करताह, ई स्पष्ट नहि अछि। तेसर चुनौती आंकड़ाक आवाजाही पर निगरानी रखबाक अछि। विदेशी कंपनीक नियंत्रणबला नेटवर्क मे संवेदनशील जानकारी आ आंकड़ाक सुरक्षा तथा निगरानी सुनिश्चित करब भारत लेल कठिन काज भए' सकैत अछि। भारत लग स्टारलिंक आ अन्य विदेशी उपग्रह इंटरनेट सेवा प्रदाता कंपनी सभक स्वागत करबाक पर्याप्त कारण अछि। मुदा तकनीकी अवसर आ राष्ट्रीय सुरक्षा बीच संतुलन बनौनाइ आवश्यक अछि। एहि लेल चारि प्रमुख रणनीतिक उपाय अपनाओल जा सकैत अछि। पहिल, शर्तक संग व्यापक अनुमति देबाक व्यवस्था हो। स्टारलिंक दूर-दराजक क्षेत्र, आपदा प्रबंधन आ समुद्री सेवा सभ मे उपयोगी साबित भए सकैत अछि, जतय इंटरनेट पहुंचेनाइ कठिन अछि। सुरक्षा नियम आ निर्धारित शर्त सभक पालन सुनिश्चित कयलाक बाद एकरा व्यावसायिक सेवा शुरू करबाक व्यापक अनुमति देल जा सकैत अछि।

फिलिस्तीनक पक्ष मे जा रहल अछि ब्रिटेन

क्लाइव लुईस

एहि सप्ताह हम दू अन्य ब्रिटिश सांसद आ अंतरराष्ट्रीय पर्यवेक्षक सभक एकटा प्रतिनिधिमंडल संग अवैध रूप सं कब्जा कयल गेल पश्चिमी तट (वेस्ट बैंक) मे प्रवेश करबाक प्रयास कयलहुं। इजरायली सेना हमरा सभ सं करीब आठ घंटा धरि पूछताछ कयलक आ हिरासत मे रखलक। अंततः सीमा पार कए पश्चिमी तट मे प्रवेश करय सं रोकि देलक। हमरा सभक संग भेल ई अप्रिय अनुभव, कब्जा नीचा रहि रहल फिलिस्तीनक लोक सभक दैनिक पीड़ाक तुलना मे किछुओ नहि अछि। वर्ष दर वर्ष आ दशक दर दशक फिलिस्तीनी लोक मात्र असुविधा नहि, बल्कि अपन अस्तित्व मिटेबाक एकटा सुनियोजित प्रयासक सामना करैत रहल छथि। गाजा मे नरसंहारक अत्यंत क्रूर रूप देखय लेल भेटल अछि। जखन कि पश्चिमी तट मे इजरायली सेना आ ओकरा समर्थन देनिहार बस्ती बसाबयबला सशस्त्र समूह सभक माध्यम सं धीरे-धीरे जातीय सफाया कयल जा रहल अछि। स्थिति एतबे धरि सीमित नहि अछि। इजरायलक वित्त मंत्री बेजलेल स्मोट्रिच पिछला मास आह्वान कयने छलाह जे पश्चिमी तट मे सेहो ओहने कारबाइ हो, जे गाजा मे कयल गेल। एहि कारण हम सभ इजरायलक अत्याचार सभ पर दुनियां भरिक ध्यान आकृष्ट करबाक लेल ओतय गेलहुं। एहि मे जैतूनक फसिल काटयबला फिलिस्तीनी किसान सभ पर होयबला क्रूर हमला सेहो शामिल अछि। एहन हमला सभक उद्देश्य फिलिस्तीनी लोक सभ कें हुनकर आजीविका सं वंचित करब अछि।



फिलिस्तीनक लोक सभक पीड़ा जतेक बढ़ि रहल अछि, इजरायल बाहरी दुनियां कें ओतुका वास्तविकता देखय सं ओतबे रोकबाक प्रयास कए रहल अछि। पछिला 18 मास मे ब्रिटिश सांसद सभक दूटा प्रतिनिधिमंडल कें पश्चिमी तट मे प्रवेश करय सं रोकल गेल। गाजा मे तीन वर्ष धरि चलल नरसंहारक दौरान इजरायल 200 सं बेसी फिलिस्तीनी पत्रकारक हत्या कयने अछि। बहुत रास साक्ष्य सं संकेत भेटैत अछि जे पत्रकार सभ कें जानि-बुझि निशाना बनाओल गेल। पछिला सप्ताह हेब्रोन मे फिलिस्तीनी घर सभक विध्वंसक दृश्य फिल्मा रहल पत्रकार सभ पर इजरायली सेना टीयर गैस छोड़लक। संदेश स्पष्ट अछि-दुनियां कें एतय की भए रहल अछि, से देखय नहि देल जाय।

निर्णायक मोड़ पर स्थिति : ग्लोबल जस्टिस नाउ द्वारा आयोजित हमर ई यात्रा एकटा महत्वपूर्ण समय पर भेल। इजरायल मे चुनाव होयबाक ठीक पहिने आ ब्रिटेन द्वारा पश्चिमी तट मे अवैध बस्ती पर नव प्रतिबंधक घोषणा कयलाक किछुए दिन बाद हम सभ ओतय पहुंचलहुं। चुनावक परिणाम एखन स्पष्ट नहि भेल अछि आ प्रधानमंत्री बेंजामिन नेतन्याहू एखनहु पद सं हटाओल जा सकैत छथि। हम सभ चाहैत छी जे नेतन्याहू सत्ता सं हटथि आ हुनका युद्ध अपराध आ नरसंहारक लेल जवाबदेह बनाओल जाय। मुदा दुर्भाग्य ई अछि जे हुनका पद सं हटेला सं फिलिस्तीनी लोकक पीड़ा समाप्त भए' जायत, एहन मानबाक कोनो आधार नहि अछि। ई मात्र नेतन्याहूक समस्या नहि अछि। इजरायलक विपक्षी दल सभक प्रस्तावो फिलिस्तीनक प्रति नीति मे कोनो पैघ बदलावक संकेत नहि दैत अछि। एहन स्थिति मे बदलाव तखने संभव अछि, जखन हम सभ ठोस कदम उठाबी। पछिला किछु सप्ताह मे ब्रिटेनक विदेश मंत्री एड मिलिबैंडक रुख मे आयल बदलावक हम स्वागत करैत छी। मुदा मध्य-पूर्व मे वास्तविक परिवर्तन देखबाक लेल ब्रिटेन कें अपन वादा कें व्यवहार मे उतारय पड़त आ मात्र आश्वासन देबाक बदला कारबाइ करय पड़त।

तत्काल कारबाइ आवश्यक : ब्रिटेन द्वारा प्रतिबंध लगयबाक घोषणा महत्वपूर्ण अछि। मुदा एहि प्रतिबंध सभ कें शीघ्र लागू करबाक जरूरत अछि। एकरा लेल छह मास प्रतीक्षा करब उचित नहि होयत। एहि दिशा मे तीनटा प्रमुख कदम उठयबाक आवश्यकता अछि। पहिल, विदेश मंत्री द्वारा घोषित प्रतिबंधक दायरा यथासंभव व्यापक होयबाक चाही। मूल समस्या मात्र कट्टरपंथी बस्ती बसाबयवला लोक नहि छथि, बल्कि ई इजरायल सरकारक नीति सं जुड़ल अछि। इजरायल सरकार बस्ती बसाबयवला सशस्त्र समूह सभक उपयोग फिलिस्तीनी लोक आ हुनकर जमीन पर क्रूर हमला करबाक लेल कयने अछि। तें प्रतिबंधक दायरा इजरायल सरकार धरि पहुंचबाक चाही। नव बस्ती निर्माण रोकब मात्र पर्याप्त नहि अछि। पूरा बस्ती आधारित अर्थव्यवस्था कें निष्प्रभावी बनेबाक आ दशकौं पुरान रंगभेदपूर्ण व्यवस्था कें समाप्त करबाक जरूरत अछि। ब्रिटेनक प्रतिबंध संबंधी नियमावलीक प्रावधानक अनुसार, अवैध बस्ती सभ सं लाभ कमयवला कंपनी सभ पर प्रतिबंध लगाओल जा सकैत अछि। एहन कंपनी सभ पर प्रतिबंध लगबाक चाही। मात्र ई-1 बस्ती परियोजना लेल बोली लगाबयवला कंपनी सभ पर ध्यान देल पर्याप्त नहि होयत। पहिने सं बनल अवैध बस्ती सभ कें कायम रखय मे सहयोग करयवला संस्था सभ कें सेहो निशाना बनेबाक चाही। एहि मे वित्तीय सहायता, बीमा आ निगरानी तकनीक उपलब्ध कराबयवला कंपनी सभ शामिल होयबाक चाही। दोसर, हथियार आपूर्ति पर लागल प्रतिबंधक खामी दूर करबाक जरूरत अछि। ब्रिटिश सरकार पुष्टि कयने अछि जे कब्जा संबंधी गतिविधि मे प्रत्यक्ष योगदान देनिहार इजरायल लेल हथियार बिक्री बंद कयल जायत। मुदा एफ-35 लड़ाकू विमानक कल-पुर्जा एखनहु इजरायल पहुंचि रहल अछि। एहि कारण ई विमान गाजा आ पश्चिमी तट कें ऊपर उड़ान भरबाक स्थिति मे बनल रहैत अछि। कब्जा बनौने रखयवला सेना कें प्रशिक्षण देनिहार विमान सभक हथियार अनुमति सेहो जारी अछि। एहि सभ छिद्र कें बंद करबाक जरूरत अछि। जे सेना पर नरसंहार आ रंगभेद मे शामिल रहबाक आरोप अछि, ओकरा हथियार बेचबाक कोनो औचित्य नहि अछि। तेसर, गाजा कें नहि बिसरबाक चाही। ब्रिटेनक सरकार वैश्विक मानवाधिकार प्रतिबंध व्यवस्था मे बदलाव क' मानवीय सहायता रोकय मे शामिल पक्ष सभ पर प्रतिबंध लगयबाक अधिकार प्राप्त कयने अछि। एहि जाड़ मे गाजाक फिलिस्तीनी लोक बेमारी आ भुखमरीक सामना क' रहल छथि। तें सरकार कें तत्काल कारबाइ करबाक चाही। सहायता सामग्री लए' जा रहल ट्रक रोकयवला किछु व्यक्ति मात्र समस्या नहि छथि, बल्कि ई सरकारी नीति सं जुड़ल मामिला अछि। एहन स्थिति मे संबंधित इजरायली मंत्री सभ पर प्रतिबंध लगबाक चाही। गाजाक जरूरत मात्र आपातकालीन सहायता धरि सीमित नहि अछि। एहि तरहक सहायता फिलिस्तीनी लोक कें मात्र भुखमरीक कगार पर जीवित राखत। गाजाक पुनर्निर्माण आवश्यक अछि आ एकरा लेल नाकेबंदी समाप्त करय पड़त। जाबत धरि नाकेबंदी जारी रहत, ताबत धरि इजरायल पर प्रतिबंधक व्यापक व्यवस्था लागू रहबाक चाही। व्यापक आ समग्र प्रतिबंध पैकेज अंतरराष्ट्रीय कानूनक अनुरूप होयत। वास्तव मे ब्रिटेन लेल ई आवश्यक सेहो अछि। अंतरराष्ट्रीय न्यायालय निर्देश देने अछि जे सभ देश फिलिस्तीनी क्षेत्र पर इजरायलक अवैध कब्जा समाप्त करबाक लेल सहायता बंद करय आ एहन कब्जा कें कायम रखय मे सहयोग देनिहार व्यापार तथा निवेश समाप्त करय। एखन समय आबि गेल अछि जे ब्रिटेन तेज आ कठोर डेग उठाबय। इजरायल फिलिस्तीनी लोक कें शेष दुनियां सं अलग करबाक प्रयास कए रहल अछि। मुदा अंतरराष्ट्रीय समुदाय कें उपलब्ध सभटा उपाय अपनबैत इजरायल पर अपन नीति मे बदलाव अनबाक दबाव बनेबाक चाही।

की बिहारक राजनीति मे तेसर शक्ति बनबाक बाट पर अछि प्रशांत किशोरक जन सुराज?

पटना/समदिया

बिहार विधान परिषद चुनावक नतीजा मे प्रशांत किशोरक जन सुराज पार्टी कें एकटा सीट पर जीत भेटल अछि, मुदा एहि परिणामक महत्व मात्र एकटा एमएलसी धरि सीमित नहि अछि। दरभंगा शिक्षक सीट पर जीत पार्टी कें सदन मे जगह देलक अछि, जखनकि सारण मे वर्तमान एमएलसी आफाक अहमदक हार पार्टीक सीमा सेहो उजागर कयलक अछि। एहि नतीजाक बीच पैघ सवाल ई अछि जे की जन सुराज, भाजपा आ राजद-जदयू गठबंधनक मोकाबला मे अपन अलग राजनीतिक जमीन तैयार कए रहल अछि? बिहार विधान परिषद चुनावक नतीजा मे प्रशांत किशोरक जन सुराज पार्टी कें एक दिस सारण मे झटका लागल, तं दोसर दिस मिथिला मे पार्टीक खाता खुजि गेल। सारण शिक्षक सीट सं वर्तमान एमएलसी आ जन सुराजक उम्मीदवार आफाक अहमद बुरी तरहे चुनाव हारि गेलाह। ओतहि, मिथिला क्षेत्रक दरभंगा शिक्षक सीट पर सुरेश प्रसाद राय जीत दर्ज कए पीकेक पार्टी कें औपचारिक रूप सं विधान परिषद मे प्रवेश करा देलनि। जन सुराज आठू एमएलसी सीट पर चुनाव लड़ने छल। एहि मे तीन सीट पर पार्टीक उम्मीदवार हारि गेलाह। बाकी चारि सीट पर आखरी नतीजा आबय बाकी छल, मुदा मतगणना मे ओतहु जन सुराजक उम्मीदवारक हार तय मानल जा रहल छल। मुदा एतबा जरूर भेल जे प्रशांत किशोरक जन सुराज पार्टी एहि चुनाव मे सेहो अपन राजनीतिक मौजूदगी दर्ज करा देलक।

एक दिस राजद आ कांग्रेस अलग-अलग कमजोर देखायल, ओतहि तेसर राजनीतिक शक्ति के रूप मे जन सुराज उभरैत देखाइ पड़ि रहल अछि। जन सुराज लेल दरभंगा शिक्षक सीटक जीत सब सं पैघ उपलब्धि रहल। पार्टीक उम्मीदवार सुरेश प्रसाद राय कांग्रेसक वरिष्ठ नेता आ वर्तमान एमएलसी मदन मोहन झा कें 324 मत सं हरा देलनि। एहि जीतक संगहि प्रशांत किशोरक पार्टी कें पहिल बेर बिहार विधान परिषद मे प्रतिनिधित्व भेटल। ई परिणाम कांग्रेस



लेल सेहो झटका अछि, कारण पार्टी अपन सीट बचयबा मे सफल नहि रहल।

जन सुराज लेल एहि जीतक महत्व एहि लेल बेसी अछि, कारण आब पार्टी कें सदनक भीतर अपन बात रखबाक आ शिक्षक सभ सं जुड़ल मुद्दा पर राजनीतिक भूमिका निभयबाक अवसर भेटत। दोसर दिस सारण शिक्षक सीटक परिणाम जन सुराज लेल निराशाजनक रहल। एतय पार्टीक वर्तमान एमएलसी आफाक अहमद चुनाव हारि गेलाह आ निर्दलीय उम्मीदवार राहुल राज जीत दर्ज कयलनि। अर्थात पार्टी अपन वर्तमान प्रतिनिधिक सीट सेहो नहि बचा सकल। ई परिणाम देखबैत अछि जे प्रशांत किशोरक सक्रियता आ पार्टीक प्रचारक बावजूद प्रत्येक क्षेत्र मे मतदाताक भरोसा जीतब आसान नहि अछि। एहन स्थिति मे राजनीतिक जानकारसभक नजरि मे जन सुराज कें आब ई बुझबाक जरूरत अछि जे एकटा सीट पर भेटल सफलता कें दोसर क्षेत्र मे कोना दोहराओल जा सकैत अछि।

मुस्लिम आ यादव मतदाता सभ धरि पहुंचबाक चुनौती

एहि चुनाव मे कांग्रेस कें दरभंगा शिक्षक सीट गंवाबय पड़ल, जखनकि पटना शिक्षक सीट पर राजदक डॉ. संजीव कुमार भाजपा के वरिष्ठ नेता नवल किशोर यादव कें हरा देलनि। राजद लेल ई पैघ जीत रहल, मुदा आठ सीट कें पूरा परिणाम मे पार्टी कें मात्र एकटा सीट भेटल। कांग्रेसक प्रदर्शन सेहो कमजोर रहल। एहन स्थिति मे जन सुराजक आगू विपक्षी राजनीति मे अपन जगह बनेबाक अवसर देखाइ पड़ैत अछि। मुदा, दोसर दिस ई मानि लेब जल्दबाजी होयत जे राजद आ कांग्रेसक कमजोरीक पूरा लाभ जन सुराज कें भेटत। विपक्षी मतदातासभक समर्थन हासिल करबाक लेल पार्टी कें संगठन, उम्मीदवार आ स्थानीय मुद्दा पर लगातार काज करय पड़त। दरअसल, प्रशांत किशोर अलग-अलग सामाजिक समूह धरि पहुंचयबाक प्रयास कए रहल छथि। मुस्लिम मतदातासभक बीच जन सुराजक संभावना पर चर्चा होइत रहल अछि।

यादव समाज धरि पहुंच बनेबाक लेल सेहो पार्टी सक्रिय रहल अछि। राघोपुरक घटनाक बाद प्रशांत किशोरक सक्रियता कें सेहो एहि राजनीतिक संदर्भ मे देखल जा रहल अछि। हालांकि, विधान परिषद चुनावक नतीजाक आधार पर ई निष्कर्ष नहि निकालल जा सकैत अछि जे मुस्लिम वा यादव मतदाता पैघ संख्या मे जन सुराज दिस जा रहल छथि। एहि निर्वाचन क्षेत्रक मतदाता आ विधानसभा चुनावक सामाजिक समीकरण अलग होइत अछि। एहन मे पार्टीक असली परीक्षा तखन होयत, जखन ओकरा व्यापक मतदाता समूहक बीच अपन समर्थन साबित करय पड़त। जन सुराज सभ आठ सीट पर उम्मीदवार उतारि ई संकेत देलक जे ओ मात्र प्रचार धरि सीमित नहि रहय चाहैत अछि। एकटा सीट पर जीत ओकरा राजनीतिक पहचान आ विधान परिषद मे प्रवेश देलक अछि। मुदा तेसर शक्ति बनबाक लेल मात्र एकटा जीत पर्याप्त नहि होयत। पार्टी कें अपन उम्मीदवारक विश्वसनीयता, बूथ स्तर पर संगठन आ अलग-अलग क्षेत्र मे स्थायी जनसमर्थनक आधार तैयार करय पड़त। ओकरा ई सेहो साबित करय पड़त जे ओकर समर्थन कोनो एकटा उम्मीदवार वा स्थानीय समीकरण धरि सीमित नहि अछि।

जन सुराज कें की भेटल?

फिलहाल, एमएलसी चुनाव जन सुराज लेल नहिये पूरा सफलता के कहानी अछि आ नहिये असफलताक संकेत। बांकीपुर मे भाजपा कें हरयबाक बाद आब एमएलसी चुनाव मे सेहो एकटा सीट जीत पीके देखौलनि जे हुनकर पार्टी मात्र प्रचार धरि सीमित नहि, बल्कि जमीन पर सेहो चुनाव लड़ि रहल अछि। हालांकि, आठ मे एकटा सीट भेटलाक आधार पर पार्टी कें एखन पैघ राजनीतिक शक्ति नहि कहल जा सकैत अछि, मुदा बिहारक द्विध्रुवीय राजनीति मे जन सुराज तेसर विकल्पक जगह बनबैत देखाइ पड़ि रहल अछि। एक दिस दरभंगाक जीत संभावना कें नव बाट खोललक अछि, जखनकि सारणक हार चुनौती सामने राखि देलक अछि। आब प्रशांत किशोरक आगू सब सं पैघ सवाल ई अछि जे की ओ एहि शुरूआत कें बिहारक व्यापक राजनीति मे स्थायी तेसर विकल्प मे बदलि पबैत छथि।

यूपी चुनाव : कांग्रेस सपा कें सौंपलक विधानसभा सीट सभक सूची, 125 सं बेसी सीट पर चुनाव लड़बाक इच्छा जतौलक



उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव कें लए इंडिया गठबंधन मे सीट बंटवाराक चर्चा शुरू भए गेल अछि। कांग्रेस गुप्त रूप सं करीब 125-130 विधानसभा सीटसभक सूची समाजवादी पार्टी (सपा) नेतृत्व कें सौंपने अछि। ओतहि, सपा पिछला चुनाव मे कांग्रेसक प्रदर्शनक हवाला दैत ओकरा 40-50 सं बेसी सीट देबाक पक्ष मे नहि देखाइ पड़ि रहल अछि। कांग्रेसक शीर्ष नेतृत्व बहुत गोपनीय तरीका सं सपा नेतृत्व कें ओहि विधानसभा सीटसभक सूची सौंपलक अछि, जतय पार्टी अपन चुनाव चिह्न पर उम्मीदवार उतारय चाहैत अछि। सीटसभक सही संख्या इंडिया गठबंधनक कोनो पक्ष आधिकारिक रूप सं नहि बतौने अछि, मुदा सूत्रसभक अनुसार ई संख्या करीब 125-130 अछि। हालांकि, कहल जा रहल अछि जे सपा नेतृत्व एतेक सीट देबाक लेल तैयार नहि अछि। इंडिया गठबंधनक सूत्रसभक अनुसार, कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खरगे ई सूची सीधे सपा अध्यक्ष अखिलेश यादव कें सौंपलनि अछि। किछु दिन पहिने दिल्ली मे उत्तर प्रदेशक नेतासभक संग कांग्रेसक एकटा बैठक भेल छल, जाहि मे प्रियंका गांधी सेहो मौजूद रहथि। कहल जा रहल अछि जे एहि बैठक मे कांग्रेसक यूपी नेता सभ सं अलग-अलग सीट कें लए फीडबैक लेल गेल छल। एहि फीडबैकक आधार पर सूची तैयार कए सपा अध्यक्ष कें देल गेल अछि। सपा नेतृत्व कांग्रेस सं चुनाव लड़य बला उम्मीदवारसभक नाम सेहो मांगने अछि, जाहि सं सीट बंटवाराक बातचीत कें आगू बढ़ाओल जा सकय।

खरगे ई सूची सीधे अखिलेश यादव कें सौंपलनि

सूत्रसभक कहब अछि जे सपा कोनो हाल मे कांग्रेस कें 40-50 सं बेसी सीट देबाक लेल तैयार नहि अछि। एकर कारण ई बताओल जा रहल अछि जे पिछला विधानसभा चुनाव मे कांग्रेसक प्रदर्शन जीतक हिसाबे आ मत प्रतिशतक हिसाबे सेहो बहुत खराब रहल छल। पिछला विधानसभा चुनाव मे सपा 403 सीट मे सं 347 सीट पर अपन चुनाव चिह्न पर चुनाव लड़ने छल। शेष सीट गठबंधनक सहयोगी दल सभ लेल छोड़ल गेल छल। सूत्रसभक अनुसार, एहि बेर सेहो सपा 340-350 सीट पर अपन चुनाव चिह्न पर उम्मीदवार उतारय चाहैत अछि। सपा नेतृत्वक मानब अछि जे साइकिल चुनाव चिह्न नहि रहला पर जीतक संभावना बहुत कम भए जाइत अछि। सूत्रसभक अनुसार, सपा ई निर्णय जरूर लेने अछि जे कांग्रेस जाहि सीट सभ पर अपन दावा कयने अछि, ओहि सीट सभ पर पार्टी अपन आधिकारिक उम्मीदवारक घोषणा सीट बंटवाराक बातचीत आखरी रूप लेलाक बादे करत।

पंजाब विधानसभा चुनाव लेल आपक पहिल सूची जारी, 40 उम्मीदवारक नाम पर मोहर

मुख्यमंत्री भगवंत मान धूरी सं लड़ताह चुनाव

आम आदमी पार्टी (आप) पंजाब विधानसभा चुनाव 2027 लेल 40 उम्मीदवारक पहिल सूची जारी कय देने अछि। एहि सूची मे मुख्यमंत्री भगवंत मान सहित 40 उम्मीदवारक नाम शामिल अछि। मुख्यमंत्री भगवंत मान धूरी विधानसभा क्षेत्र सं चुनाव लड़ताह। पंजाब विधानसभा चुनाव लेल उम्मीदवारक चयन प्रक्रिया अंतर्गत शनिदिन आम आदमी पार्टीक राजनीतिक मामिला समिति (पीएसी)क बैठक दिल्ली मे भेल। एहि बैठक मे 40 उम्मीदवारक नाम पर मुहर लगाओल गेल।

भोरे सं आप संयोजक अरविंद केजरीवालक आवास पर चलि रहल एहि महत्वपूर्ण बैठक पर सभक नजरि टिकल छल। शनिदिन दुपहर पंजाब विधानसभा चुनाव लेल आपक 40 उम्मीदवारक पहिल सूची जारी कयल गेल। 117 सदस्यीय पंजाब विधानसभा लेल 40 उम्मीदवारक नाम घोषित भेलाक बाद आब अगिला सूची कें लए चर्चा तेज भए गेल अछि। एहि सं पहिने शुक्रदिन पार्टीक राष्ट्रीय संयोजक अरविंद केजरीवालक अध्यक्षता मे दिल्ली मे महत्वपूर्ण बैठक शुरू भेल छल। आम आदमी पार्टीक राष्ट्रीय सचिव पंकज कुमार गुप्ता 31 अक्टूबर कें जारी सूची मे मुख्यमंत्री भगवंत मान कें धूरी विधानसभा क्षेत्र सं उम्मीदवार घोषित कयलनि।

एहि संबंध मे आप नेता मनीष सिसोदिया एक्स पर उम्मीदवार सभ कें बधाइ दैत कहलनि, 'पंजाब लेल घोषित आम आदमी पार्टीक सभ 40 उम्मीदवार कें बधाइ! ई जनताक भरोसा आओर मजबूत करबाक जिम्मेदारी अछि। प्रत्येक घर जाउ, लोकसभक बात सुनू आ पंजाब कें आगू बढ़यबाक लेल पूरा ताकत लगा दिअ। खुशहाल पंजाब लेल भगवंत मान फेरसं!'



पंजाब विधानसभा चुनाव 2027 लेल आपक पहिल सूची मे शामिल प्रमुख उम्मीदवार

मोगा विधानसभा क्षेत्र सं अमनदीप कौर आ निहाल सिंह बला सीट सं मनजीत सिंह बिलासपुर पर पार्टी भरोसा जतौने अछि। बटाला सं वर्तमान विधायक आ कार्यकारी प्रधान अमन शेर सिंह कलसी कें टिकट देल गेल अछि। मुक्तसर साहिब सं काका बराड़ पर पार्टी फेर भरोसा जतौलक अछि। कोटकपूरा सं विधानसभा अध्यक्ष कुलतार सिंह संधवां कें उम्मीदवार बनाओल गेल अछि। एहि सूची जारी भेलाक बाद पंजाब विधानसभा चुनाव 2027 लेल राजनीतिक गतिविधि तेज होयबाक संभावना अछि। पार्टीक अगिला सूची पर सेहो आब नजरि टिकल अछि।

एमएलसी चुनाव मे तीन सीट पर हारिक बाद निशांत कुमार कहलनि- होयत समीक्षा

बिहारि विधान परिषद चुनाव मे भेटल हारि कें स्वास्थ्य मंत्री निशांत कुमार स्वीकार कयलनि अछि। ओ शनि दिन कहलनि जे चुनाव मे हारि भेल अछि आ एकर समीक्षा कयल जाएत। पार्टी मे जे कमी रहि गेल अछि, ओकरा दूर करबाक प्रयास होयत। निशांत कुमारक ई बयान एहन समय आयल अछि, जखन जदयू कें विधान परिषदक चारि सीट मे सं तीन सीट पर हारिक सामना करय पड़ल अछि। पार्टी कें मात्र पटना स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे जीत भेटल। स्वास्थ्य मंत्री कहलनि जे चुनाव परिणाम सं जे कमी सामने आयल अछि, ओकरा दूर करबाक कोशिश कयल जाएत। ओ स्पष्ट रूप सं कहलनि, हारि भेल अछि, हम एकरा स्वीकार करैत छी। एकर समीक्षा होयत आ जे कमी अछि, ओकरा पूरा करबाक प्रयास करब। निशांत कुमार सरदार वल्लभभाई पटेलक जयंती पर हुनका श्रद्धांजलि अर्पित करैत कहलनि जे हुनकर जीवन सं हमरा सभ कें सीख भेटैत अछि। हुनकर विचार आ काज सं लगातार सीखबाक जरूरत अछि।

यूपी मे संगठन विस्तार पर जदयूक जोर

उत्तर प्रदेश मे होमय बला पैघ कार्यक्रम मे शामिल होयबाक सवाल पर निशांत कुमार कहलनि जे ओ ओतय जा रहल छथि। हुनकर प्रयास अछि जे उत्तर प्रदेश मे जदयू के संगठन मजबूत हो आ पार्टी एनडीए गठबंधनक बैनर तर चुनाव लड़य। ओ बतौलनि जे एकटा पैघ कार्यक्रम मे शामिल होयबाक लेल ओ वाराणसी जा रहल छथि। दरअसल, उत्तर प्रदेश मे अगिला वर्ष विधानसभा चुनाव होयबाक अछि। एकरा देखैत जदयू ओतय अपन राजनीतिक आ संगठनात्मक गतिविधि



बढ़ा रहल अछि। पार्टी दिस सं 1 नवंबर कें वाराणसीक लोहता मे राज्यस्तरीय कार्यकर्ता सम्मेलन आयोजित कयल जा रहल अछि। एहि सम्मेलन कें निशांत कुमार मुख्य रूप सं संबोधित करताह। पार्टीक वरिष्ठ नेता श्रवण कुमार सेहो कार्यक्रमक तैयारी मे जुटल छथि। जदयू एहि कार्यक्रमक माध्यम सं पूर्वांचल मे अपन संगठनात्मक मौजूदगी मजबूत करबाक प्रयास कए रहल अछि। पार्टीक लक्ष्य उत्तर प्रदेश मे एनडीए संग मिलि चुनाव लड़ब अछि। एहन स्थिति मे सरदार पटेलक जयंतीक अवसर पर वाराणसी मे आयोजित एहि कार्यक्रम कें आगामी विधानसभा चुनावक तैयारी सं जोड़ि कए देखल जा रहल अछि।

यूपी मे जदयू संगठन मजबूत करबाक तैयारी

एमएलसी चुनाव मे जदयू कें तीन सीट पर हारि

बिहारि विधान परिषदक आठ सीट लेल भेल चुनाव मे जदयू चारि सीट पर उम्मीदवार उतारने छल। एहि मे पार्टी कें मात्र पटना स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे जीत भेटल, जतय नीरज कुमार बाजी मारलनि। ओतहि, तिरहुत स्नातक, सारण शिक्षक आ दरभंगा शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे पार्टी कें हारिक सामना करय पड़ल। एहि तरहे चारि मे सं तीन सीट गंवेलाक बाद निशांत कुमार हारि स्वीकार करैत चुनाव परिणामक समीक्षा आ कमी कें दूर करबाक बात कहलनि।

अभिभावक-शिक्षक संगोष्ठी मे स्वच्छता कें संस्कृतिक रूप देबाक संकल्प

बच्चाक सर्वांगीण विकास पर देल गेल जोर

शिवाजीनगर, समदिया



शिवाजीनगर प्रखंडक सभ 125 प्रारंभिक विद्यालय मे शनिदिन प्रधानाध्यापक आ प्रधान शिक्षकक नेतृत्व मे अभिभावक-शिक्षक संगोष्ठीक आयोजन कयल गेल। एहि बेर संगोष्ठीक विषय छल 'स्वच्छता हमर संस्कृति'। शिक्षा विभागक वार्षिक कैलेंडरक अंतर्गत आयोजित एहि कार्यक्रम मे बच्चासभक स्वच्छता,स्वास्थ्य, पोषण, शैक्षणिक प्रगति आ सर्वांगीण विकास पर विशेष जोर देल गेल। संगहि विद्यालय आ अभिभावकक बीच नीक समन्वय स्थापित कए बच्चासभक शिक्षाक प्रति साझा जिम्मेदारी निभेबाक संदेश देल गेल। संगोष्ठी मे बच्चा सभ कें स्वस्थ रखबाक लेल स्वच्छताक आदति विकसित करबाक, पर्यावरण संरक्षण, जिम्मेदार व्यवहार आ ई-कचरा प्रबंधन मे विद्यालय आ समुदाय कें सक्रिय भागीदारी सुनिश्चित करबाक विषय पर चर्चा भेल। शिक्षक सभ अभिभावक सभ कें कहलनि जे स्वच्छता मात्र विद्यालय धरि सीमित नहि रहबाक चाही, बल्कि एकरा बच्चासभक दैनिक जीवन आ संस्कारक हिस्सा बनयबाक आवश्यकता अछि। शिक्षक सभ अभिभावक सभ सं बच्चासभक नियमित उपस्थिति सुनिश्चित करय, समयपर विद्यालय पठेबाक आ घर मे पढ़ाइक अनुकूल वातावरण उपलब्ध करयबाक अपील कयलनि।विद्यालय पठेबा सं पहिने बच्चा सभ कें पौष्टिक नाश्ता करयबाक बात पर सेहो जोर देल गेल। कहलगेल जे स्वस्थ आ सुपोषित बच्चा विद्यालय मे बेसी सक्रिय रहैत अछि आ पढ़ाइ मे नीक प्रदर्शन करैत अछि। संगोष्ठी मे बच्चासभक स्वास्थ्य, स्वच्छता, पोषण, अनुशासन, व्यवहार आ सीखबाक क्षमताक विभिन्न पक्ष पर विस्तार सं चर्चा कयल गेल। प्रत्येक बच्चाक शैक्षणिक प्रगतिक समीक्षा करैत कमजोरपढ़ाइ आ कम उपस्थिति बला बच्चासभक लेल विशेष कार्ययोजना बनेबाक विचार कयल गेल। अभिभावक सभ कें बताओल गेल जे बच्चाक शिक्षा मात्र विद्यालयक जिम्मेदारी नहि, बल्कि एहि मे घर-परिवारक सहयोग सेहो ओतबे महत्त्वपूर्ण अछि। विद्यालय आ परिवार मिलि बच्चासभक मार्गदर्शन करय तं हुनकर सीखबाक गुणवत्ता मे उल्लेखनीय सुधार भए सकैत अछि। एकर अतिरिक्त बच्चासभक रुचि, प्रतिभा आ व्यवहार सं जुड़ल पक्ष पर अभिभावक सभ सं विचार-विमर्शकयल गेल, जाहि सं प्रत्येक बच्चाक आवश्यकताक अनुसार सहयोग देल जा सकय। प्रधानाध्यापकबालमुकुंद सिंह, मोहम्मद अब्दुल्लाह, नीलू कुमारी, पिंकी कुमारी, बिहारी दास, देवानंद कामत, अरुण पासवान,मृत्युंजय राय, संतोष कुमार, अमित कुमार मिश्रा, संजीत कुमार, जहांआर प्रवीण, सरिता कुमारी, मोहम्मदजैनुद्दीन, मदन कुमार, उमेश प्रसाद राय, शांति भूषण, मृत्युंजय कुमार सिंह, अजय कुमार राय, राजकुमारराय, प्रमोद पासवान, प्रदीप कुमार, हीरानंद झा, सत्यनारायण आर्य, सुभाष सिंह, संजीव कुमार, रामबाबू सिंह, अवधेश चौधरी, सुदर्शन प्रसाद, राममिलन सहनी आ अरुण कुमार सहित अन्य प्रधानाध्यापक आ प्रधान शिक्षक अपन-अपन विद्यालय मे संगोष्ठीक आयोजन केलनि। एहि कार्यक्रम मे छात्र-छात्राक अभिभावक आ शिक्षक उपस्थित छलाह।

12 नवंबर धरि बेनीपट्टी अनुमंडलक सभ सड़कक होयत सर्वेक्षण, खदहामुक्त बनेबाक तैयारी तेज

बेनीपट्टी, समदिया



जिलाधिकारी आनंद शर्माक निर्देश पर अनुमंडल क्षेत्रक सड़क सभ कें गड्ढामुक्त बनेबाक प्रशासनिक तैयारी तेज कय देल गेल अछि। एहि संबंध मे शनिदिन अनुमंडल पदाधिकारी शारंग पाणि पांडेयकअध्यक्षता मे हुनकर कार्यालय प्रकोष्ठ मे ग्रामीण कार्य विभाग आ पथ निर्माण विभागक तकनीकीपदाधिकारीसभक संग महत्वपूर्ण बैसार भेल। बैसार मे अनुमंडल क्षेत्रक सभ सड़कक सर्वेक्षण कयवास्तविक स्थिति आ आवश्यक मरम्मत कार्यक आकलन करबाक संबंध मे विस्तार सं चर्चा भेल। बैसार मे एसडीओ स्पष्ट निर्देश देलनि जे ग्रामीण कार्य विभाग आ पथ निर्माण विभागक अधीन अबयवाली सभ सड़क कें गड्ढामुक्त बनयबाक अछि। एहि लेल दुनू विभागक अभियंता 12 नवंबर सं पहिने सभ सड़ककसर्वेक्षण पूरा करथि। सर्वेक्षणक दौरान सड़कक वर्तमान स्थिति, गड्ढाक संख्या, मरम्मतक आवश्यकता आअन्य तकनीकी पहलूक आकलन कय निर्धारित समय-सीमाक भीतर विस्तृत प्रतिवेदन जिलाधिकारी कें उपलब्ध कराबथि। सर्वेक्षण कार्यक निगरानी लेल सेहो जिम्मेदारी तय कयल गेल। ग्रामीण कार्य विभागक अभियंतासभक सर्वेक्षण कार्यक अनुश्रवण संबंधित प्रखंडक बीडीओ करथि। ओतहि पथ निर्माण विभागकसर्वेक्षण कार्यक निगरानी संबंधित प्रखंडक वरीय प्रभारी पदाधिकारी करथि। एसडीओ सभ कनीय आसहायक अभियंता कें मिशन मोड मे निर्धारित समय-सीमाक भीतर काज पूरा करबाक निर्देश देलनि। एहिकार्य मे कोनो तरहक लापरवाही बर्दाश्त नहि कयल जाएत। बैसार मे ग्रामीण कार्य विभागक सहायकअभियंता सभ प्रखंडवार सड़कक स्थिति आ मेंटेनेंस लेल चयनित सड़कक जानकारी देलनि। मधवापुरप्रखंड मे विभागक कुल 72 सड़क अछि, जाहिमे सं 55 सड़क मेंटेनेंस लेल चयनित अछि। हरलाखी प्रखंडमे 64 सड़क मेंटेनेंस लेल चयनित कयल गेल अछि। बेनीपट्टी प्रखंडक कुल 211 सड़क मे 95 आबिस्फी प्रखंडक कुल 171 सड़क मे 132 सड़कक मेंटेनेंस कयल जाएत। विभागीय अभियंता सभ बतौलनिजे चिह्नित सड़कक निर्धारित समय मे सर्वेक्षण कय आवश्यक मरम्मत कराओल जाएत। प्रशासनकलक्ष्य समय-सीमाक भीतर सर्वेक्षण आ मरम्मत प्रक्रिया आगू बढ़ाकय आम लोक कें नीक सड़क सुविधाउपलब्ध करेनाइ अछि। बैसार मे सहायक अभियंता चुन्नू कुमार, विजय प्रकाश, विनोद कुमार यादव, अजयकुमार, मो. एजाज अंसारी सहित कार्यपालक दंडाधिकारी शिवम तिवारी आ दुनू विभागक अन्य तकनीकी पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

जिला स्तरीय युवा उत्सव मे युवा सभ देखौलनि प्रतिभा

» लोकगीत, लोकनृत्य, चित्रकला, नुक्कड़ नाटक आ कविता लेखन मे 250 सं बेसी प्रतिभागी लेलनि भाग

सहरसा, समदिया



कला, संस्कृति आ युवा विभाग तथा जिला प्रशासनक संयुक्त तत्वावधान मे 28 आ 29 अक्टूबर कें प्रेक्षागृह मे आयोजित दू दिवसीय जिला स्तरीय युवा उत्सव 2026 केर भव्य समापन भेल। समापनसमारोहक मुख्य अतिथि नगर आयुक्त प्रभात झा सहरसाक गौरवशाली परंपराक उल्लेख करैत कहलनि जेई माछ, मखान आ मंडन मिश्रक धरती अछि, जाहि ठामक पहचान देश-दुनिया मे अछि। ओ युवा सभ संआह्वान कयलनि जे अपन कला कें शिखर तक पहुंचयबाक लेल कठिन परिश्रम आ निरंतर अभ्यासआवश्यक अछि। राज्य सरकार आ कला-संस्कृति विभाग युवासभक सर्वांगीण विकास लेल प्रतिबद्ध अछि।उत्सव मे लोकगीत, लोकनृत्य, चित्रकला, नुक्कड़ नाटक आ कविता लेखन सहित विभिन्न विधा मे करीब 250 सं बेसी प्रतिभागी अपन प्रतिभाक प्रदर्शन कयलनि। निर्णायक मंडल मे अरविंद श्रीवास्तव, प्रो. दिनेश कुमार, प्रो. मकसूदन कुमार सहित कतेको विशेषज्ञ शामिल छलाह।कला आ संस्कृति पदाधिकारी स्नेहा झा बतौलनि जे जिलाधिकारी दीपेश कुमार द्वारा उद्घाटित एहिआयोजनक उद्देश्य युवा सभ कें कला आ संस्कृतिक क्षेत्र मे आगू बढ़बाक अवसर देब अछि।प्रतियोगिताक कविता लेखन विधा मे लक्ष्मी भारती प्रथम, अदिति मिश्रा द्वितीय आ वाणी शांभवी तृतीय स्थान प्राप्त कयलनि। पेंटिंग मे मुस्कान, प्रशांत आ गीतांजलि शीर्ष तीन स्थान पर रहलथि। नुक्कड़नाटक मे एमएलटी कॉलेजक टीम प्रथम स्थान प्राप्त केलक। लोकगीत आ लोकनृत्यक विभिन्नप्रतियोगिता मे सेहो प्रतिभागी सभ उत्कृष्ट प्रदर्शन कयलनि।

महावीरी झंडा शांतिपूर्ण ढंग सं संपन्न करेबाक निर्देश, अफवाह पर कड़गर नजरि

सोनबरसा, समदिया



भुतही महावीरी झंडा कें लए प्रतिनियुक्त दंडाधिकारी आ पुलिस पदाधिकारी सभ कें आदर्श मध्य विद्यालय, भुतही बाजार मे एसडीओ सदर आनंद कुमार आ एडीशनल एसपी सह डीएसपी सदर-2 संयुक्त रूप सं संबोधित कयलनि। एहि दौरान झंडा शांतिपूर्ण ढंग सं संपन्न करयबाक आ अफवाह फैलाबयवला तत्व पर विशेष नजरि रखबाक निर्देश देल गेल। एसडीओ सदर आनंद कुमार कहलनि जे मुहर्रम आदुर्गापूजाक दौरान विधि-व्यवस्था बनौने रखबा मे सभ पदाधिकारीक प्रदर्शन नीक रहल अछि। ओही तरह अपन-अपन कर्तव्यक पालन करैत महावीरी झंडाक दौरान सेहो विधि-व्यवस्था बनौने रखबाक अछि। सीतामढ़ी जिला सांप्रदायिक दृष्टिकोण सं बहुत संवेदनशील अछि आ भुतहीक झंडाक इतिहास सेहोसंवेदनशील रहल अछि। पछिला एक महिना मे विभिन्न स्थान पर झंडा आयोजित भेल अछि, जाहि मेपैघ संख्या मे भीड़ जुटल अछि। ओ कहलनि जे किछु शरारती तत्व जुलूसक दौरान दोसर समुदाय कें घरक लग किछु एहन हरकत करैत अछि, जाहि सं माहौल खराब होइत अछि। एहन घटनाक सूचना भेटितेकंट्रोल रूम कें जानकारी देल जाय, जाहि सं तुरंत कारबाइ कयल जा सकय। भीड़क फायदा अपराधी सेहो उठा सकैत अछि। विभिन्न स्थान पर सीसीटीवी लगाओल गेल अछि। कोनो संदिग्ध व्यक्ति देखाइदेलापर तुरंत सूचना देबाक निर्देश देलनि। सोशल मीडिया पर सेहो नजरि रखबाक आ अखाड़ा मे तनाव उत्पन्न होइतहि कारबाइ करबाक लेल कहलनि। एसडीओ झंडाक ऊंचाई आ लंबाइ कें ध्यान मे रखैतबैरिकेडिंग करबाक निर्देश देलनि, जाहि सं झंडा खसबाक स्थिति मे केओ चोटिल नहि हो। यातायातव्यवस्था पर विशेष ध्यान देबाक, वरीय अधिकारी सभ कें सतर्क रहबाक आ प्रतिनियुक्त पदाधिकारी सभ अपन-अपन केंद्र पर पहुंचल छथि वा नहि, एकर जांच करबाक निर्देश सेहो देलनि। एडीशनल एसपी सह डीएसपी सदर-2 कहलनि जे अपराध नियंत्रण आ सांप्रदायिक सौहार्द बनौने रखब सभक जिम्मेदारी अछि।सभ पदाधिकारी कें मानसिक आ शारीरिक रूप सं सतर्क रहैत ड्यूटी करबाक चाही। पूर्व मे सांप्रदायिक तनावक इतिहास रहल अछि आ जुलूसक मार्ग सेहो संवेदनशील अछि। एहि लेल 6 पेट्रोलिंग टीम तैनातकयल गेल अछि। पेट्रोलिंगक संग कमानवला पदाधिकारीक निरीक्षण सेहो करबाक अछि। कोनो तरहकलापरवाही बर्दाश्त नहि कयल जायत।ओ कहलनि जे आपराधिक घटना आ छिनतई नहि हो, एकरा लेल सतर्क रहबाक अछि। डीजे बजयबाकअनुमति नहि अछि। भीड़ वा जुलूस मे एहन गीत नहि बजाओल जाय आ नहि एहन नारा लगाओल जाय,जाहि सं दोसर धर्मक लोकक भावना आहत हो। सभ पुलिसकर्मी कें बॉडी प्रोटेक्टर आ हेलमेट पहिरिड्यूटी करबाक निर्देश देलनि। कहलनि जे ई सुरक्षा उपकरण हुनके सुरक्षाक लेल देल जाइत अछि, तें एहि मे ढिलाइ नहि हो। सूचना संकलन करैत रहबाक आ उपद्रवी तत्व कें तुरंत पकड़बाक निर्देश सेहो देलनि। मौका पर पुलिस निरीक्षक परशुराम सिंह, डीएसपी सीतामढ़ी सदर, बीडीओ मृत्युंजय कुमार, अंचलाधिकारीपंकज कुमार, भुतही थानाध्यक्ष चंद्रगुप्त सहित दर्जनों दंडाधिकारी आ पुलिस पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

वन स्टॉप सेंटरक व्यवस्था सुधारबाक लेल डीएम देलनि 15 दिनक अल्टीमेटम

डीएम आ एसएसपी केलनि सखी वन स्टॉप सेंटरक संयुक्त निरीक्षण

दरभंगा, समदिया



» पीड़ित महिला सभ कें नीक सुविधा देबाक निर्देश

जिलाधिकारी कौशल कुमार आ वरीय पुलिस अधीक्षक शनिदिन दरभंगाक वन स्टॉप सेंटरक संयुक्तनिरीक्षण केलनि। एहि दौरान केंद्रक साफ-सफाई, स्वच्छता, आधारभूत संरचना, सुरक्षा व्यवस्था, अभिलेखकसंधारण आ पीड़ित महिला सभ कें उपलब्ध कराओल जा रहल सुविधाक जायजा लेलनि। निरीक्षणक क्रममे डीएम केंद्र परिसर आ भवन मे साफ-सफाइक समुचित व्यवस्था सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि।संगहि सखी वन स्टॉप सेंटरक भवनक मरम्मत आ आवश्यक सुधार कार्य पूरा करबाक लेल 15 दिनकसमय-सीमा निर्धारित केलनि। संबंधित अधिकारी आ कर्मी सभ कें तय समय-सीमाक भीतर सभ काजपूरा करयबाक निर्देश देलनि। डीएम कहलनि जे केंद्र पर आबयवाली पीड़ित महिला सभ कें संवेदनशीलता, तत्परता आ सम्मानक संग सहायता उपलब्ध कराओल जाय। ओतहि एसएसपी महिला सुरक्षा सं जुड़ल मामिला मे पुलिस आ वन स्टॉप सेंटरक बीच नीक समन्वय स्थापित कय त्वरित कारबाइ सुनिश्चितकरबाक निर्देश देलनि। जिला कार्यक्रम पदाधिकारी चांदनी सिंह बतौलनि जे निरीक्षणक उद्देश्य केंद्रककार्यप्रणाली आ उपलब्ध सुविधाक समीक्षा कय पीड़ित महिला सभ कें सुरक्षित आ नीक वातावरण मेसमेकित सहायता उपलब्ध करेनाइ अछि। मौका पर जिला परियोजना प्रबंधक ब्रजेश कुमार सिंह, जिला मिशन समन्वयक ऋषि कुमार, केंद्र प्रशासक अजमतुन निशा सहित अन्य कर्मी उपस्थित छलाह।

सुरक्षित नेनपन लेल बच्चा सभक जागरूक आ निर्भीक रहब जरूरी : न्यायाधीश

» सुरक्षित नेनपन अभियानक पहिल चरण संपन्न, प्रतियोगिता मे सफल विद्यार्थी सम्मानित

दरभंगा, समदिया



सुरक्षित नेनपन अभियानक पहिल चरणक समापन समारोह शनिदिन आदर्श मध्य विद्यालय मे प्रधान जिला एवं सत्र न्यायाधीश सह जिला विधिक सेवा प्राधिकारक अध्यक्ष अजय कुमार शर्माक अध्यक्षता मे आयोजित भेल। समारोह कें संबोधित करैत श्री शर्मा कहलनि जे विद्यार्थी देशक भविष्य छथि आ हुनकरबचपन सुरक्षित राखब पूरा समाजक जिम्मेदारी अछि। बच्चासभक सुरक्षाक लेल सरकार आ न्यायालयसंवेदनशीलताक संग भयमुक्त वातावरण बनेबाक दिशा मे प्रयासरत अछि। ओ बच्चा सभ सं लैंगिकअपराध आ असुरक्षित स्पर्शक प्रति सजग रहबाक, एहन घटनाक विरोध करबाक आ तत्काल शिकायत करबाक अपील कयलनि। ओ शोषणक विरुद्ध सहायता आ शिकायत लेल टोल फ्री नंबर 1098, 1930 आ 15100 केर जानकारी सेहो देलनि। कार्यक्रमक शुभारंभ दीप प्रज्वलित कय कयल गेल। एहि अवसर पर विद्यालय मे आयोजित क्विज आ चित्रांकन प्रतियोगिता मे सफल प्रतिभागी अंकिता, रितु, श्याम, मिन्नत, सुधांशु, साबरीन, दुर्गा, सोनाक्षी, संजना आ नव्या सहित अन्य बच्चा सभ कें मोमेंटो आ प्रशस्ति पत्र दयसम्मानित कयल गेल।मौका पर स्थायी लोक न्यायालयक अध्यक्ष सुरेंद्र नाथ त्रिपाठी, न्यायिक मजिस्ट्रेट आनंद सौरव, जिलाशिक्षा पदाधिकारी विद्यानंद ठाकुर, प्रधानाध्यापक मोहम्मद साजिद हसन आ पूर्व प्रधानाध्यापक रामबुझावन रमाकर यादव सहित अन्य लोक उपस्थित छलाह।

महावीरी झंडा कें संपन्न करेबाक लेल प्रशासन सतर्क

अधिकारि सभ कयलनि विभिन्न स्थलक निरीक्षण

सोनबरसा, समदिया



आगामी 1 आ 2 नवंबर कें आयोजित होमयबला दू दिवसीय महावीरी झंडा महोत्सव शांतिपूर्ण आसौहार्दपूर्ण वातावरण मे संपन्न करेबाक लेल प्रशासन पूरा तरहें सतर्क अछि। विधि-व्यवस्था बनौने रखबाक लेल बीडीओ मृत्युंजय कुमार, अंचलाधिकारी पंकज कुमार आ भुतही थानाध्यक्ष चंद्रगुप्त कुमार लगातार क्षेत्रक दौरा कए सुरक्षा व्यवस्थाक जायजा लए रहल छथि। एहि क्रम मे अधिकारि सभ भुतही, फूलकाहा आ फतहपुर सहित विभिन्न स्थलनिरीक्षण कयलनि। फतहपुर आ महुलिया मे कराओल जा रहल बैरिकेडिंगक सेहो स्वयं पहुंचि जायजा लेलनि। अधिकारि सभ सुरक्षा व्यवस्था, भीड़ नियंत्रण आ आयोजन सं जुड़ल तैयारीक बारीकी सं निरीक्षण कयलनि। अधिकारि सभ कहलनि जे महोत्सवक दौरानश्रद्धालुसभक सुरक्षा, सुचारु आवागमन आ विधि-व्यवस्था बनौने रखब प्रशासनक सर्वोच्च प्राथमिकताअछि।

ऐरौत मुसहरी इलेवन 37 रन सं रानीपरती इलेवन कें हरा जीतलक देवनपुर क्रिकेट लीगक खिताब

शतकवीर रवि बनलाह मैन ऑफ द मैच, रोमांचक फाइनल देखबाक लेल जुटल दर्शक

शिवाजीनगर, समदिया



शिवाजीनगर प्रखंडक करियन पंचायत अंतर्गत देवनपुर गाम मे चिमनीक लग शनिदिन देवनपुर क्रिकेटलीग 2026 के पहिल सीजनक फाइनल मोकाबला रोमांच आ खेल भावना बीच संपन्न भेल। खिताबीमोकाबला मे ऐरौत मुसहरी इलेवन रानीपरती इलेवन कें 37 रन सं पराजित कए विजेता बनल। मैचदेखबाक लेल मैदान मे खेलप्रेमी आ ग्रामीणक पैघ भीड़ जुटल छल। फाइनल मे टॉस ऐरौत मुसहरीइलेवनक पक्ष मे रहल। टीमक कप्तान टॉस जीत पहिने बल्लेबाजी करबाक निर्णय लेलनि। निर्धारित 12 ओवरक मोकाबला मे ऐरौत मुसहरी इलेवनक बल्लेबाज शुरूए सं आक्रामक खेल देखौलनि। टीम 4 विकेटक नोकसान पर 177 रनक विशाल स्कोर बनौलक। टीमक बल्लेबाज रवि शानदार शतक लगबैत दर्शक सभ कें खूब रोमांचित कयलनि। हुनकर चौका-छक्का आ आकर्षक शॉट मैचक रुख ऐरौत मुसहरीइलेवनक पक्ष मे कए देलक। 177 रनक लक्ष्यक पीछा करैत रानीपरती इलेवनक टीम जीतक भरपूर प्रयासकेलक। मुदा ऐरौत मुसहरी इलेवनक गेंदबाज नियमित विराम पर विकेट लैत विपक्षी टीम पर दबावबनौने रहलाह। रानीपरती इलेवन निर्धारित 12 ओवर मे 9 विकेट पर 140 रन मात्र बना सकल। एहितरहें ऐरौत मुसहरी इलेवन 37 रन सं जीत दर्ज कय पहिल सीजनक खिताब अपन नाम कय लेलक। शानदार शतक लगाबयवला रवि कें मैन ऑफ द मैच घोषित कयल गेल। ओतहि पूरा टूर्नामेंट मे उत्कृष्ट प्रदर्शन करयवला रानीपरती इलेवनक एक खेलाड़ी कें मैन ऑफ द सीरीजक खिताब देल गेल। मैचक बादपुरस्कार वितरण समारोह आयोजित भेल। मुख्य अतिथि करियन पंचायतक मुखिया संजीव पासवान आपप्पू यादव विजेता आ उपविजेता टीम कें सम्मानित कयलनि। विजेता ऐरौत मुसहरी इलेवन कें पैघ रेंजरसाइकिल, शील्ड आ मुखिया संजीव पासवानक दिस सं 2100 टाका नकद देल गेल। उपविजेता रानीपरतीइलेवन कें छोट रेंजर साइकिल आ शील्ड देल गेल। मैन ऑफ द मैच आ मैन ऑफ द सीरीज बनलखेलाड़ी सभ कें सेहो शील्ड आ नकद पुरस्कार देल गेल। मैच मे लक्ष्मण आ बॉबी अंपायरक भूमिका निभौलनि, जखन कि अमित कुमार कमेंट्री कय रहल छलाह। मौका पर पप्पू यादव, गुड्डू, पंकज, कुणाल, लक्ष्मण, अमित कुमार रॉय, संजीव कुमार सहित अनेकों खेलप्रेमी आ ग्रामीण उपस्थित छलाह। लीगक सफल आयोजन सं क्षेत्रक युवा खेलाड़ी सभ मे खेलक प्रति उत्साह देखल गेल।

इंदिरा गांधी आ सरदार पटेल कें कांग्रेसजन देलनि श्रद्धांजलि

जिला कांग्रेस कार्यालय आ कटहलबाड़ी मे श्रद्धांजलि सभा आ संगोष्ठीक आयोजन

दरभंगा, समदिया



पूर्व प्रधानमंत्री स्व. इंदिरा गांधी 42म पुण्यतिथि आ देशक पहिल उपप्रधानमंत्री सरदार वल्लभभाई पटेलक 151म जयंती पर शनिदिन जिला कांग्रेस कार्यालय, बलभद्रपुर मे श्रद्धांजलि समारोह आ संगोष्ठीकआयोजन कयल गेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता प्रदेश कांग्रेस प्रतिनिधि सह जिला मीडिया प्रभारी मो. असलमकेलनि। एहि दौरान कांग्रेस नेता आ कार्यकर्ता सभ दुनू महान नेताक चित्र पर पुष्प अर्पित कएश्रद्धांजलि देलनि। संगोष्ठी कें संबोधित करैत मो. असलम कहलनि जे इंदिरा गांधीक साहस, दृढ़ नेतृत्वआ राष्ट्रीय एकता-अखंडताक लेल देल गेल बलिदान सदिखन याद राखल जायत। वरिष्ठ नेता रामपुकारचौधरी कहलनि जे देशक एकताक रक्षा करैत इंदिरा गांधी अपन प्राणक आहुति देलनि। ओतहि परमानंद झा सरदार पटेल कें आधुनिक भारतक शिल्पकार बतौलनि। एहि अवसर पर गणेश चौधरी, दिनेश्वर राय,रीता मिश्रा, ललन कुमार झा, उदितनारायण चौधरी, हसमत अंसारी, राघवेंद्र कुमार सहित कतेको नेता अपनविचार रखलनि।ओम्हर, बिहार प्रदेश कांग्रेस कमेटीक पंचायती राज विभागक तत्वावधान मे कटहलबाड़ी मे सेहो इंदिरागांधीक पुण्यतिथि एकता दिवसक रूप मे मनाओल गेल। ओतय आयोजित संगोष्ठी मे अमरेंद्र कुमार अमर, सुशील कुमार सिंह, विजय कुमार महासेठ, प्रेमचंद यादव, मो. खुर्शीद रब्बानी सहित कतेको कांग्रेस नेता आ कार्यकर्ता सभ श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। वक्ता सभ दुनू नेताक संघर्ष, राष्ट्रक प्रति समर्पण आ योगदान कें याद करैत हुनका सभक आदर्श पर चलेबाक संकल्प लेलनि।

जनगणना-2027 : चाईबासा मे दू दिवसीय प्रशिक्षण शुरू, समन्वय पर देल गेल जोर

चाईबासा,समदिया



भारतक जनगणना-2027 केर दोसर चरणक जनसंख्या गणनाक सफल संचालन आ तैयारी कें लए नगर परिषद चाईबासाक सभागार मे दू दिवसीय प्रशिक्षण कार्यक्रम शुरू भेल। उप विकास आयुक्त उत्कर्ष कुमार दीप प्रज्वलित कए कार्यक्रमक उद्घाटन कयलनि। कार्यक्रम मे प्रशिक्षु आईएएस अधिकारी सह चार्ज पदाधिकारी, सदर चाईबासा, ईरा जोरवाल जनगणना-2027क महत्व आ एकर सफल क्रियान्वयन सं जुड़ल विभिन्न बिंदु पर अपन बात रखलनि।राष्ट्रीय प्रशिक्षक सत्येंद्र गुप्ता, संयुक्त निदेशक, जनगणना कार्य निदेशालय, रांची जिलाक सभ प्रखंडविकास पदाधिकारी, कार्यपालक पदाधिकारी, सह चार्ज पदाधिकारी आ सहायक चार्ज पदाधिकारी कें जनगणनाक प्रक्रिया, तकनीकी पहलू आ निर्धारित दिशा-निर्देशसभक विस्तृत जानकारी देलनि। उत्कर्ष कुमार कहलनि जे जनगणना जेहन राष्ट्रीय कार्य मे निर्धारित दिशा-निर्देशक सख्ती सं पालनआवश्यक अछि। सभ अधिकारी कें जिम्मेदारीक संग काज करय पड़त। ओ सटीकता, सतर्कता आ आपसीसमन्वय पर जोर देलनि। प्रशिक्षण मे भेटल जानकारीक प्रभावी उपयोग करबाक लेल कहलनि। ओ बतौलनि जे समय पर काज पूरा करबाक लेल जिला आ प्रखंड स्तर पर नीक समन्वय जरूरी अछि।निर्धारित प्रक्रिया के अनुसार सभ काज पूरा करय पड़त।प्रशिक्षण कार्यक्रम मे जनगणना निदेशालय, रांची सं आयल प्रशिक्षक आशीष कुमार, सांख्यिकी अन्वेषक ग्रेड-II, जिला सांख्यिकी पदाधिकारी फ्रांसिस कुजूर सहित अन्य संबंधित पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

किसान सभ वैज्ञानिक खेती आ प्राकृतिक संसाधनक संरक्षणक जानकारी लेलनि



गुमला,समदिया

कृषि विज्ञान केंद्र, गुमला (विकास भारती, बिशुनपुर) परिसर मे प्रधानमंत्री किसान सम्मान निधि योजनाक 21म किस्तक सीधा प्रसारणक संग कृषक संगोष्ठीक आयोजन कयल गेल। कार्यक्रम मे करीब 110 किसान हिस्सा लेलनि। मुख्य अतिथि महेंद्र भगत छलाह। मुख्य वक्ताक रूप मे केंद्रक वरिष्ठवैज्ञानिक एवं प्रधान डॉ. बृजेश पांडेय उपस्थित छलाह।कार्यक्रमक दौरान किसान सभ प्रधानमंत्री किसान सम्मान निधि योजनाक किस्तक प्रसारण देखलनि।ओ सभ योजना सं संबंधित जानकारी प्राप्त कयलनि। वक्ता सभ कहलनि जे किसानक आर्थिक स्थिति मजबूत करब समयक आवश्यकता अछि। कृषि उत्पादन मे स्थिरता आनब सेहो जरूरी अछि। एहि लेल सरकारी योजनाक लाभ लेब आवश्यक अछि। आधुनिक कृषि तकनीक अपनायब सेहो जरूरी अछि।मुख्य अतिथि महेंद्र भगत कहलनि जे कृषि ग्रामीण अर्थव्यवस्थाक रीढ़ अछि। किसानक समृद्धि लेलकृषि आधारित आजीविका कें मजबूत करब जरूरी अछि। प्राकृतिक संसाधनक संरक्षण सेहो आवश्यकअछि। ओ किसान सभ सं कृषि विज्ञान केंद्रक वैज्ञानिकक मार्गदर्शन मे खेती करबाक अपील कयलनि।

एसपी सं थाना प्रभारी कें हटेबाक मांग पर मालेक थाना परिसर मे हल्ला बोल

बगोदर,समदिया



बगोदर मे बढ़ैत अपराध, कथित अवैध कारोबार आ पुलिसक कार्यशैलीक विरुद्ध भाकपा माले थाना परिसर मे हल्ला बोल कार्यक्रम आयोजित कयलक। बगोदरक पूर्व विधायक विनोद कुमार सिंह प्रदर्शनक नेतृत्व करैत पुलिस प्रशासन पर सवाल उठौलनि। ओ गिरिडीह एसपी सं थाना प्रभारी राजेशकुमार कें तत्काल हटेबाक मांग कयलनि। चेतावनी देलनि जे जं पुलिसक कार्यशैली मे सुधार नहि भेल आ अपराध पर अंकुश नहि लागल तं हजारो लोक सड़क पर उतरि पैघ आंदोलन करत। पूर्व विधायक कहलनि जे बगोदर मे लूट, छिनतई आ हत्याक घटना भए रहल अछि। हुनकर अनुसार, अवैध शराब सहित अन्य कारोबार सेहो पुलिसक नाकक नीचां फलि-फूलि रहल अछि। ओ कपिलो गामक बच्ची लक्ष्मीक हत्याकांडक जिक्र करैत कहलनि जे बच्चीक लापता होयबाक शिकायत लए हुनकर पिता थाना पहुंचल छलाह, मुदा पुलिस मामिला कें गंभीरता सं नहि लेलक। परिजन कें अपने बच्चीक खोजकरबाक लेल कहल गेल। बाद मे बच्चीक हत्या भए गेल।ओ कहलनि जे शुरुआती शिकायत पर पुलिस गंभीरता देखबैत तं समय रहैत कारबाइक संभावना बनिसकैत छल। मौका पर पूर्व प्रमुख मुस्ताक अंसारी, उप प्रमुख हरेंद्र सिंह, तिरला पंचायतक मुखिया सरिता साहू, संतोष रजक, युवा नेता पूरण कुमार महतो आ किसान महासभाक रामेश्वर यादव सहित महिला-पुरुष उपस्थित छलाह। गिरिडीह एसपी सं त्वरित कारबाइ करैत थाना प्रभारी राजेश कुमार कें हटेबाक मांग फेर दोहराओलगेल।

गलत तरीका सं राशन कार्ड रद्द करबाक मामिला मे होयत कारबाइ, जांचक देल गेल आदेश

बोकारो,समदिया



जिला मे राशन कार्ड रद्द कयल जेबाक शिकायत कें आब गंभीरता सं लेल जाएत। गलत तरीका सं राशन कार्ड रद्द करय वा एकरा लेल अनुचित अनुशंसा करय बला लोकक पहचान कए हुनका विरुद्ध नियमानुसार कारबाइ कयल जाएत। उपायुक्त अजय नाथ झा शुक्रदिन समाहरणालय सभागार मे आयोजित हम अहां कें सुनैत छी... लोक संवादकार्यक्रमक दौरान अधिकारी सभ कें ई निर्देश देलनि। ओ स्पष्ट कहलनि जे कोनो पात्र लाभुक कें अनावश्यक रूप सं सरकारी खाद्यान्न योजना कें लाभ सं वंचित नहि कयल जेबाक चाही। लोक संवाद मे कसमार प्रखंडक सिंहपुर निवासी लक्ष्मी देवी राशन कार्ड रद्द कयल जेबाक शिकायत कयलनि। एहि पर उपायुक्त जिला आपूर्ति कार्यालय कें एखन धरि लोक संवाद मे प्राप्त राशन कार्ड रद्दहोयबाक सभ शिकायतक अद्यतन स्थिति प्रस्तुत करबाक निर्देश देलनि। संगहि उप विकास आयुक्तशताब्दी मजूमदार आ अपर समाहर्ता सुनील चंद्र कें एहन मामिलाक समीक्षा कए राशन कार्ड रद्द करबाककारणक गहन जांच करबाक लेल कहलनि। उपायुक्त निर्देश देलनि जे जांच मे जं राशन कार्ड रद्द करयवा एकरा रद्द करबाक अनुशंसा मे गड़बड़ी भेटैत अछि, तं जिम्मेदार व्यक्तिक पहचान कए हुनका विरुद्धकारबाइ कयल जाए। ओ राशन कार्ड रद्द करबाक प्रक्रिया मे पारदर्शिता आ नियमक पालन सुनिश्चित करय पर जोर देलनि। कार्यक्रम मे विभिन्न विभाग सं संबंधित कुल 23 शिकायत आ आवेदनक क्रमवार सुनवाइ कयल गेल। उपायुक्त संबंधित अधिकारी सभ सं प्रत्येक मामिलाक वर्तमान स्थिति आ एखन धरि भेल कारबाइक जानकारी लेलनि। ओ सभ मामिलाक निष्पक्ष आ समयबद्ध निष्पादन सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे लोक संवादक उद्देश्य आम नागरिकक समस्या कें सीधे सुनि ओकर प्रभावी समाधान करब अछि। अधिकारी सभ शिकायतक प्रति संवेदनशील रहथि आ ओकर निपटारा मे अनावश्यक देरीनहि करथि।मौका पर डीडीसी शताब्दी मजूमदार, अपर समाहर्ता सुनील चंद्र, एडीएस सुचिता किरण, एपीआरओ अविनाश कुमार, पीओ माणिक प्रजापति सहित अन्य अधिकारी उपस्थित छलाह।

पारसनाथ पहाड़ पर 4-5 नवंबर कें आदिवासी धर्म सम्मेलन, सीएम हेमंत सोरेन सेहो हेताह शामिल

आयोजन समिति शुरू कएलक तैयारी

गिरिडीह,समदिया



गिरिडीहक पारसनाथ पहाड़क तराइ मे 4 आ 5 नवंबर कें आदिवासी धर्म सम्मेलन आयोजितहोयत। मरांग बुरु बचाव संघर्ष मोर्चा बृहस्पतिदिन ई जानकारी देलक। मोर्चाक कहब अछि जे 5 नवंबर कें मुख्यमंत्री हेमंत सोरेन सेहो सम्मेलन मे शामिल होयताह।मोर्चाक अनुसार, देशक अलग-अलग हिस्सा सं आदिवासी धर्मगुरु आ हजारो लोक सम्मेलन मे शामिलभए सकैत छथि। आयोजन समिति तैयारी शुरू कए देने अछि।मोर्चाक सदस्य महावीर मुर्मू, सुधीर बास्के आ शिवलाल सोरेन मरांग बुरु सांवत सुसार बेशीक सदस्य नुनका टुडू आ बुधन हेंब्रम पर जैन समाजक दलाली करबाक आरोप लगौलनि। ओ कहलनि जे सांवत सुसार बेशीक सदस्य सभ सम्मेलनक आयोजन पर सवाल उठौलनि आ मोर्चा परआदिवासी समाज कें गुमराह करबाक आरोप लगौलनि। मोर्चा एहि आरोप कें निराधार बतौलक। मोर्चाक पदाधिकारी सभ कहलनि जे सम्मेलनक उद्देश्य आदिवासी समाजक धार्मिक आस्था आपारंपरिक पूजा स्थलसभक संरक्षणक मांग सरकार धरि पहुंचेनाइ अछि। धर्मगुरुसभक माध्यम सं राज्यसरकार सं पारसनाथ पहाड़क स्वामित्व पर स्पष्ट निर्णय लेबाक आ एहि संबंध मे अधिसूचना जारीकरबाक अपील कयल जाएत।मोर्चाक सदस्यसभक कहब अछि जे पारसनाथ पहाड़ आदिवासी समाज लेल मरांग बुरु केर रूप मे धार्मिकमहत्व रखैत अछि। हुनकर अनुसार, ई समाजक आस्था, परंपरा आ सांस्कृतिक पहचानक केंद्र अछि। ओ सरकार सं आदिवासी समाजक धार्मिक आस्था आ पारंपरिक अधिकार कें ध्यान मे राखि कदम उठेबाकमांग कयलनि।मोर्चाक पदाधिकारी सभ आरोप लगौलनि जे मरांग बुरु सांवत सुसार बेशीक किछु सदस्य जैन समाजकपक्ष मे ठाढ़ भए आदिवासी समाजक पारंपरिक पूजा स्थलसभक संरक्षण लेल आवाज उठेनिहार लोक केंगलत साबित करबाक प्रयास कए रहल छथि। ओ जैन मुनि सभ सं आशीर्वाद लेबाक आ एहि मुद्दा पर सांवत सुसार बेशीक सदस्यसभक भूमिका कें लए सेहो सवाल उठौलनि।मोर्चाक सदस्य सभ कहलनि जे पारसनाथ पहाड़ आ मरांग बुरु सं जुड़ल आदिवासी समाजक धार्मिक मान्यताक संरक्षण लेल हुनकर आंदोलन जारी रहत। धर्म सम्मेलनक माध्यम सं एहि मुद्दा कें व्यापक स्तर पर उठाओल जाएत, जाहि सं राज्य सरकार एहि विषय पर ठोस निर्णय लए सकय। फिलहाल, सम्मेलनक तैयारी जारी अछि। आयोजन समिति कें आशा अछि जे एहि मे पैघ संख्या मे आदिवासी समाजक लोक आ धर्मगुरु शामिल होयताह।

पंचायत टास्क फोर्सक गठन कए समस्याक समाधान कयल जाएत : बांकिरा



चाईबासा,समदिया

चाईबासाक कांग्रेस भवन मे युवा कांग्रेस जिलाध्यक्ष प्रीतम बांकिराक अध्यक्षता मे जिला कार्यकारिणीक बैठक संपन्न भेल। बैठक मे वोट बचाउ-देश बचाउ कार्यक्रम मे भागीदारी सुनिश्चित करबाक लेल विस्तारसं चर्चा कयल गेल।बैठक मे कार्यकर्तासभक प्रशिक्षण पर चर्चा भेल। जिला मे पंचायत टास्क फोर्सक गठन कें लए रणनीतिबनाओल गेल। युवा कांग्रेसक सभ कार्यकर्ता कें प्रशिक्षित कयल जाएत। पंचायत स्तर पर पांच-पांच युवाकें संगठनक जिम्मेदारी सौंपल जाएत। पंचायत स्तरक जनसमस्याक समाधान लेल काज कयल जाएत।जिलाध्यक्ष प्रीतम बांकिरा कहलनि जे कांग्रेस पार्टीक सर्वमान्य नेता राहुल गांधी आइ देशभरि मे जनताक आवाज बनबाक काज कए रहल छथि। ओ वोट चोरीक मुद्दा पर जनता संग मिलि चुनाव आयोगक विरुद्ध मजबूती सं विरोध कए रहल छथि। योग्य मतदाता कें मतदाता सूची सं बाहर कए लोकतंत्र कें कमजोर करबाक कोशिश प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक इशारा पर कयल जा रहल अछि।बांकिरा आगू कहलनि जे जिला मे विकासक जिम्मेदारी जिनका अधिकारी सभ पर अछि, ओएह लोकभ्रष्टाचारक सरगना बनल छथि। ओ सभ व्यवस्था कें लगातार खोखला करबाक काज कए रहल छथि।आब युवा कांग्रेस एहन लोकक पहचान करत आ हुनका पर लगाम लगयबाक काज करत।बैठक मे जिला प्रवक्ता त्रिशानु राय, जिला महासचिव राजीव बोयपाई, प्रस्तावित जिला कमिटीक सन्नी रॉबर्ट अंथोनी, चंद्रशेखर गागराई, मझगांव विधानसभा अध्यक्ष त्रिलोक हेंबरोम, चक्रधरपुर विधानसभाअध्यक्ष प्रतीक कुमार आ कुमारडुंगी प्रखंड अध्यक्ष डुलेन तामसोय आदि उपस्थित छलाह।

पेट्रोलियम इंजीनियरिंगक फाइनल ईयर मे पढ़ैत छल

आईआईटी धनबाद मे आठम मंजिल सं खसल छात्र, मृत्यु

पुलिस आ संस्थान प्रबंधन कए रहल जांच

धनबाद,समदिया



आईआईटी (आईएसएम) मे शनि भोर पेट्रोलियम इंजीनियरिंगक फाइनल ईयरक छात्र मानेराजकुमार प्रतीकक मौत भए गेल। ओ एक्वामरीन हॉस्टलक आठम मंजिल सं खसि पड़ल छल। घटना भोर करीब 7:30 सं 7:45 बजे के बीचक बताओल जा रहल अछि।घटनाक सूचना भेटिते संस्थानक अधिकारीसभक टीम मौका पर पहुंचल आ जांच शुरू कयलक। छात्रक उम्र करीब 24 सं 25 वर्ष छल। ओ महाराष्ट्रक अहमदपुरक रहनिहार छल। अशर्फी अस्पताल लए गेल गेल हॉस्टल सं खसबाक बाद छात्र कें धनबादक अशर्फी अस्पताल लए गेल गेल। ओतय डॉक्टर सभ ओकरजान बचेबाक प्रयास कयलनि, मुदा जांचक बाद मृत घोषित कए देलनि। फिलहाल ओकर शव अस्पतालकमोर्चरी मे राखल अछि । छात्रक परिजन कें घटनाक जानकारी दए देल गेल अछि। हुनका सभक धनबाद पहुंचबाक प्रतीक्षा कयलजा रहल अछि। पुलिस कें सेहो सूचना दए देल गेल अछि । छात्र आठम मंजिल सं कोना खसल आ एकर कारण की छल, ई एखन स्पष्ट नहि अछि। पुलिस आ संस्थान प्रबंधन मामिलाक जांच कए रहल अछि। जांचक बादे घटनाक कारणक पता चलत।

पीएएस मे विविध संस्कृति आ परंपराक संग मनाओल गेल राष्ट्रीय एकता दिवस

बोकारो,समदिया



दी पेंटिकॉस्टल असेंबली स्कूल मे राष्ट्रीय एकता दिवसक अवसर पर बालवाटिका सं आठम कक्षाधरि केविद्यार्थी सभ भारतक सांस्कृतिक विविधता, भाषा, वेशभूषा, कला, व्यंजन आ परंपराक आकर्षक झांकी प्रस्तुत कयलनि।कार्यक्रम मे छोट-छोट विद्यार्थी रंग-बिरंग पारंपरिक वेशभूषा पहिरि विभिन्न क्षेत्रीय भाषा मे संवादप्रस्तुत कयलनि। ओतहि, तेसर सं पांचम कक्षा तक के विद्यार्थी सभ कलर्स एंड फ्लेवर्स ऑफ इंडिया;थीमक अंतर्गत विभिन्न राज्यक व्यंजन, हस्तशिल्प आ लोककलाक प्रदर्शन कयलनि।छठम सं आठम कक्षा तक के विद्यार्थी सभ लौह पुरुष सरदार वल्लभभाई पटेलक योगदान, देशी रियासतसभक एकीकरण आ अखंड भारतक निर्माण मे हुनकर ऐतिहासिक भूमिका कें प्रस्तुत कयलनि।एहि माध्यम सं राष्ट्रीय एकता, दृढ़ नेतृत्व आ सामूहिक संकल्पक संदेश देल गेल।प्राचार्या डॉ. करुणा प्रसाद कहलनि जे भारतक वास्तविक शक्ति ओकर सांस्कृतिक विविधता आ एहि मेनिहित एकता मे अछि। विद्यार्थी सभ मे विभिन्न संस्कृतिक प्रति सम्मान, सहिष्णुता आ अपनत्वकभावना विकसित करब जरूरी अछि।कार्यक्रमक समापन राष्ट्रीय एकताक शपथ आ सामूहिक राष्ट्रगानक संग भेल। आयोजनएक भारत, श्रेष्ठ भारत केर भावना कें साकार कयलक।

औरंगाबाद मे 12 करोड़ सं बनत आधुनिक परीक्षा भवन, हजारो परीक्षार्थी कें भेटत सुविधा

अनुग्रह इंटर स्कूलक पूर्वी हिस्सा मे 57,600 वर्गफीट जमीनक चयन

औरंगाबाद, समदिया

जिला मे प्रतियोगिता परीक्षा के तैयारी कए रहल युवा आ परीक्षार्थी सभ लेल नीक खबर अछि। आब जिला मुख्यालय मे प्रतियोगिता परीक्षा आयोजित करबाक लेल अपन स्थायी परीक्षा भवन होयत। करीब 12 करोड़ रुपैयाक लागत सं आधुनिक भवनक निर्माण कराओल जाएत।

एकरा लेल शहरक अनुग्रह इंटर स्कूलक पूर्वी हिस्सा मे 57,600 वर्गफीट जमीनक चयन कयल गेल अछि। प्रस्तावित भवन जी प्लस चारि मंजिला होयत, जाहि मे हजारो परीक्षार्थी कें बैसबाक व्यवस्था रहत। परीक्षा भवन बनला सं ने मात्र प्रतियोगिता परीक्षा आयोजित करबा मे सुविधा होयत, बल्कि शहरक विभिन्न विद्यालय मे परीक्षा केंद्र बनाओल जेबाक कारण नियमित पढ़ाइ प्रभावित होयबाक समस्या सं सेहो राहति भेटत।

अनुग्रह इंटर स्कूल परिसर मे 57,600 वर्गफीट जमीन चिह्नित

परीक्षा भवनक निर्माण लेल औरंगाबाद शहर स्थित अनुग्रह इंटर स्कूलक पूर्वी हिस्सा मे जमीनक चयन कयल गेल अछि।



चयनित जमीनक लंबाइ 288 फीट आ चौड़ाइ 200 फीट अछि। कुल 57,600 वर्गफीट क्षेत्रफल मे प्रस्तावित परीक्षा भवनक निर्माण कराओल जाएत। एहि स्थान पर पहिने छात्रावास आ खाली जमीन छल।

आब एहि जमीनक उपयोग जिला मे परीक्षा संबंधी आधारभूत सुविधाक विस्तार लेल कयल जाएत। निर्माण कार्य शुरू करबाक पहिने जमीन समतल करबाक प्रक्रिया शुरू करबाक तैयारी कयल जा रहल अछि। खास बात ई अछि जे एहि क्षेत्र मे जिला शिक्षा कार्यालयक नव भवनक निर्माण सेहो कराओल जाएत। एहन स्थिति मे आबय बला समय मे ई परिसर शिक्षा विभागक महत्वपूर्ण गतिविधिक केंद्र बनि सकैत अछि।

प्रस्तावित परीक्षा भवनक निर्माण पर करीब 12 करोड़ रुपैया खर्च कयल जाएत। भवन जी प्लस चारि मंजिला होयत, अर्थात भूतल सहित कुल पांच तल होयत। एहि मे पैघ संख्या मे परीक्षार्थीसभक बैसबाक क्षमता विकसित करबाक योजना अछि।

स्कूलक पढ़ाइ नहि होयत प्रभावित, परीक्षा आयोजनक व्यवस्था होयत नीक

जिला मे प्रतियोगिता परीक्षाक आयोजनक दौरान सभ सं पैघ समस्या विद्यालय मे नियमित पढ़ाइ प्रभावित होयबाक रहैत अछि। परीक्षा केंद्र बनाओल गेलाक बाद संबंधित विद्यालयक कक्षा संचालन प्रभावित होइत अछि, जाहि कारण छात्र-छात्राक पढ़ाइ पर सीधा असर पड़ैत अछि। स्थायी परीक्षा भवन बनलाक बाद एहि समस्या मे बहुत हद तक कमी अयबाक आशा अछि।

प्रतियोगिता परीक्षाक लेल अलग-अलग विद्यालय पर निर्भरता घटत आ विद्यार्थीक नियमित पढ़ाइ सुचारु रूप सं जारी रखबा मे मदति भेटत। ओतहि, परीक्षार्थी सभ कें सेहो एकटा निर्धारित स्थान पर परीक्षा देबाक सुविधा उपलब्ध होयत। जिला मुख्यालय मे 12 करोड़ रुपैयाक लागत सं प्रस्तावित ई परीक्षा भवन शिक्षा संबंधी आधारभूत संरचना मजबूत करबाक दिशा मे महत्वपूर्ण कदम मानल जा रहल अछि।

डीएम निशा सं दूर रहबाक शपथ दियौलनि खराब मौसिमक कारण मैराथन स्थगित

मिंज स्टेडियम लग निकालल गेल जागरूकता रैली

गोपालगंज, समदिया



गोपालगंजक मिंज स्टेडियम लग जिलाधिकारी समीर सौरभक नेतृत्व मे जिला प्रशासन आ 'माय भारत' संगठनक संयुक्त तत्वावधान मे नशामुक्ति कें लए विशेष जागरूकता अभियान आ शपथ ग्रहण कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल।

एहि दौरान शहरक विभिन्न स्कूलक छात्र-छात्रा, शिक्षक आ प्रशासनिक अधिकारी बढ़ि-चढ़ि कए हिस्सा लेलनि आ समाज कें नशामुक्त बनेबाक दृढ़ संकल्प लेलनि।

कार्यक्रमक मुख्य उद्देश्य युवा सभ कें नशाक दुष्प्रभाव सं बचेनाइ आ राष्ट्र निर्माण लेल प्रेरित करब बताओल गेल। खराब मौसिमक कारण पूर्वनिर्धारित मैराथन कार्यक्रम स्थगित कए अधिकारी आ छात्र-छात्रा सभ शपथ ग्रहण समारोह आ जागरूकता रैली निकाललनि।

कार्यक्रम मे उपस्थित जिलाधिकारी सभ कें नशाक विरुद्ध शपथ दियौलनि आ लोक सभ सं अपील कयलनि जे ओ अपन आसपासक समाज कें सेहो एहि प्रति जागरूक करथि।

हर वर्ग धरि नशामुक्तिक सशक्त संदेश

माय भारतक जिला कोऑर्डिनेटर शशांक मित्तल अभियानक रूपरेखा साझा करैत कहलनि जे 'मेरा युवा भारत' संगठन 15 सं 29 वर्ष आयु वर्गक युवा सभ कें 'विकसित भारत 2047' केर सपना साकार करबा मे सक्रिय योगदान देबाक लेल प्रेरित कए रहल अछि।

एहि कड़ी मे सौ सप्ताहक नशामुक्ति पखवाड़ा मनाओल जा रहल अछि। एकर अंतर्गत प्रत्येक शनिदिन अलग-अलग रचनात्मक आ जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कयल जाइत अछि, जाहि सं युवासभक माध्यम सं समाजक हर वर्ग धरि नशामुक्तिक सशक्त संदेश पहुंचाओल जा सकय।

272 संवेदनशील रेड श्रेणीक जिला मे गोपालगंज सेहो शामिल

ओ ई जानकारी सेहो देलनि जे पूरा बिहार मे गोपालगंज जिलाक चयन विशेष रूप सं ओहि मैराथन लेल कयल गेल अछि, जाहि माध्यम सं युवा शक्ति कें सकारात्मक दिशा देबाक प्रयास कयल जाएत।

ओ बतौलनि जे नशा उन्मूलनक दृष्टि सं देशक चिह्नित 272 संवेदनशील रेड श्रेणीक जिला मे गोपालगंज सेहो शामिल अछि। एहि कारण जिला प्रशासन एहि दिशा मे बहुत गंभीर आ सतर्क रुख अपना रहल अछि। जिलाधिकारी लगातार लोकसभक बीच ई संदेश पहुंचेबाक प्रयास कए रहल छथि जे युवा सभ कें हर हाल मे नशा कें मना करय पड़त। जिला प्रशासन आ युवासभक ई साझा प्रयास अछि जे गीला वा सूखा, कोनो प्रकारक नशा सं होमय बला शारीरिक, मानसिक आ सामाजिक दुष्प्रभावक जानकारी नव पीढ़ी कें देल जाए आ हुनका स्वस्थ आ उज्ज्वल भविष्यक दिशा मे आगू बढ़ाओल जाए।

जमुई मे राष्ट्रीय एकता दिवस पर निकालल गेल रैली, सरदार पटेल जयंती पर एसपी दियौलनि शपथ



जमुई, समदिया

जमुई मे सरदार वल्लभभाई पटेलक जयंती पर राष्ट्रीय एकता दिवस मनाओल गेल। शनिदिन भोर मे जिला प्रशासन आ पुलिस श्रीकृष्ण सिंह स्टेडियम सं रन फॉर यूनिटी आ एकता रैली निकाललनि। रैली कें हरियर झंडी देखा कए विदा कयल गेल। ई शहरक मुख्य सड़क सभ सं होइत फेर स्टेडियम पहुंचल। एहि मे जिला पुलिस बलक जवान आ अधिकारीसभक संग स्कूलक बच्चा आ आम लोक हिस्सा लेलनि। ओ सभ सरदार पटेलक एकता आ अखंडताक संदेश देनिहार नारा लगौलनि। 'एक देश, एक राष्ट्र' केर नारो लगाओल गेल। कार्यक्रम मे एसपी कहलनि जे सरदार पटेल देशक पहिल उप प्रधानमंत्री छलाह। हुनकर जयंती एकता दिवसक रूप मे मनाओल जाइत अछि। एहि अवसर पर एकता यात्रा निकालल गेल।

एसपी कहलनि जे ई दिन संकल्प लेबाक अछि। रैली राष्ट्रक अखंडता आ सुरक्षाक संदेश दैत अछि। ओ नक्सलवाद, आतंकवाद आ नशाक विरुद्ध एकजुट होयबाक अपील कयलनि। स्कूली बच्चा सभ सं ओ कहलनि जे युवा देशक भविष्य छथि आ हुनका नशा सं दूर रहि देश कें मजबूत बनयबाक चाही। डीएम कहलनि जे सरदार पटेलक प्रयास सं अखंड भारत बनल। हुनकर योगदान कें बिसरल नहि जा सकैत अछि।

इंदिरा गांधीक पुण्यतिथि पर राजेंद्र आश्रम मे श्रद्धांजलि सभा, कांग्रेस नेता सभ नमन कए कएलनि स्मरण

कहलनि- 'आयरन लेडी'क सर्वोच्च बलिदान अमर रहत

नालंदा, संवाददाता

देशक पूर्व प्रधानमंत्री आ 'आयरन लेडी' इंदिरा गांधीजीक पुण्यतिथि नालंदा जिला कांग्रेस कमिटीक दिस सं श्रद्धा आ सम्मानक संग मनाओल गेल। स्थानीय राजेंद्र आश्रम स्थित जिला कांग्रेस कार्यालय मे शनिदिन आयोजित श्रद्धांजलि सभा मे पार्टीक पैघ संख्या मे पदाधिकारी आ कार्यकर्ता जुटलाह।

कार्यक्रमक अध्यक्षता कांग्रेसक वरिष्ठ नेता नंदू पासवान कयलनि। उपस्थित नेता सभ इंदिरा गांधीजीक चित्र पर माल्यार्पण आ पुष्पांजलि अर्पित कए देशक नव निर्माण मे हुनकर योगदान कें याद कयलनि आ हुनका देखाओल बाट पर चलबाक संकल्प दोहरौलनि।

सभाक अध्यक्षता कए रहल नंदू पासवान अपन संबोधन मे कहलनि जे इंदिरा गांधी मात्र



एकटा राजनीतिज्ञ नहि, बल्कि अदम्य साहस आ दृढ़ संकल्पक प्रतिमूर्ति छलीह। ओ विषम परिस्थिति मे सेहो देशक एकता, संप्रभुता आ अखंडता सं कहियो समझौता नहि कयलनि।

ओ कहलनि जे इंदिरा गांधीजीक साहसिक निर्णय आ राष्ट्रक प्रति हुनकर निस्वार्थ समर्पण आइयो प्रत्येक भारतीय आ ऐतिहासिक कदम उठा गरीब, शोषित, किसान आ आम जनताक अधिकार कें मजबूती प्रदान कयलनि।

इंजीनियर टीपू कहलनि जे आइ के समय मे हुनकर संघर्ष, आर्थिक दूरदर्शिता आ जनहितकारी विचार कें जन-जन धरि पहुंचेनाइए हुनका लेल सच्चा श्रद्धांजलि होयत।

वरिष्ठ नेता जमील अशरफ जमाली कहलनि जे इंदिरा गांधीजीक सर्वोच्च बलिदान आ देशक प्रति निष्ठा इतिहासक पन्ना मे स्वर्णाक्षर मे दर्ज अछि। ओ देशक एकता लेल अपन प्राणक आहुति देलनि।

आइ जखन सामाजिक सौहार्द चुनौतीक सामना कए रहल अछि, तखन हुनकर आदर्श अपना कए देश मे आपसी भाईचारा आ शांति मजबूत करब हम सभक प्राथमिक जिम्मेदारी अछि।

विशेष रूप सं कांग्रेस कार्यकर्ता सभ लेल मार्गदर्शक आ प्रेरणास्रोत बनल अछि।

अपन विचार व्यक्त करैत इंजीनियर टीपू कहलनि जे पूर्व प्रधानमंत्री भारत कें अंतरराष्ट्रीय स्तर पर एकटा सशक्त आ आत्मनिर्भर राष्ट्रक रूप मे स्थापित कयलनि। ओ हरित क्रांति आ बैंकक राष्ट्रीयकरण जेकां

सुपौल मे छठि घाट सभ पर तैनात रहत गोताखोर



सुपौल, समदिया

सुपौल मे छठि पर्वक तैयारी कें लए शुक्रदिन सांझ डीएम साओन कुमार समीक्षा बैठक कयलनि।

ओ जिलाक छह नगर निकाय आ प्रखंडक छठि घाट सभ पर सफाइ, रोशनी आ सुरक्षा व्यवस्था पूरा करबाक निर्देश देलनि।

डीएम नगर निकायक घाट सभ पर विशेष सफाइ अभियान चलेबाक लेल कहलनि। घाट सं गाद आ कचरा हटेबाक, ब्लीचिंग पाउडर आ चूनाक छिड़काव करबाक तथा घाट धरि पहुंचबाक रास्ताक मरम्मत करबाक निर्देश देलनि। श्रद्धालुसभक सुविधाक लेल पर्याप्त रोशनी आ महिला व्रतीसभक लेल चेंजिंग रूम बनेबाक निर्देश सेहो देलनि।

जिलाक प्रखंडसभक घाट पर सेहो सफाइ, रोशनी आ सुरक्षाक व्यवस्था करबाक निर्देश देल गेल। घाट धरि जाय बला रास्ता ठीक करबाक आ खतरनाक स्थान सभ पर बैरिकेडिंग करबाक लेल कहल गेल।

डीएम सभ अनुमंडल पदाधिकारी सभ कें अपन-अपन क्षेत्रक घाटसभक निरीक्षण करबाक निर्देश देलनि।

ओ घाट सभ पर पर्याप्त संख्या मे गोताखोर तैनात करबाक आ संवेदनशील तथा खतरनाक घाटसभक पहचान कए ओतय अतिरिक्त सुरक्षा व्यवस्था करबाक निर्देश देलनि।

विविध

प्रदूषण सं बढ़ि सकैत अछि ब्रेन स्ट्रोकक खतरा डॉक्टर बतौलनि लक्षण आ बचावक उपाय

दिल्ली-एनसीआर मे वायु प्रदूषणक बढ़ैत स्तर लोकनिक चिंता बढ़ा देने अछि। एहि समय खांसी, जुकाम आ एलर्जी संबंधी समस्या लोक सभ कें परेशान कए रहल अछि। लोक एंटीबायोटिक दवाइ लए रहल छथि, मुदा एकर बेसी सेवन शरीर लेल नीक नहि होइत अछि। दरअसल, अधिकांश लोक बुझैत छथि जे प्रदूषण सं मात्र फेफड़ा प्रभावित होइत अछि। मुदा की अहां जनैत छी जे प्रदूषण आ ब्रेन स्ट्रोकक बीचो संबंध अछि? डॉ. खुशबू गोयल (कंसल्टेंट एवं प्रमुख, स्ट्रोक केयर प्रोग्राम आ न्यूरोलॉजी, मणिपाल हॉस्पिटल, दिल्ली) बतबैत छथि जे वायु प्रदूषणक कारण स्ट्रोकक खतरो बढ़ि सकैत अछि। हवा मे मौजूद अत्यंत बारीक कण, खास कए पीएम 2.5, सांसक माध्यम सं फेफड़ाक गहींर भाग धरि पहुंचि सकैत अछि आ रक्त प्रवाह मे शामिल भए सकैत अछि। एहि कारण दिमाग पर की खतरा उत्पन्न होइत अछि आ एहि सं बचाव कोना कयल जा सकैत अछि, से जानब जरूरी अछि। ओतहि, किछु अत्यंत छोट कण नाकक माध्यम सं मस्तिष्क



धरि सेहो पहुंचि सकैत अछि। ई प्रदूषक शरीर मे सूजन आ ऑक्सीडेटिव स्ट्रेस उत्पन्न कए सकैत अछि। एहि कारण मस्तिष्कक सुरक्षा करय बला ब्लड-ब्रेन बैरियर आ मस्तिष्क धरि रक्त पहुंचाबय बला रक्त वाहिकाक भीतरी परत प्रभावित भए सकैत अछि।

प्रदूषणक कारण रक्त वाहिका मे संकुचन आ ब्लड प्रेशर मे उतार-चढ़ाव सेहो स्ट्रोकक खतरा बढ़ा सकैत अछि। एहि कारण इस्केमिक स्ट्रोक (रक्त प्रवाह रुकि जेबाक कारण होमय बला स्ट्रोक) आ हेमरेजिक स्ट्रोक (मस्तिष्क मे रक्तस्राव होयबाक कारण होमय बला स्ट्रोक), दुनूक खतरा बढ़ि सकैत अछि।

ब्रेन स्ट्रोकक प्रमुख लक्षण

शरीरक एक दिस अनचोके कमजोरी वा सुन्नपन महसूस होयब। बाजय वा दोसरक बात बुझय मे परेशानी होयब। चेहराक एक दिस लटकि जायब। शरीरक संतुलन बिगड़ब वा अंगसभक बीच तालमेल मे अनचोके कमी आबि जायब। बिना कोनो स्पष्ट कारण अनचोके तेज माथदर्द होयब। एहि मे सं कोनो एकटा लक्षण देखाइ देला पर तुरंत चिकित्सकीय सहायता लेबाक चाही। स्ट्रोकक मामिला मे समय पर उपचार भेटब अत्यंत जरूरी अछि।

प्रदूषण सं बचावक उपाय

खराब वायु गुणवत्ता बला समय मे प्रदूषणक संपर्क मे आबय सं बचबाक चाही। घरक भीतर हवा कें स्वच्छ रखबाक लेल एयर प्यूरीफायर वा उपयुक्त एयर फिल्ट्रेशन सिस्टमक उपयोग कयल जा सकैत अछि। धूम्रपान सं दूरी बनौने राखू।

सोना-चानी किननिहार लोकनिक लागल लॉटरी साल भरिक न्यूनतम स्तर पर पहुंचल दाम

कमोडिटी बाजार मे अनचोके भारी बिकवाली भेल, जाहि सं सोना-चांदीक दाम पिछला 12 महीनाक सब सं निचला स्तर पर पहुंचि गेल। एक्के झटका मे चांदी 10 हजार रुपैया सं बेसी सस्ती भए गेल। ओतहि सोनाक भाव मे सेहो 4000 रुपैया सं बेसीक पैघ गिरावट देखल गेल अछि। बहुत दिन सं कीमत मे नरमीक प्रतीक्षा कए रहल आम ग्राहक सभ लेल ई पैघ अवसर सं कम नहि अछि।

शुक्र राति करीब 8 बजे मल्टी कमोडिटी एक्सचेंज यानी एमसीएक्स पर अनचोके हलचल तेज भए गेल। देखैत-देखैत दिसंबर फ्यूचर बला चांदी करीब 5 प्रतिशत यानी 10 हजार रुपैया टूटि गेल। एहि पैघ गिरावटक बाद चांदी 1,78,900 रुपैया सं 1.79 लाख रुपैया प्रति किलो स्तर पर आबि गेल। सोनाक स्थिति सेहो किछु एहेन रहल। एमसीएक्स पर सोना 3 प्रतिशत यानी करीब 4200 रुपैया खसि कए 1,38,250 सं 1,38,400 रुपैया प्रति 10 ग्रामक दायरा मे आबि गेल। पिछला एक वर्ष मे ई दुनू कीमती धातुक सब सं निचला स्तर अछि। मात्र भारतहि नहि, विदेशी बाजार मे सेहो सोना-चांदीक चमक फीका पड़ि गेल अछि। अंतरराष्ट्रीय बाजार मे सोना 3.3 प्रतिशत सं बेसी खसि गेल। ई 3,900 डॉलरक महत्वपूर्ण स्तर तोड़ैत 3,880 डॉलर प्रति औंसक सालक सब सं निचला स्तर पर पहुंचि गेल। पिछला साल अक्टूबरक बाद पहिल बेर सोना एहि भाव पर पहुंचल अछि। कारोबारक दौरान एक समय सोना 2.79 प्रतिशत खसि कए 3,921.32 डॉलर पर सेहो देखल गेल।



ओतहि विदेशी बाजार मे चांदी 5.12 प्रतिशत टूटि कए 49 सं 49.70 डॉलर प्रति औंसक निचला स्तर पर आबि गेल अछि। चार्ट पर देखाइत रुझान बतबैत अछि जे 28 अक्टूबर 2025 कें 3,886 डॉलर बला महत्वपूर्ण सपोर्ट लेवल टूटलाक बाद कीमत मे एखन आओर गिरावट आबि सकैत अछि।

इंडिया बुलियन एंड ज्वैलर्स एसोसिएशन यानी आईबीजेए की वेबसाइट पर सेहो नव दर अपडेट भए गेल अछि। एतय 24 कैरेट शुद्ध सोनाक 10 ग्रामक भाव आब 1.40 लाख रुपैया भए गेल अछि। जं अहां गहना बनबय लेल 22 कैरेट सोना किनय चाहैत छी, तं एकर भाव 1.28 लाख रुपैया प्रति 10 ग्राम भए गेल अछि। ओतहि 18 कैरेट सोनाक कीमत घटि कए 1 लाख 5 हजार रुपैया प्रति 10 ग्राम रहि गेल अछि। दोसर दिस आईबीजेए पर 999 शुद्धता बला चांदीक भाव 1,81,344 रुपैया प्रति किलो दर्ज कयल गेल अछि।

बाजारक जानकारसभक मानब अछि जे राति मे अनचोके आयल ई गिरावट पैघ मुनाफावसूलीक परिणाम अछि। मुदा एकर पाछू अमेरिका सं आयल आर्थिक आंकड़ो महत्वपूर्ण कारण अछि। अमेरिकाक जीडीपीक आंकड़ा अनुमान सं बहुत नीक रहल अछि। एकर अतिरिक्त ओतय महंगाइ एखनहुं बनल अछि। कच्चा तेलक बेसी कीमत, मजबूत होइत अमेरिकी डॉलर आ बढ़ैत अमेरिकी ट्रेजरी यील्ड सेहो सोनापर दबाव बनौने अछि।

अमेरिकी फेडरल रिजर्वक तीन मे सं दू अधिकारी ब्याज दर मे आओर सख्ती करबाक बात कहलनि अछि, जखनकि तीनू अधिकारी धीरे-धीरे कदम उठेबाक पक्ष मे छथि। बेसी ब्याज दर रहबाक आशंका सं निवेशकसभक खतरा लेबाक सोच बदलि गेल अछि।

अमेरिकी मध्यावधि चुनाव मे ट्रंपक पार्टीक प्रदर्शनक भारत पर की असरि पड़त?







नई दिल्ली, एजेंसी

अमेरिका मे मध्यावधि चुनाव लेल 3 नवंबर कें मतदान होयत। चुनावक परिणाम 4 नवंबरक भोर सं आबय लागत। एहि चुनाव पर पूरा दुनियां, खास कए भारतक नजरि टिकल अछि। कारण, एहि चुनाव मे राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंपक लोकप्रियताक संग अमेरिकी संसद पर हुनकर पार्टीक नियंत्रणक सेहो परीक्षा होयत। अमेरिकी संसदक निचला सदन प्रतिनिधि सभा (हाउस ऑफ रिप्रेजेंटेटिव्स) केर 435 आ ऊपरी सदन सीनेटक 35 सीट पर मतदान होयत। एखन दुनू सदन मे ट्रंपक रिपब्लिकन पार्टीक बहुमत अछि। डेमोक्रेटिक पार्टी कें दुनू सदन पर नियंत्रण हासिल करबाक लेल चारि-चारि सीट पर अतिरिक्त बढ़त बनेबाक जरूरत अछि। जं रिपब्लिकन पार्टी दुनू सदन मे बहुमत गमा दैत अछि तं ट्रंप लेल अपन नीति सं जुड़ल प्रस्ताव पारित करायब कठिन भए सकैत अछि।

की होइत अछि मध्यावधि चुनाव? : अमेरिकी राष्ट्रपति चारि वर्ष लेल चुनल जाइत छथि। एहि कार्यकालक बीच मे होमयबला चुनाव कें मध्यावधि चुनाव कहल जाइत अछि। अमेरिकी संसदक दू सदन अछि - प्रतिनिधि सभा आ सीनेट। संघीय कानून बनायब आ पारित करब संसदक प्रमुख काज अछि। प्रतिनिधि सभाक सभ 435 सदस्यक चुनाव होयत। एहि सदनक सदस्यक कार्यकाल दू वर्षक होइत अछि। एखन 219 सीट रिपब्लिकन आ 214 सीट डेमोक्रेटिक पार्टीक कब्जा मे अछि, जखन कि दू सीट खाली अछि। ओतहि सीनेट केर 100 मे 35 सीट पर मतदान होयत। सीनेटरक कार्यकाल छह वर्षक होइत अछि। एखन सीनेट मे रिपब्लिकनक 53, डेमोक्रेटक 45 आ दू निर्दलीय सदस्य छथि। निर्दलीय सदस्य डेमोक्रेटिक पार्टीक समर्थन करैत छथि। एहि चुनाव मे कैलिफोर्निया, फ्लोरिडा, जॉर्जिया आ मिशिगन सहित कतेको राज्य मे गवर्नरक चुनाव सेहो होयत।

अमेरिका मे मध्यावधि चुनाव लेल 3 नवंबर कें मतदान होयत

ट्रंपक लोकप्रियताक परीक्षा : हालक जनमत सर्वेक्षण ट्रंप लेल चिंताजनक संकेत दैत अछि। पोलिंग वेबसाइट सिल्वर बुलेटिनक अनुसार, ट्रंप दोसर कार्यकालक शुरूआत 50 प्रतिशत सं बेसी समर्थनक संग कयने छलाह। मुदा अक्टूबरक शुरूआत धरि हुनकर लोकप्रियता घटि लगभग 37 प्रतिशत रहि गेल। एहि दौरान 61 प्रतिशत लोक हुनका नापसंद करबाक बात कहने छलाह। हालांकि, सभ सीट पर सीधा मोकाबला नहि अछि। सीबीएस न्यूज आयोवा आ न्यू हैंपशायर सहित कतेको राज्यक सीनेट सीट आ एरिजोना आ ओहायो सहित कतेको प्रतिनिधि सभा सीट पर कड़ा मोकाबलाक संभावना जतेने अछि।

रिपब्लिकनक कमजोर प्रदर्शनक भारत पर असर : एहि चुनावक परिणाम भारत-अमेरिका संबंध पर सेहो असरि दए सकैत अछि। भारत कें अमेरिका मे रिपब्लिकन आ डेमोक्रेट दुनू दलक समर्थन भेटैत रहल अछि। मुदा भारतक कतेको महत्वपूर्ण समझौता रिपब्लिकन राष्ट्रपति सभक कार्यकाल मे भेल अछि। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आ ट्रंपक संबंध सेहो पहिने नीक रहल अछि। ट्रंपक पहिल कार्यकाल मे प्रधानमंत्री मोदी हुनका भारतक पैघ मित्र कहने छलाह। मुदा ट्रंपक दोसर कार्यकाल मे द्विपक्षीय संबंध मे कतेको बेर तनाव देखल गेल अछि। खास कए व्यापार, शुल्क, एच-1बी वीजा आ रूस सं तेल खरीदबाक मुद्दा पर दुनू देशक बीच मतभेद उभरल अछि। भारत सरकार आब अमेरिकी नीतिक जवाब देबाक अपन तरीका मे सेहो बदलाव कयने अछि। विदेश मंत्री डॉ. एस. जयशंकर सितंबर 2026 मे न्यूयॉर्कक एशिया सोसाइटीक कार्यक्रम मे आतंकवाद आ व्यापार नीतिक मुद्दा पर ट्रंप प्रशासनक आलोचना कयने छलाह। हुनकर कहब छल जे जं सहयोगी देश भारतक चिंता नहि बुझत तं एकर असरि द्विपक्षीय संबंध पर पड़त।

व्यापार शुल्क पर टकराव : ट्रंपक दोसर कार्यकाल मे भारत-अमेरिका संबंध मे व्यापार शुल्क (टैरिफ) सभ सं पैघ विवाद बनल अछि। ट्रंप प्रशासन भारतक आयात शुल्कक आलोचना करैत भारत कें टैरिफ किंग धरि यकहि देने अछि। जवाबी शुल्कक नाम पर अमेरिका भारतीय इस्पात, एल्युमिनियम, कपड़ा आ आभूषण सहित कतेको उत्पाद पर भारी शुल्क लगा देने अछि। संगहि, भारतीय सामान कें भेटयवला सामान्यीकृत तरजीही व्यवस्था (जीएसपी) के अंतर्गत विशेष छूट सेहो समाप्त कय देलक। अमेरिकी विदेश मंत्री मार्को रुबियो हालहि मुंबई अयलाह। ओ दिल्ली नहि गेलाह। हुनकर दौरा मुख्य रूप सं व्यापार पर केंद्रित रहल। द इंडियन एक्सप्रेस कें देल साक्षात्कार मे रुबियो कहलनि जे शुल्क भारत कें दंडित करबाक लेल नहि अछि। हुनकर अनुसार, रूस-यूक्रेन युद्ध सेहो अमेरिकी विदेश नीतिक महत्वपूर्ण हिस्सा अछि। मुदा एहि बयानक बादो भारत पर शुल्कक दबाव पूरा तरहें समाप्त नहि भेल अछि।

भारत लेल की बदलत? : जं मध्यावधि चुनाव मे रिपब्लिकन पार्टी दुनू सदन मे बहुमत गमा दैत अछि तं ट्रंप लेल अपन नीति कें संसद सं मंजूरी करायब कठिन भए सकैत अछि। विपक्षी डेमोक्रेट व्यापार, प्रवास आ विदेश नीति सं जुड़ल फैसला पर सवाल उठा सकैत अछि।

एच-1बी वीजा आ रूस सं तेल किनबाक मुद्दा

अमेरिकाक रोजगार बचेबाक नाम पर बनाओल गेल नीतिक असरि भारतीय तकनीकी उद्योग आ अमेरिका मे रहनिहार भारतीय पेशेवर सभ पर पड़ल अछि। एच-1बी वीजाक अधिकांश लाभार्थी भारतीय तकनीकी विशेषज्ञ होइत छथि। आवेदनक कड़ा जांच, अस्वीकृति आ शुल्क बढ़ेबाक प्रस्ताव सं टीसीएस, इन्फोसिस आ विप्रो जेकां भारतीय आइटी कंपनी प्रभावित भेल अछि। अवैध प्रवासी सभक विरुद्ध कारबाइ मे कतेको भारतीय कें वापस पठाओल गेल, जाहि पर भारत मे आलोचना भेल। दोसर महत्वपूर्ण मुद्दा रूस सं तेल किनबाक अछि। भारत अपन ऊर्जा जरूरत आ राष्ट्रीय हित कें ध्यान मे रखैत रूस सं सस्ता क्रूड ऑयल खरीदैत रहल अछि। मुदा अमेरिका एहि पर लगातार दबाव बनबैत रहल अछि। रूस सं ऊर्जा खरीदनिहार देश सभ पर अतिरिक्त शुल्क लगेबाक धमकी सेहो देल गेल अछि।

मुदा एकर अर्थ ई नहि जे भारत कें टैरिफ, एच-1बी वीजा आ रूस सं तेल किनबाक मुद्दा पर तत्काल राहति भेटत। अमेरिकी विदेश नीति आ व्यापार नीति मे राष्ट्रपति प्रशासनक भूमिका महत्वपूर्ण बनल रहैत अछि। एहि लेल भारत लेल चुनाव परिणामक संग-संग अमेरिकी प्रशासनक आगामी नीतिगत रुख पर नजरि रखब सेहो जरूरी होयत।

होर्मुज मे बिछल अछि मृत्युक जाल, 27 भारतीय सवार जहाज मे लागल भीषण आगि

नई दिल्ली, एजेंसी

ईरान आ अमेरिकाक बीच बढ़ैत तनावक बीच होर्मुज जलडमरूमध्य समुद्री जहाज सभक लेल खतरनाक बनैत जा रहल अछि। शुक्रदिन एकटा तेल टैंकर एमटी लूज-1 के इंजन कक्ष मे भीषण आगि लागि गेल, जाहि कारण जहाज चलबाक स्थिति मे नहि रहल। एहि जहाज पर 27 भारतीय चालक दलक सदस्य सवार छलाह। राहतक बात जे सभ कें सुरक्षित बाहर निकालि लेल गेल। केंद्रीय मंत्री सबार्नंद सोनोवाल बतौलनि जे एहि घटना सं पहिने 29 अक्टूबर, बृहस्पति दिन लाइबेरियाक झंडा लागल एकटा जहाज पर मिसाइल हमला भेल छल। ओहि जहाज पर दू भारतीय सवार छलाह। मंत्रीक अनुसार, दुनू जहाज पर सवार कुल 29 भारतीय कें सुरक्षित निकालि लेल गेल अछि। ओ कहलनि जे जहाज प्रबंधन कंपनी सभक संग लगातार संपर्क बनौने स्थिति पर नजरि राखल जा रहल अछि। ब्रिटेनक समुद्री एजेंसी यूकेएमटीओ कें एकटा दोसर जहाजक कप्तान सूचना देलनि जे होर्मुज जलडमरूमध्य मे एकटा जहाज मे आगि लागि गेल अछि। हालांकि, आगिक कारण आ संभावित हताहतक संबंध मे एजेंसी कोनो जानकारी नहि देलक।



ईरानक दावा, बिना अनुमति गुजरि रहल छल जहाज : समुद्री एजेंसीक अनुसार, आगि लागल जहाज ओमानक खासाब शहर सं करीब 9 समुद्री मील (17 किलोमीटर) उत्तर देखल गेल। होर्मुज जलडमरूमध्य वैश्विक तेल आ प्राकृतिक गैस आपूर्तिक अत्यंत महत्वपूर्ण समुद्री मार्ग अछि। पश्चिम एशिया मे फरवरी सं युद्ध शुरू भेलाक बाद ईरान एहि जलमार्ग पर अपन नियंत्रण मजबूत करबाक प्रयास कय रहल अछि। ईरानक आरोप अछि जे किछु जहाज बिना अनुमति एहि रास्ता सं गुजरैत अछि। एहि बीच ईरान दावा कयलक जे होर्मुज सं गुजरि रहल तीनटा तेल टैंकर कें रोकि देल गेल अछि। ओमानक समुद्री सुरक्षा केंद्रक अनुसार, पनामा ध्वज लागल वाणिज्यिक जहाज रिटी पर हमला भेलाक बाद आगि लागि गेल। नौसेना बचाव अभियान चलाकय जहाज पर सवार सभ 25 नाविक कें सुरक्षित निकाललक आ चिकित्सा सहायता उपलब्ध करौलक। ईरानक रिवोल्यूशनरी गाड्र्स (आइआरजीसी) कहलक जे प्रतिबंधित समुद्री मार्ग सं गुजरबाक प्रयास करयवला तीनटा तेल टैंकर कें अलग-अलग घटनाक बाद रोकल गेल। एहि मे दू टैंकर कें होर्मुजक पूर्वी आ पश्चिमी हिस्सा मे रोकल गेल। एहि घटना सं अंतरराष्ट्रीय समुद्री व्यापार आ ऊर्जा आपूर्तिक सुरक्षा पर चिंता बढ़ि गेल अछि।

पोलैंड मे सत्तापलटक चर्चा! संवैधानिक न्यायालयक अध्यक्ष निलंबित

वारसॉ, एजेंसी

पोलैंडक राजधानी वारसॉ मे 30 अक्टूबर 2026 कें सांझ एकटा पैघ संवैधानिक आ राजनीतिक संकट उत्पन्न भए गेल। देशक सर्वोच्च संवैधानिक न्यायाधिकरणक आधिकारिक वेबसाइट पर अनचोके जारी सूचना मे अदालतक शीर्ष नेतृत्व कें निलंबित करबाक घोषणा कयल गेल। एहि घटनाक बाद अदालत परिसर कें पुलिस बैरिकेड लगा कय घेरि लेलक। सड़क पर समर्थक आ प्रदर्शनकारी उतरि अयलाह। ओम्हर सेनेगलक आधिकारिक यात्रापर जा रहल राष्ट्रपति कारोल नौरोकी कें अपन विमान बीच रास्ते सं वारसॉ वापस घुमेबाक आदेश देबय पड़ल। न्यायाधिकरणक आधिकारिक सोशल मीडिया खाता सं एहि घटना कें सत्तापलट कहल गेल अछि।

राष्ट्रपति बीच रस्ता सं वारसॉ घुरलाह



वेबसाइट पर सूचना, वरिष्ठ न्यायाधीशक दावा : 30 अक्टूबर कें स्थानीय समय अनुसार सांझ करीब 6 बजे पोलैंडक संवैधानिक न्यायाधिकरणक वेबसाइट पर एकटा संक्षिप्त सूचना जारी कयल गेल। एहि मे कहल गेल जे न्यायाधिकरणक अध्यक्ष बोगदान स्वेचकोव्स्की आ उपाध्यक्ष बातोलीमी सोहांस्की कें तत्काल प्रभाव सं हुनकर आधिकारिक जिम्मेदारी सं निलंबित कय देल गेल अछि। एहि सूचनाक किछुए देर बाद वेबसाइट बंद भए गेल। न्यायाधिकरणक न्यायाधीश अन्ना कोर्विन-पियोत्रोव्स्का मीडिया समक्ष आबि कहलनि जे कानूनक शासन बहाल करबाक लेल ई निर्णय लेल गेल अछि। हुनकर दावा छलनि जे सभ सं वरिष्ठ न्यायाधीश होयबाक कारण आब ओ न्यायाधिकरणक प्रशासनिक जिम्मेदारी सम्हारि रहल छथि। मुदा न्यायाधिकरणक वर्तमान नेतृत्व आ विपक्षी कंजर्वेटिव पार्टी लॉ एंड जस्टिस (पीआइएस) एहि निलंबन कें पूरा तरहे गैरकानूनी आ असंवैधानिक बतौने अछि।

राष्ट्रपति बीच रस्ता सं घुरलाह, चीन मे राजदूतक इस्तीफा : संवैधानिक संकटक सूचना भेटिते सेनेगलक आधिकारिक यात्रापर जा रहल पोलैंडक राष्ट्रपति कारोल नौरोकी अपन विमान कें बीच रास्ते सं वारसॉ घुमेबाक आदेश देलनि। सोशल मीडिया मंच एक्स पर ओ लिखलनि जे एहन समय मे राष्ट्रपतिक पोलैंड मे रहब जरूरी अछि। हम सेनेगल यात्रा बीचहि मे समाप्त कय तुरंत वापस घुरि रहल छी। शनि भोर राष्ट्रपति कार्यालयक मुख्य सचिव पावेल शेफरनेकर पुष्टि कयलनि जे राष्ट्रपति नौरोकी सुप्रीम कोर्टक प्रथम अध्यक्ष जबिग्निव कपिंस्कीक संग संवैधानिक न्यायाधिकरणक भवन मे प्रवेश कय चुकल छथि। एहि घटनाक विरोध मे चीन मे पोलैंडक राजदूत याकुब कुमोच अपन पद सं इस्तीफा द' देलनि। हालांकि, अमेरिका मे जी-20 शिखर सम्मेलन मे शामिल पोलैंडक विदेश मंत्री रादोस्लाव सिकोरस्की सोशल मीडिया पर कड़ा प्रतिक्रिया देलनि। ओ लिखलनि जे अहांक मिशनक एहि तरहक गैर-पेशेवर अंत स्वीकार्य नहि अछि। आब अहां गणराज्यक प्रतिनिधित्व नहि करैत छी। एहि घटनाक्रमक बाद पोलैंड मे संवैधानिक अधिकार, न्यायपालिकाक स्वतंत्रता आ राजनीतिक टकराव कें लए कय गंभीर बहस शुरू भए' गेल अछि।

पंजाब मे केजरीवालक पहिल सूची मे पुरने चेहरापर भरोस

चंडीगढ़, एजेंसी

अरविंद केजरीवालक आम आदमी पार्टी (आप) 2027 मे होमयबला पंजाब विधानसभा चुनावक तैयारी एखनहि शुरू कए देने अछि। चुनाव सं कतेको मास पहिने 40 उम्मीदवारक पहिल सूची जारी कए पार्टी राजनीतिक दल सभ कें चौंका देने अछि। सूची मे पार्टी बेसीतर पुरने चेहरापर फेर भरोसा जतौने अछि। मुदा किछु सीट पर उपचुनाव मे भेटल जीत उम्मीदवार चयनक महत्वपूर्ण आधार बनल अछि। तरनतारन, चब्बेवाल आ लुधियाना पश्चिम - एहि तीनू सीट पर पार्टी उपचुनाव जीतनिहार उम्मीदवार कें फेर मैदान मे उतारबाक निर्णय लेने अछि।



लुधियाना पश्चिम सीट

2022 के विधानसभा चुनाव मे आप उम्मीदवार गुरप्रीत बस्सी गोगी कांग्रेसक भारत भूषण आशु कें 7,512 वोट सं हरौने छलाह। जनवरी 2025 मे गोगीक निधनक बाद सीट खाली भेल। उपचुनाव मे आप संजीव अरोड़ा कें उम्मीदवार बनौलक। जून 2025 मे ओ 10,637 वोट सं जीत हासिल कयलनि। हुनका भगवंत मान मंत्रिमंडल मे मंत्री बनाओल गेल। मुदा 9 मई 2026 कें प्रवर्तन निदेशालय (ईडी) हुनका गिरफ्तार क' लेलक। ईडीक आरोप अछि जे हुनकर कंपनी हैमटन स्काई रियलिटी लिमिटेड सं जुड़ल मामिला मे 100 करोड़ रुपैया सं बेसीक फर्जी जीएसटी बिल आ मोबाइल फोनक फर्जी खरीद-बिक्री भेल अछि। एखन ओ जेल मे छथि, तथापि पार्टी हुनका फेर टिकट देने अछि।

मुदा उपचुनावक जीतक अछि खास पेंच!

तरनतारन आ चब्बेवाल सीट

तरनतारन सं 2022 मे आपक विधायक डॉ. कश्मीर सिंह सोहल चुनल गेल छलाह। 27 जून 2025 कें हुनकर निधनक बाद उपचुनाव भेल। नवंबर 2025 मे पार्टी हरमीत सिंह संधू कें उम्मीदवार बनौलक आ ओ जीतलाह। आब 2027 चुनाव लेल पार्टी फेर हुनका पर भरोसा जतौने अछि। चब्बेवाल सीट पर 2022 मे कांग्रेसक राज कुमार चब्बेवाल आप उम्मीदवार हरमिंदर सिंह संधू कें 7,646 वोट सं हरौने छलाह। 15 मार्च 2024 कें राज कुमार कांग्रेस छोड़ि आप मे शामिल भए' गेलाह आ विधायक पद सं इस्तीफा देलनि। उपचुनाव मे आप हुनकर पुत्र डॉ. इशांक कुमार कें टिकट देलक आ ओ जीतलाह। आब पार्टी फेर हुनका उम्मीदवार बनौने अछि। ओम्हर हरमिंदर सिंह संधू जनवरी 2026 मे आप छोड़ि शिरोमणि अकाली दल मे शामिल भए गेलाह।

मुख्यमंत्री मान सहित 40 पुरने चेहरापर भरोसा

पार्टीक सूची मे मुख्यमंत्री भगवंत मान सहित 40 पुरने उम्मीदवार कें फेर मौका देल गेल अछि। मान अपन सुरक्षित धुरी विधानसभा सीट सं चुनाव लड़ताह। विधानसभा अध्यक्ष कुलतार सिंह संधवां (कोटकपूरा), मंत्री कुलदीप सिंह धालीवाल (अजनाला), ब्रह्म शंकर जिंपा (होशियारपुर), बलकार सिंह (करतारपुर) आ अमनशेर सिंह शेरी कलसी (बटाला) सेहो सूची मे शामिल छथि। पार्टीक एहि रणनीति सं संकेत भेटैत अछि जे ओ संभावित सत्ता विरोधी लहरि कें ध्यान मे रखैत उम्मीदवार चयन मे जोखिम नहि उठय चाहैत अछि। पहिने सूची जारी करबाक उद्देश्य उम्मीदवार सभ कें क्षेत्र मे प्रचार आ जनसंपर्क लेल पर्याप्त समय देब सेहो मानल जा रहल अछि। आब देखबाक अछि जे टिकट वितरण सं पार्टीक भीतर असंतोष उभरैत अछि अथवा ई रणनीति 2027 मे फेर सत्ता हासिल करबाक बाट खोलैत अछि।

मुख्यमंत्री उमर अब्दुल्ला पत्रकार निधि राजदान संग कयलनि दोसर विवाह

श्रीनगर, समदिया

जम्मू-कश्मीरक मुख्यमंत्री उमर अब्दुल्ला पत्रकार निधि राजदान संग निजी समारोह मे निकाह कए लेलनि। उमर अब्दुल्ला सोशल मीडिया मंच एक्स पर विवाहक किछु सुंदर तस्वीर साझा कए एहि बातक जानकारी देलनि। ओ औंठी पहिरने निधि राजदान कें टैग करैत लिखलनि जे काल्हि एकटा नव यात्राक शुरूआत भेल। जम्मू-कश्मीरक मुख्यमंत्री आ भारतीय राजनीति मे चर्चित चेहरा उमर अब्दुल्लाक ई दोसर विवाह अछि। एकर पहिने हुनकर पहिल पत्नी पायल नाथ संग तलाक भए' गेल छलनि। दुनू बहुत दिन सं अलग रहैत छलाह। आब उमर अब्दुल्ला पत्रकार निधि राजदान संग वैवाहिक जीवनक नव शुरूआत कयलनि। निधि राजदानक लेल सेहो ई दोसर विवाह अछि। एकर पहिने हुनकर विवाह पत्रकार नीलेश मिश्रा संग भेल छलनि, मुदा ई संबंध बेसी दिन नहि चलल। तलाकक बाद ओ अपन पत्रकारिताक काज पर ध्यान देलनि।



उमर अब्दुल्ला आ निधिक ई दोसर विवाह अछि

पायल नाथ संग 1994 मे भेल छल विवाह : उमर अब्दुल्लाक पहिल विवाह पायल नाथ संग 1994 मे भेल छलनि। एहि विवाह सं हुनका दू पुत्र जाहिर अब्दुल्ला आ जमीर अब्दुल्ला छथि। सक्रिय राजनीति मे उमर अब्दुल्लाक प्रवेशक बाद दुनूक संबंध मे तनाव आबय लागल। 2009 सं दुनू अलग रहय लगलाह। वर्षो धरि चलल कानूनी विवादक बाद सुप्रीम कोर्ट उमर अब्दुल्ला आ पायल कें आपसी सहमति सं तलाक लेबाक अनुमति देलक।

के छथि निधि राजदान? : निधि राजदान भारतीय पत्रकारिताक जानल-पहिचानल नाम छथि। हुनकर मूल परिवार कश्मीरी पंडित अछि। हुनकर पिता कृष्ण राजदान सेहो पत्रकार रहि चुकल छथि। दिल्लीक लेडी श्रीराम कॉलेज सं स्नातक केलाक बाद ओ भारतीय जनसंचार संस्थान (आइआइएमसी) सं पत्रकारिताक पढ़ाइ पूरा कयलनि। एकर बाद ओ एनडीटीवी (ठउळश्) मे जुड़लीह आ लगातार 21 वर्ष धरि ओतय काज कयलनि। एहि बीच वर्ष 2005 मे निधि पत्रकार नीलेश मिश्रा संग पहिल विवाह कयलनि। मुदा दुनूक वैवाहिक संबंध बेसी दिन नहि चलल आ 2007 मे तलाक भए गेल। वर्ष 2020 मे निधि ई कहैत एनडीटीवी सं इस्तीफा देलनि जे हुनका हार्वर्ड विश्वविद्यालय मे नौकरीक प्रस्ताव भेटल अछि। हालांकि, किछुए मास बाद ओ खुलासा कयलनि जे ओ साइबर ठगीक शिकार भए गेल रहथि।

ढाका टेस्ट : चेज-वार्रिकानक शानदार गेंदबाजी

ब्रैंडन किंगक अर्धशतक, वेस्टइंडीज बांग्लादेश कें 8 विकेट सं हरौलक



वेस्टइंडीज शानदार प्रदर्शन करैत बांग्लादेश कें पहिल टेस्ट मैच मे 8 विकेट सं हरा देलक। शेर-ए-बांग्ला नेशनल स्टेडियम मे बांग्लादेश सं भेटल 170 रनक लक्ष्य वेस्टइंडीज मात्र 2 विकेट गमा कए हासिल कए लेलक। दोसर पारी मे वेस्टइंडीजक शुरूआत नीक रहल। ब्रैंडन किंग आ जॉन कैंपबेल पहिल विकेट लेल मिलि कए 20.5 ओवर मे 112 रन जोड़लनि। कैंपबेल 55 गेंद मे 49 रन बना कए आउट भेलाह। एकर बाद टैगेनारिन चंद्रपॉल बल्ला सं खास प्रदर्शन नहि कए सकलाह आ मात्र 1 रन बना कए आउट भए गेलाह। मुदा, किंग आ केवम हॉज एकर बाद वेस्टइंडीजक दोसर कोनो विकेट नहि खसय देलनि आ टीम कें लक्ष्य धरि पहुंचा देलनि। ब्रैंडन किंग 115 गेंद मे 81 रन बना कए नाबाद रहलाह।

ओ अपन एहि पारी मे 10 चौका आ एकटा छक्का लगौलनि। ओतहि, हॉज 27 गेंद मे 4 चौका आ एकटा छक्काक मदति सं नाबाद 31 रन बनौलनि। टेस्ट मैचक चारिम दिन दोसर पारी मे बांग्लादेशक पूरा टीम 142 रन बना कए ऑलआउट भए गेल। 79/6 रनक स्कोर सं आगू खेलैत मेजबान टीम 63 रन जोड़ि शेष 4 विकेट गमा देलक। जेकर अली 22 रन बना कए जोमेल वार्रिकानक शिकार भेलाह। हसन महमूद सेहो बल्ला सं खास प्रदर्शन नहि कए सकलाह आ 8 रन बना कए पवेलियन लौटि गेलाह। तैजुल इस्लाम 16 गेंदक सामना कयलाक बाद 8 रन बना कए आउट भेलाह। मुदा, नईम हसन एकटा छोर सं मोर्चा संभारने रहलाह आ शानदार बल्लेबाजी करैत अर्धशतक लगौलनि। नईम 91 गेंदक सामना कए 52 रन बना कए आउट भेलाह।

ओ अपन एहि पारी मे 4 चौका लगौलनि। शोरिफुल इस्लाम 7 रन बना कए नाबाद रहलाह। वेस्टइंडीज दिस सं गेंदबाजी मे कप्तान रोस्टन चेज शानदार प्रदर्शन करैत 15.2 ओवर मे मात्र 36 रन दए 5 विकेट लेलनि। ओतहि, जोमेल वार्रिकान 63 रन दए 4 विकेट झटकलनि। चेज आ वार्रिकान मिलि कए दोसर पारी मे बांग्लादेशक 9 बल्लेबाज कें पवेलियन पठौलनि। वार्रिकान पहिल पारी मे सेहो 5 विकेट लेने छलाह। दुनू पारी मिला कए ओ कुल 9 विकेट झटकलनि, जाहि कारण हुनका 'प्लेयर ऑफ द मैच' चुनल गेलनि। ओतहि, एकटा विकेट शेमार जोसेफ लेलनि। एहि सं पहिने पहिल पारी मे बांग्लादेश 272 रन बनौने छल, जाहि जवाब मे वेस्टइंडीजक टीम 245 रन बना कए ऑलआउट भए गेल छल।

डब्ल्यूटीसी अंक तालिका : वेस्टइंडीजक जीत सं भारत कें लाभ, बांग्लादेश कें भेल नोकसान

वेस्टइंडीज ढाकाक शेर-ए-बांग्ला क्रिकेट स्टेडियम मे खेलल गेल पहिल टेस्ट मैच मे बांग्लादेश कें 8 विकेट सं हरा देलक। वेस्टइंडीजक जीत सं भारतीय टीम कें वर्ल्ड टेस्ट चैंपियनशिप (डब्ल्यूटीसी) केर अंक तालिका मे लाभ पहुंचल अछि। पहिल टेस्ट मे हारक बाद बांग्लादेश आब डब्ल्यूटीसीक अंक तालिका मे पांचम स्थान पर खसि गेल अछि। टीम कें एक स्थानक नोकसान भेल अछि। ओतहि, बांग्लादेश हारलाक बाद भारतीय टीम एक स्थान ऊपर उठि पांचम सं चारिम स्थान पर पहुंचि गेल अछि। भारतक जीत प्रतिशत 51.52 अछि। बांग्लादेशक जीत प्रतिशत आब 47.62 रहि गेल अछि। ओतहि, जीतक बावजूद वेस्टइंडीज आठम स्थान पर बनल अछि। कैरेबियाई टीमक जीत प्रतिशत 26.92 भए गेल अछि। डब्ल्यूटीसीक अंक तालिका मे ऑस्ट्रेलियाक दबदबा कायम अछि। कंगारू टीमक जीत प्रतिशत 75 अछि, जखनकि न्यूजीलैंड 72.22 प्रतिशत जीतक संग तालिका मे दोसर स्थान पर अछि। दक्षिण अफ्रीका 66.67 प्रतिशत जीतक संग तेसर स्थान पर अछि। पहिल टेस्ट मैच मे वेस्टइंडीज बांग्लादेश सं भेटल 170 रनक लक्ष्य मात्र 2 विकेट गमा कए हासिल कए लेलक। टीम दिस सं ब्रैंडन किंग शानदार बल्लेबाजी करैत 115 गेंद मे 81 रनक नाबाद पारी खेललनि, जखनकि जॉन कैंपबेल 49 रनक योगदान देलनि। ओतहि, केवम हॉज 31 रन बना कए नाबाद रहलाह। एहि सं पहिने दोसर पारी मे बांग्लादेशक पूरा टीम मात्र 142 रन बना कए ऑलआउट भए गेल। टीम दिस सं नईम हसन सर्वाधिक 52 रन बनौलनि। ओतहि, वेस्टइंडीज दिस सं गेंदबाजी मे रोस्टन चेज दोसर पारी मे 5 विकेट लेलनि, जखनकि जोमेल वार्रिकान पहिल पारी मे 5 विकेट लेबाक बाद दोसर पारी मे 4 विकेट झटकलनि। एहि सं पहिने पहिल पारी मे बांग्लादेशक टीम 272 रन बना कए ऑलआउट भए गेल छल। जवाब मे वेस्टइंडीज 245 रन बनौने छल। पहिल पारीक आधार पर बांग्लादेश कें 27 रनक बढ़त भेटल छल।

एशियाई हॉकी चैंपियंस ट्रॉफी : जापान कें हरा भारत सेमीफाइनल मे पहुंचल



कप्तान हरमनप्रीत सिंह पेनल्टी कॉर्नर पर गोल कए मैचक रुख भारतक पक्ष मे मोड़ि देलनि। अपन 150म अंतरराष्ट्रीय मैच खेलि रहल अभिषेक 2 गोल दागलनि, जखनकि विष्णु कांत शानदार व्यक्तिगत प्रयास सं एकटा गोल कयलनि। एहि शानदार प्रदर्शनक बदौलत भारतीय पुरुष हॉकी टीम शुक्रदिन जालंधरक ओलंपियन सुरजीत सिंह हॉकी स्टेडियम मे एशियाई हॉकी चैंपियंस ट्रॉफीक मोकाबला मे जापान कें 4-1 सं हरा देलक। एहि जीतक संगहि पिछला एक दशक मे पंजाब मे आयोजित पहिल अंतरराष्ट्रीय हॉकी टूनार्मेंट मे भारत अपन तीनू मैच जीत लेलक अछि आ गत विजेता के रूप मे सेमीफाइनल मे अपन जगह पक्का कए लेलक अछि। अभिषेक (11म, 51म मिनट) 2 गोल कयलनि, जखनकि कप्तान हरमनप्रीत सिंह (47म मिनट) आ विष्णु कांत सिंह (56म मिनट) सेहो गोल दागलनि। जापान दिस सं शोता यामादा (15म मिनट) पेनल्टी स्ट्रोक पर गोल कयलनि। ई अभिषेकक 150म अंतरराष्ट्रीय मैच छल। अपन दू गोलक बदौलत 'प्लेयर ऑफ द मैच' पुरस्कार जीतबाक कारण ई अवसर हुनका लेल आओर खास बनि गेल। एहि सं पहिने भारत अपन टीम मे दूटा पैघ बदलाव कयने छल। विष्णु कांत आ अंगद बीर सिंह कें मौका देल गेल, जखनकि मनदीप सिंह आ नीलाकांता शर्मा कें आराम देल गेल। जापान मैचक शुरूआत 'हाई प्रेस' रणनीति संग कयलक आ शुरूआती समय मे नीक खेल देखेलक। एहि कारण दोसर मिनट मे ओकरा पेनल्टी कॉर्नर भेटल। मुदा, ओकर रणनीति गोल मे नहि बदलि सकल। भारत 11म मिनट मे पहिल गोल कयलक। विवेक सागर प्रसाद सर्कल के बामा दिस सुखजीत सिंह कें गेंद पास कयलनि। सुखजीत तेजी सं मुड़ि गेंद अभिषेक दिस बढ़ौलनि, जाहि कें ओ गोल मे बदलि देलनि। जापान बराबरी करबाक प्रयास कयलक आ आखरी समय मे ओकरा एकटा पेनल्टी कॉर्नर भेटल। पहिल प्रयास विफल रहबाक बाद गोल लाइन पर गेंद संजयक बांहि सं टकरा गेल, जाहि कारण जापान कें पेनल्टी स्ट्रोक देल गेल। यामादा एकरा गोल मे बदलि स्कोर 1-1 कए देलनि। दोसर क्वार्टर मे सेहो जापान अपन दबाव बनौने रखलक आ गेंद पर बेसी नियंत्रण रखलक। ओकर मजबूत रक्षापंक्ति भारत लेल खेलबाक जगह कम कए देने छल। जापानक हारुकी ओचियाई बामा दिस त्सुबासा तनाका कें गेंद पास कयलनि, मुदा गोलकीपर कृष्ण बहादुर पाठक अपन स्थान सं आगू बढ़ि जापानी हमला कें विफल कए देलनि। 24म मिनट मे भारत कें गोल करबाक मौका भेटल, मुदा अंगद बीर सिंहक बैकहैंड शॉट सं गोलकीपर कें कोनो परेशानी नहि भेल। 27म मिनट मे हरमनप्रीत आ अभिषेकक बीच बनल एकटा मूव सेहो बेकार गेल। फाउल कें लए भारतक रेफरल अपील सेहो विफल रहल। हाफ टाइम धरि दुनू टीम 1-1 गोल सं बराबरी पर छल। हाफ टाइमक बाद भारतक खेल नीक देखायल आ टीम बेसी समय धरि गेंद अपन नियंत्रण मे रखलक। 32म मिनट मे सुखजीत कें मौका भेटल, मुदा हुनकर शॉट गोलपोस्टक ऊपर सं बाहर चलि गेल। 36म मिनट मे जापान कें पेनल्टी कॉर्नर भेटल, मुदा कप्तान राइकी फुजीशिमा भारतीय रक्षापंक्ति कें भेदय मे सफल नहि भेलाह। भारत कें सेहो किछु मौका भेटल, जाहि मे शिलानंद लाकड़ाक जोरदार शॉट कें जापानी गोलकीपर बचा लेलनि। 47म मिनट मे भारत बढ़त बना लेलक। हरमनप्रीत दमदार ड्रैग फ्लिकक माध्यम सं पेनल्टी कॉर्नर कें गोल मे बदलि देलनि। टूनार्मेंट मे ई हुनकर पांचम गोल छल आ हुनकर सभ गोल पेनल्टी कॉर्नर सं आयल अछि। 51म मिनट मे एकटा शानदार मूवक माध्यम सं भारत अपन बढ़त आओर बढ़ा लेलक। दिलप्रीत सिंह बामा दिस संजय कें गेंद पास कयलनि आ डिफेंडर गेंद अभिषेक दिस बढ़ौलनि। अभिषेक एकरा गोल मे बदलि देलनि। 56म मिनट मे विष्णु कांत व्यक्तिगत शानदार प्रयास सं टीम लेल चारिम गोल कयलनि। ओ सर्कल बाहर हरमनप्रीतक लंबा एरियल पास कें नियंत्रित कयलनि आ आगू बढ़ैत गेंद कें गोलकीपरक बगल सं गोलपोस्ट मे पहुंचा देलनि। मैचक आखरी समय मे भारत खेल पर अपन नियंत्रण बनौने रखलक आ 4-1 सं जीत पक्का कए लेलक। 'प्लेयर ऑफ द मैच' चुनल गेल अभिषेक कहलनि जे टीमक लक्ष्य आखरी क्वार्टर मे खेल पर अपन नियंत्रण बनौने रखब छल। ओ कहलनि, पिछला क्वार्टर मे हमर सभक रणनीति खेल कें नियंत्रित करबाक आ आगू बढ़ि दबाव बनेबाक छल। एहि तरहे हमरा सभ कें गोल भेटल। हाफ टाइम पर कोच क्रेग फुल्टन हमरा सभ कें जापान पर दबाव बनेबाक लेल कहलनि। हम शुरूआत सं पेनल्टी कॉर्नर हासिल करबाक प्रयास कए रहल छलहुं, मुदा एहि मे समय लागल। जखन हमरा सभ कें पहिल पेनल्टी कॉर्नर भेटल तं हरमनप्रीत पहिलहि प्रयास मे गोल कए देलनि। शुक्रदिन खेलल गेल अन्य मोकाबला मे मलेशिया बांग्लादेश कें 6-1 सं हरा अपन तेसर जीत दर्ज कयलक आ सेमीफाइनल मे जगह पक्का कए लेलक।

सैफ चैंपियनशिप लेल भारतक 28 सदस्यीय टीमक घोषणा



गत विजेता भारत सैफ चैंपियनशिप 2026 लेल 28 सदस्यीय टीमक घोषणा कयलक अछि। ई टूनार्मेंट 5 सं 17 नवंबर धरि बांग्लादेश के ढाका मे आयोजित होयत। नौशाद मूसा कें राष्ट्रीय टीमक मुख्य कोच नियुक्त कयल गेल अछि। मूसा, जे एखन भारतक अंडर-23 पुरुष टीमक कोच छथि, भारतीय टीम कें अपन खिताब बचयबाक अभियान मे मार्गदर्शन देताह। ओतहि, बिबियानो फर्नांडीस कें सहायक कोच बनाओल गेल अछि। फर्नांडीस हालहि अजरबैजान मे आयोजित फीफा अंडर-15 विश्व कप आ फेस्टिवल मे भारतक अंडर-15 पुरुष टीम कें प्रशिक्षण देने छलाह। भारत 2023 मे बेंगलुरु मे खेलल गेल फाइनल मे कुवैत कें हरा पिछला संस्करण जीतने छल।

आब टीम अपन 9 खिताबक रिकॉर्ड कें आगू बढ़बैत 10म बेर चैंपियनशिप जीतबाक इरादा सं मैदान मे उतरत। भारत कें मालदीव आ पाकिस्तानक संग ग्रुप बी मे राखल गेल अछि। टीम अपन अभियानक शुरूआत 5 नवंबर कें पाकिस्तानक विरुद्ध करत आ एकर बाद 11 नवंबर कें मालदीव सं भिड़त। ग्रुप चरणक ई दुनू मैच भारतीय समयानुसार दुपहर 3 बजे शुरू होयत। मेजबान बांग्लादेश कें श्रीलंका आ भूटानक संग ग्रुप ए मे राखल गेल अछि। एहि बीच, ऑल इंडिया फुटबॉल फेडरेशन (एआईएफएफ)क उप महासचिव एम. सत्यनारायण एहि महाद्वीपीय टूनार्मेंट लेल अपन खेलाड़ी सभ कें भेजबाक आ राष्ट्रीय टीमक तैयारी मे सहयोग देबाक लेल क्लब सभ कें धन्यवाद देलनि।

ओ कहलनि, "हम सैफ चैंपियनशिप लेल अपन खेलाड़ी सभ कें भेजबा मे सहयोग आ समर्थन देबाक लेल सभ क्लब कें धन्यवाद देबय चाहैत छी। हम हुनकर समझदारीक सराहना करैत छी जे ओ खेलाड़ी सभ कें देशक प्रतिनिधित्व करबाक अनुमति देलनि। एआईएफएफ ई पुष्टि सेहो कयलक अछि जे 18 खेलाड़ी 3 नवंबर कें कोलकाता सं ढाका लेल विदा हेताह, जखनकि बाकी 10 खेलाड़ी बादक दिन सभ मे टीम संग जुड़ताह। प्रत्येक ग्रुपक शीर्ष दू टीम सेमीफाइनल लेल क्वालीफाई करत। सेमीफाइनल मोकाबला 14 नवंबर कें खेलल जायत। पहिल सेमीफाइनल भारतीय समयानुसार दुपहर 2:30 बजे आ दोसर सेमीफाइनल राति 8 बजे शुरू होयत। फाइनल 17 नवंबर कें सांझ 7:30 बजे खेलल जायत। टूनार्मेंटक सभ मैच ढाकाक नेशनल स्टेडियम मे होयत।

सैफ चैंपियनशिप 2026 लेल भारतक टीम

गोलकीपर : अर्श अनवर शेख, मोहनराज के., प्रियांश दुबे।
डिफेंडर : अब्दुल रबीह, बिजॉय वर्गीस, चिंगलेनसाना सिंह कोनशाम, हमिंगथनमाविया राल्ते, खैमिनथांग लुंगडिम, मुहम्मद उवैस, नाथन रोड्रिग्स, रोनी खारबुडन, संदीप मंडी।
मिडफील्डर : अभिषेक सूर्यवंशी, एडिसन सिंह थोकचोम, ब्रिसन फर्नांडीस, एबिंडास येसुदासन, फारुख चौधरी, मैकर्टन निकसन, मंगलेंथांग किपगेन, निखिल प्रभु, नौफल पीएन, रिकी जॉन शाबोंग, सुरेश सिंह वांगजाम।
फॉरवर्ड : इरफान यदवाड, लिस्टन कोलाको, मुहम्मद सुहैल, विष्णु पीवी, सुहैल अहमद भट।

हांगकांग सिक्सेस : भारतीय टीम लगातार दोसर मैच हारल यूएइ 6 विकेट सं हरौलक



हांगकांग सिक्सेस मे भारतीय टीम कें यूएईक हाथे 6 विकेट सं हारक सामना करय पड़ल। टिन क्वॉग रोड रिक्रिएशन ग्राउंड मे शनिदिन खेलल गेल मोकाबला मे यूएई टॉस जीतकर गेंदबाजी चुनलक। पहिने बल्लेबाजी करय उतरल भारतीय टीम दिस सं टी. नटराजन सर्वाधिक 38 रनक पारी खेललनि। सभ सं आखिरी क्रम मे बल्लेबाजी करय आयल नटराजन 14 गेंद पर 4 छक्का आ 3 चौका लगबैत 38 रन बनौलनि। शीर्ष क्रमक बल्लेबाज सभ मे पारीक शुरूआत करय आयल राहुल त्रिपाठी 7 गेंद पर 3 छक्का आ 1 चौकाक मदति सं 24 रन बनौलनि। कप्तान क्रुणाल पंड्या 8 गेंद पर 15 रन बनौलनि। नितीश राणा 6, राहुल तेवतिया 1 आ शशांक सिंह 1 रन बनौलनि। भारत 6 ओवर मे अपन सभ 6 विकेट गमा कए 94 रन बनौलक। 95 रनक लक्ष्य यूएई मात्र 4.2 ओवर मे हासिल कए लेलक। यूएई बिना कोनो विकेट गमौने 4.2 ओवर मे 97 रन बना कए 6 विकेट सं मैच जीत लेलक। टीमक कप्तान आ विकेटकीपर खालिद शाह 14 गेंद पर 6 छक्का आ 3 चौकाक मदति सं नाबाद 52 रन बनौलनि। ओतहि, अंश टंडन 12 गेंद पर 5 छक्का आ 2 चौकाक मदति सं नाबाद 39 रनक पारी खेललनि। भारत दिस सं सर्वाधिक 38 रन बनाबय बला नटराजन गेंदबाजी मे बहुत महंगा साबित भेलाह। ओ 2 ओवर मे 43 रन खर्च कयलनि। शशांक सिंह 1 ओवर मे 17, नितीश राणा 1 ओवर मे 24 आ कप्तान क्रुणाल पंड्या 2 गेंद पर 12 रन देलनि।



वर्ष 17, अंक 52 **स्वत्वाधिकारी, प्रकाशक एवं संपादक राघवेंद्र** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं **एसएच प्रिंटर्स**, रातु काठीटांड़, नीयर-टेंडर बगीचा, एचपी पेट्रोल पंप, पीओ+पीएस-रातु, रांची, 835222 से मुद्रित। **प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेड:** पंकज मिश्रा, **संपर्क :** 7488117482 (* पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053/2010/33053